

Lekòl Piblik Cambridge yo (Cambridge Public Schools)

2020-2021

Gid osijè Politik pou Elèv ak Fanmi yo

TOUT fòm yo ki nan tiliv Fòm Anyèl pou Elèv yo dwe ranpli epi voye tounen avèk elèv yo ba pwofesè salklas prensipal yo NAN PREMÈ JOU LEKÒL LA.

W ap jenn tradiksyon bibliyasyon sa a ki disponib sou wèbsayt CPS la nan: www.cpsd.us.

Tab dè Matyè

Seksyon	Deskripsyon	Paj #
1	Pwoteksyon Vi Prive Elèv yo	4
2	Dosye Elèv yo.....	5
3	Divilgasyon Enfòmasyon Debaz bay Rekritè Militè, Anplwayè Potansyèl, Kolèj ak Inivèsite	6
4	Avi konsènan Dwa Daprè Lwa sou Dwa ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi yo (FERPA)	6
5	Done Elèv yo ak Aplikasyon Enstriksyon Anliy yo	8
6	Prezans ak Reta	8
7	Timoun ki Mande Asistans (CRA)	10
8	Avi Konsènan Elèv ki Kite Lekòl la	10
9	Abi sou Timoun	10
10	Aksyon pou Swen ak Pwoteksyon yo	11
11	Timoun ki Manke a Lapèl oswa Timoun ki Disparèt	11
12	Transpò	12
13	Tès Estandadize	12
14	Edikasyon osijè Seksyalite	12
15	Kontrent Fizik	12

KÒD KONPÒTMAN YO

16	Entwodiksyon	17
17	Filosofi	17

Politik konsènan Kontòtman ak Disiplin

18	Fimen: Politik Entèdiksyon Taba	18
19	Entèdiksyon Estatitè Kont Dwòg, Zama k Agresyon sou Estaf Lekòl la	18
20	Politik konsènan Dwòg	18
21	Politik konsènan Zam	18
22	Agresyon Estaf la	19
23	Elèv yo Akize oswa Kondane pou yon Zak (Felony)	19
24	Bizitaj	19
25	Vandalism	21
26	Goumen/Agresyon Fizik	21
27	Politik Entèdiksyon Pèsekisyon Ak Plan Prevansyon ak Entèvansyon Kont Pèsekisyon	22
28	Politik Kont Vyolans Ant Menaj Tinedjè.....	28

Pwosedi Disiplinè (Mezi Pwoteksyon Pwosediral)

29	Sispansyon	30
30	Ekspilsyon	31
31	Fouy ak Entewogatwa Elèv yo	31
32	Pwosesis Doleyan Elèv yo	32
33	Patisipasyon nan Aktivite Aprè Lekòl	33

DWA AK PRIVILÈJ YO

34	Non-Diskriminasyon Kont Elèv yo	33
35	Politik ak Pwosedi osijè Aranjman Rezonab	33
36	Avi konsènan Dwa Dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 lan	33
37	Edikasyon Espesyal	34
38	Elèv ki Gen Plan IEPS ak 504 yo	34
39	Aksyon Afimatif/Avi Non-diskriminasyon	36
40	Lyezon Edikasyon Pou Sanzabri yo	37
41	Libète Rasanbleman	37
42	Libète Ekspresyon	37
43	Libète Chak Moun	37
44	Politik Non-Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl	37
45	Maryaj, Gwosès Elèv yo ak Leve Timoun	38
46	Kowòdonatè Tit IX	39

47	Libète Relijyon	39
48	Direktiv pou Sèman Alejans lan	39

POLITIK JENERAL AK DIREKTIV ADMINISTRATIV YO

49	Politik konsènan Izaj Akseptab pou Rezo Enfòmatrik	39
50	Kòd Etik Pou Lojisyèl	42
51	Vizitè Nan Lekòl La	42
52	Pa Kite Motè Machin Yo Limen	42
53	Kazyè Elèv Yo	42
54	Enfòmasyon Nan Dosye Delenkan Kriminèl	43
55	Deplasman Ak Tout Klas La	43
56	Vaksinasyon	44
57	Angajman Fanmi A	44
58	Pwomosyon ak Redoubleman	44
59	Administrasyon Medikaman Preskripsyon epi Jesyon Alèji Ki Kapab Mòtèl	44
60	Politik Osijè Byennèt	44
61	Chòk ak Komosyon Serebral Yo Pran nan Fè Espò	47
62	Politik osijè VIH/SIDA	48
63	Anseye Elèv Yo Konsènan Dwòg, Alkòl, Taba ak Prevansyon Kont Abi Dwòk ak Alkòl	48
64	SBIRT (Evalyasyon, Entèvansyon Kout epi Referans nan Tretman).....	48
65	Evalyasyon Korikolòm.....	49
66	Entèdiksyon Kont Izaj Taba sou Pwopriyete Lekòl la.....	49

Lekòl Piblik Cambridge yo se yon anplwayè ki bay tout moun menm chans egalego epi li angaje li pou ofri tout elèv yo bon kalite pwogram edikasyon. Lekòl Piblik Cambridge yo pa diskrimine sou labaz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, zansèt yon moun, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasman kòm veteran, estate sivil, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oswa eta sante ki gen pou wè ak gwosès nan pwogram ak nan aktivite li to epi li bay menm aksèegalego nan Boy Scouts ak nan lòt gwoup pou lajenès ki deziyen.

FEYÈ APA FÒM ANYÈL POU ELÈV YO DWE RANPLI, SIYEN EPI VOYE TOUNEN

Dènnye Mizajou: Jiyè **2020**

1. Pwoteksyon Vi Prive Elèv yo

CPS eseye asire pwoteksyon vi prive tout elèv yo ki frekante lekòl la yon fason ki konsistan ak lwa federal ak Eta a, ikonpri Lwa Federal osijè Dwa nan Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi yo (Family Educational Rights and Privacy Act) ak règ konsènan dosye elèv Massachusetts yo ansanm ak Politik Pwoteksyon Vi Prive Komite Lekòl Cambridge la. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan kesyon ki gen pou wè ak pwoteksyon vi prive elèv yo, kontakte rektè/direktr lise w lan.

Amanman Poteksyon Dwa Elèv (Protection of Pupil Rights Amendment, PPRa) la, seksyon 1232h nan tit 20 Kòd Etazini, bay paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo sèten dwa konsènan òganizasyon sondaj distri lekòl la, kolèk ak itilizasyon enfòmasyon pou marketing ak sèten egzamen fizik. Sa yo gen ladann dwa pou:

- Konsantman anvan elèv yo bezwen soumèt yon sondaj ki gen pou wè ak youn oswa plizyè nan domèn ki pwoteje sa yo (“sondaj osijè enfòmasyon ki pwoteje”) si se yon pwogram Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education, DE) ki finanse li nèt oswa yon pati ladann: (1) afilyasyon politik oswa kwayans elèv la oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la; (2) pwoblèm mantal oubyen sikolojik elèv la oswa fanmi elèv la; (3) konpòtman oswa atitud seksyèl; (4) konpòtman ilegal, anti-sosyal, oto-akizatawa oswa rabesan; (5) evalyasyon kritik lòt moun repondan sondaj yo gen relasyon fanmi pwòch avèk yo; (6) relasyon privejye lalwa rekonèt, tankou ak avoka, doktè oubyen prèt; (7) pratik relijye, afilyasyon oswa kwayans elèv la oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan; oubyen (8) revni, ki apa sa a lalwa egzije pou deside kalifikasyon nan pwogram la.
- Resevwa avi ak yon opòtinite pou anile enskripsyon yon elèv nan: (1) nenpòt lòt sondaj enfòmasyon ki pwoteje, kèlkeswa finansman an; (2) nenpòt egzamen fizik oswa tès ki pa pou ijans, ki envazif ki nesesè kòm kondisyon pou elèv la kap frekante lekòl la, lekòl la oswa ajan li ap administre, epi ki pa nesesè pou pwoteje sante ak sekirite imedyat yon elèv, eksepte pou tès kapasite pou tandè, pou wè oswa pou skoliòz oubyen

nenpòt egzamen fizik oswa tès ki otorize oubyen ki nesesè dapre lwa Eta a; epi (3) aktivite ki gen ladann kolèk, revelasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo pran nan men elèv yo pou marketing oubyen pou vann oswa sinon pou dsitribye enfòmasyon yo bay lòt moun.

- Enspekte, sou demann ak avan administrasyon oswa itilizasyon: (1) sondaj enfòmasyon pwoteje elèv yo; (2) enstriman yo itilize pou kolekte enfòmasyon pèsònèl nan men elèv pou nenpòt nan objektif marketing, vant oubyen ki anlè yo oubyen pou lòt objektif distribisyon; epi (3) materyo pou enstriksyon yo itilize nan korikolòm edikasyon an.

Dwa sa yo transfere soti nan paran/gadyen/moun k ap bay swen yo rive nan men yon elèv ki gen 18tan oswa yon minè emansipe dapre lwa Eta a.

CPS te adopte politik, an konsiltasyon ak paran/gadyen/moun k ap bay swen yo konsènan dwa sa yo ansanm ak aranjman pou pwoteje lavi prive elèv yo pandan y ap administre sondaj enfòmasyon pwoteje ak kolèk, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou objektif marketing, vant oubyen pou lòt objektif distribisyon. CPS pral notifiye dirèkteman para/gadyen/moun k ap bay swen osijè politik sa yo omwens yon fwa pa ane nan kòmansman chak ane lekòl aprè nenpòt chanjman enpòtan. CPS pral notifiye dirèkteman tou, tankou atravè kourye lapòs U.S. Mail oswa nan yon imèl, paran/gadyen/moun k ap okipe elèv yo ki pwograme pou patisipe nan aktivite espesifik oswa sondaj ki endike anba la a epi CPS pral ofri posibilite pou para/gadyen/moun k ap bay swen pou yo anile enskripsyon pitit yo pou l pa patisipe nan aktivite oswa sondaj espesifik la. CPS pral voye notifikasyon sa a bay paran/gadyen/moun k ap okipe timoun nan kòmansman ane lekòl la, si distri lekòl la te idantifye dat espesifik oswa apwoksativ aktivite oswa sondaj la nan moman sa a. Pou sondaj ak aktivite ki pwograme aprè ane lekòl la kòmansman, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun pral resevwa notifikasyon ann yon delè rezonab osijè aktivite aki planifye yo ak sondaj ki liste anba la a epi yo pral ba yo posibilite pou yo anile enskripsyon pitit yo nan aktivite ak sondaj sa yo. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pral gen tou posibilite pou li nenpòt sondaj ki pètinan. Konfòmman ak Politik Pwoteksyon Vi Prive Elèv yo distri lekòl la, rektè/direktr lise lekòl pitit

ou an pral notifiye w si gen nenpòt aktivite ki bezwen yon preyavi paran / gadyen / moun k ap okipe timoun ak konsantman oubyen anile patisipasyon pandan ane lekòl la. Annapre a, w ap jwenn yon lis aktivite espesifik ak sondaj ki konsènen yo dapre egzijans sa a: (1) kolèk, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou marketing, vant oswa lòt tip distribisyon; (2) administrasyon nenpòt sondaj sou enfòmasyon pwoteje ED pa finanse nèt oswa yon pati ladann, epi (3) egzamen fizik ki pa ijan epi ki envazif oswa tès, jan sa dekri anlè a.

Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki panse dwa yo pa t respekte gendwa pote plent nan:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, S.W.
Washington, D.C. 20202-5920
Telefòn: 800.USA.LEARN (800.872.5327)

2. Dosye Elèv yo

Dapre lalwa Massachusetts, paran/gadyen/moun k ap okipe yon elèv oubyen yon elèv ki antre nan 9yèm klas oubyen ki gen omwens 14zan, gen dwa, si li fè demann pou sa, pou li enspekte dosye elèv la. Parent/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv ki kalifye a ta dwe resevwa dosye elèv la nan dis (10) jou oplita aprè demann la, epi yo gendwa mande pou yon pwofesyonèl kalifye enptèprete dosye a oswa pou rektè/direktè lise a korije li. Anplisdesa, lwa Eta a bay pwosedi espesifik lekòl piblik yo dwe swiv anvan yo kapab bay paran ki pa abite ak timoun lan enfòmasyon ki nan dosye elèv yo. Se pou yo rpezante tout demann yo pou wè dosye yon elèv bay rektè/direktè lise ki nan lekòl elèv la. Anplisdesa, pèsònèl otorize nan yon lekòl kote elèv la ta renmen oswa gen lentansyon transfere gendwa jwenn aksè nan dosye yon elèv san konsantman elèv ki kalifye an epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la epi CPS pral voye dosye elèv la ba lekòl kote yon elèv ap eseye oswa gen lentansyon enskri.

Dosye tanporè yon elèv detwi nan sèt (7) lane oplita aprè yo fin gradye, transfere oswa dezenskri nan Lekòl Piblik Cambridge yo. Nan moman yo elèv gradye, transfere oswa dezenskri nan Lekòl Piblik Cambridge yo, elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral resevwa yon avi alekri konsènan dat

apwoksativ lè yo pral detwi dosye tanporè a. Depatman lekòl la kenbe transkripsyon elèv la epi li pral detwi li na swasante (60) lane aprè li fin gradye, li transfere oswa li anile enskripsyon li nan Lekòl Piblik Cambridge yo.

Lwa sou Dwa ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi yo (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), yon lwa federal, ak lwa Massachusetts sou dosye elèv, egzije pou distri lekòl la, sof pou sèten eksepsyon, kpbab jwenn konsantman alekri w anvan pou yo mete deyò enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman ki nan dosye pitit ou an. Sepandan, CPS gendwa revele “enfòmasyon pou anyè” ki kòrèkteman deziyen, san yo pa bezwen konsantman alekri, eksepte si ou te enfòmè CPS ke ou pa vle konfòmeman ak pwosedi li yo. Objektif prensipal enfòmasyon pou anyè a se pou pèmèt CPS mete tip enfòmasyon sa a li pran nan dosye edikasyon pitit ou an nan sèten piblikasyon lekòl la, tankou nan yon afich-pwogram, ki montre wol pitit ou an nan yon pwodiksyon teyat; yearbook ane a; tablodonè oswa lòt lis rekonpans; pwogram gradyasyon ak feyè aktivite espòtiv.

Enfòmasyon pou anyè a, ki se enfòmasyon anjeneral yo konsidere ki pa danjre ni ki pa reprezante yon vyolasyon vi prive si yo mete yo deyò, gendwa revele tou bay òganizasyon andeyò san konsantman alekri alavans paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan. CPS gendwa mete deyò non elèv la, adrès oswa imèl li bay òganizasyon andeyò ki gen ladann men se pa sa sèlman, konpayi ki fabrike bag pou klas la oubyen ki pibliye yearbooks yo pou objektif espesifik ak limite ki se bay elèv yo fonksyon oswa sèvis enstitisyonèl sa yo. Anplisdesa, de (2) lwa federal egzije pou ajans edikasyon lokal (LEA) k ap resevwa asistans dapre Lwa 1965 sou Edikasyon Primè ak Segondè (Elementary and Secondary Education Act of 1965, ESEA) pou bay rekritè militè, depi yo prezante demann la, twa (3) kategori enfòmasyon pou anyè—non, adrès ak nimewo telefòn—sof si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun te enfòmè LEA yo pa vle pou yo mete deyò enfòmasyon elèv la san yo pa bay konsantman yo alekri alvans.

CPS revele enfòmasyon ki annapre yo san konsantman paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan: non elèv la, dat li te frekante lekòl la, klas oswa nivo li, patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak espò, foto/vidyo, manm nan Ekipe atletik, diplòm li, rekonpans ak pri li resevwa,

espesyalizasyon etid li ak plan li aprè lise a. Anplisdesa, konfòmeman ak M.G.L.c. 71, §89(g), CPS, kou yo resevwa yon demann ki soti nan yon lekòl prive ki anba kontra ak leta (chartè) Commonwealth la, pral mete deyò non ak adrès elèv lekòl piblik yo bay yon sèvis lapòs tyè Depatman Massachusetts Edikasyon Primè ak Segondè te apwouve pou lekòl prive anba kontra ak leta a kapab voye enfòmasyon rekritman bay elèv ki kalifye pou enskri nan lekòl prive anba kontra ak leta Commonwealth la.

Si ou pa vle yo mete deyò enfòmasyon sa yo san konsantman ou an, ou dwe notifiye rektè/direktè lise lekòl ou an nan dat 1ye oktòb oplita nan chak ane lekòl. Yon fòm anilasyon enskripsyon alekri akonpaye tiliv sa a pou elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo ki pa vle pou yo mete deyò enfòmasyon sa yo.

Kopi règlemantasyon Eta a konsènan dosye elèv yo ak dwa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ak dwa elèv yo sou dosye elèv yo disponib nan chak lekòl.

Anplisdesa, Komite Lekòl la te deziyen adrès, telefòn ak imèl elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo ansanm ak non elèv la kòm “enfòmasyon pou anyè” yo gen dwa mete deyò bay gwoup paran/gadyen/moun ki okipe timoun nan yon lekòl patikilye pou objektif espesifik ak limite ki se devlope yon Liv Kontak pou Fanmi lekòl la ak pou gwoup ansyen elèv pou objektif espesifik ak limite ki s devlope yon Anyè Ansyen Elèv epi yo pral devwale enfòmasyon sa yo sèman si paran/gadyen/moun ki okipe elèv la te bay otorizasyon alekri ekspres pou sa pou yo mete enfòmasyon sa yo wa nan yon Liv Kontak pou Fanmi oswa nan yon Anyè Ansyen Elèv ki baze nan lekòl la. Si yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun vle patisipe nan youn nan piblikasyon sa yo, yo dwe seleksyone “enskri” (opt-in) nan kòmansman lekòl la.

Komite Lekòl la te deziyen tou non elèv, nimewo telefòn (yo), adrès kay ak dat nesans kòm “enfòmasyon pou anyè” yo gen dwa mete deyò sèlman ba Bibliyotèk Piblik Cambridge la sèlman pou remèt kat bibliyotèk ba elèv jadendanfan Lekòl Piblik Cambridge yo. Yo pral distribye kat bibliyotèk yo nan kòmansman ane lekòl la bay tout elèv jadendanfan ki gen omwens 5kan, epi yo pral distribye kat bibliyotèk yo tou bay elèv jadendanfan lè yo vin gen 5kan pandan

ane lekòl la. Si yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun pa vle pou yo revele enfòmasyon sa yo bay Bibliyotèk Piblik Cambridge la, li dwe “anile enskripsyon” li nan kòmansman chak ane lekòl la.

Epitou, CPS gendwa revele done elèv yo bay founisè ki ofri anliy oswa nan cloud aplikasyon pou enstriksyon elèv yo itilize, sa ki yon fonksyon oswa sèvis enstitisyonèl, men sèlman lè vandè a siyen yon akò pwoteksyon enfòmasyon prive elèv la ak distri lekòl la kifè founisè a fonksyone kòm yon ofisyèl lekòl la pou li kapab founi aplikasyon enstriksyon anliy oswa nan cloud la ki sèvis ak fonksyon enstitisyonèl oswa si paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la te siyen yon fòm konsantman alekri ekspres pou sa. W ap jwenn yon lon lis resous enstriksyon anliy ak nan cloud ki apwouve yo nan: bit.ly/CPSDigRes

Yo pral kenbe kèlkeswa travay elèv yon elèv kreye epi sovgade sou konpitè/serve depatman lekòl la pandan jiska 7 lane aprè elèv la kite Lekòl Piblik Cambridge yo epi nenpòt travay elèv yon elèv kreye epi sovgade grasa yon founisè edikasyon anliy Lekòl Piblik Cambridge yo itilize pral rete entak konfòmeman ak egzijans retansyon ak desktrisyon founisè sèvis edikasyon anliy sa a. Nan pifò ka yo, peryòd retansyon an yon founisè sèvis koresponn ak dire kontra founisè a pase ak Lekòl Piblik Cambridge yo, oswa l ap pi kout si Lekòl Piblik Cambridge yo fè demann la. Konfòmeman ak lwa Eta a pandan tout tan yon elèv enskri nan yon lekòl, rektè/direktè lise a oswa moun li deziyen an pral analize detanzantan epi detwi enfòmasyon ki pa vre, ki perime oswa ki pa pètinan ankò ki nan dosye tanporè yon elèv, akondisyon elèv la ak paran/gadyen/moun k ap okipe li an notifiye alekri epi yo gen posibilite pou resevwa enfòmasyon sa yo oubyen yon kopi l anvan yo detwi yo. Anplisdesa, konfòmeman ak lwa Eta a, yo pral detwi dosye tanporè a nan 7 lane oplita aprè elèv la transfere, gradye oswa anile enskripsyon li nan Lekòl Piblik Cambridge yo. Yo pral voye yon avi alekri bay elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe yo nan dat apwoksimativ yo te detwi yo epi ki endike dwa yo genyen pou resevwa enfòmasyon yo, ann antye oswa yon pati ladann nan moman transfè, gradyasyon oswa anilasyon enskripsyon yo.

Konfòmeman ak lwa Eta a, yo dwe detwi transkripsyon yon elèv nan swasant (60) lane aprè

elèv la gradye, transfere oswa anile enskripsyon li nan Lekòl Piblik Cambridge yo.

3. Divilgasyon Enfòmasyon Kontak Debaz bay Rekrutè Militè, Anplwayè Potansyèl, Kolèj ak Inivèsite yo

Yon pwovizyon nan Lwa 2001 Pa Kite Okenn Timoun Dèyè (No Child Left Behind Act), yon lwa federal, egzije pou lekòl segondè yo, kou yo resevwa yon demann pou revele non, adrès, imèl ak nimewo telefòn elèvs k ap frekante lise a bay rekrutè militè Etazini, kolèj, inivèsite ansanm ak lòt enstitisyon edikasyon ak anplwayè potansyèl. Elèv lekòl segondè yo ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe yo gen opsyon pou mande pou lekòl segondè yo pa mete deyò enfòmasyon debaz yo lè yo resevwa demann sa yo. Si, sepandan, elèv lekòl segondè yo epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe yo pa fè demach afimativ sa a pou bloke divilgasyon enfòmasyon yo, lalwa mande pou yo revele enfòmasyon kontak yo lè yo resevwa yon demann. Yon fòm anilasyon enskripsyon alekri please nan tiliv sa a; elèv lekòl segondè sa yo ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe yo dwe ranpli l si yo pa vle pou yo mete enfòmasyon kontak yo deyò.

4. Avi konsènan Dwa Daprè Lwa sou Dwa Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi yo (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)

FERPA bay paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo ak elèv ki gen plis pase 18tan (18) (“elèv ki kalifye yo”) sèten dwa ki ge pou wè ak dosye edikasyon elèv la. Men lis dwa yo:

- Dwa pou enspekte epi revize dosye edikasyon elèv la nan karant-senk (45) jou apatide jou lekòl la resevwa yon demann aksè. Paran/gadyen oswa elèv ki kalifye yo ta dwe bay rektè lekòl/direktè lise a yon demann alekri ki idantifye dosye(yo) yo vle enspekte. Ofisyèl lekòl la pral mete anplas aranjman pou aksè epi notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv ki kalifye a kikote ak akilè yo gendwa enspekte dosye yo.

- Dwa pou mande yo fè koreksyon nan dosye edikasyon elèv la ke paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv ki kalifye a kwè ki pa kòrèk oswa ki kreye konfizyon oubyen sinon ki an vyolasyon ak dwa pwoteksyon lavi prive elèv la daprè FERPA. Paran/gadyen yo oswa elèv ki kalifye yo ki vle mande lekòl la pou li korije yon dosye ta dwe ekri yon korespondans bay rektè/direktè lise a, ki idantifye akilè pati nan dosye a yo vle chanje a, epi esplike poukisa yo ta dwe chanje li. Si lekòl la deside pa korije dosye a jan paran/gadyen/moun k ap okipe timoun oswa elèv kalifye a te mande, lekòl la pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv kalifye osijè desizyon an epi endike yo dwa yo genyen pou jwenn yon odyans ki gen pou wè ak demann koreksyon an. Yo pral bay enfòmasyon anplis konsènan pwosedi odyans lan bay paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv ki kalifye a, lè yo enfòm yo konsènan dwa yo genyen pou jwenn yon odyans.

- Dwa pou bay konsantman alekri yo anvan lekòl la mete deyò enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman (PII) ki nan dosye edikasyon elèv la, sof si FERPA otorize yo revele yo san yo pa bezwen konsantman.

Yon eksepsyon, ki otorize yo revele enfòmasyon yo san konsantman, se lè yo pataje y oak ofisyèl lekòl la ki gen enterè edikasyon lejitim. Yon ofisyèl lekòl la se yon moun Lekòl la anplwaye antanke administratè, sipèvizè, enstriktè oswa ki sipòte manm estaf la (ki gen ladab estaf sante oswa medikal ak pèsònèl inite lapolis la); oubyen yon moun k ap travay pou Komite Lekòl la. Yon ofisyèl lekòl gendwa tou enkli yon volontè oswa yon kontraktiyèl andeyò lekòl la ki egzèkite yon sèvis oubyen yon fonksyon enstitisyonèl kote lekòl la ta itilize nòmman pwòp anplwaye li yo pou fè l epi ki anba kontwol dirèk lekòl la, nan sa ki gen pou wè ak izaj ak mentenans PII ki nan dosye edikasyon, tankou yon avoka, oditè, yon konsiltan medikal oswa yon terapès; yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa yon elèv ki pòte li volontè pou patisipe nan yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplinè oswa doleyans oubyen yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun, elèv oubyen lòt volontè k ap ede yon lòt ofisyèl lekòl fè travay li. Yon ofisyèl lekòl geb yon enterè edikasyon lejitim si ofisyèl la bezwen revize yon

dosye edikasyon pou li kapab satisfè responsabiltè pwofesyonèl li.

Lè li resevwa yon demann, lekòl la mete deyò dosye edikasyon yo san konsantman bay ofisyèl yon lòt distri lekòl kote yon elèv ap eseye oswa gen lentansyon enskri oubyen li deja enskri, si divilgasyon an se pou enskripsyon oswa transfè elèv la.

- Dwa pou depoze yon plent devan Depatman Edikasyon Etazini konsènan swa-dizan echèk lekòl la pou li respekte egzijans FERPA. Non ak adrès biwo a ki jere FERPA se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, D.C. 20202-5920
Phone: 800.USA.LEARN (800.872.5327)

FERPA otorize divilgasyon PII ki nan dosye edikasyon elèv yo, san konsantman paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv kalifye a, si divilgasyon an satisfè sèten kondisyon yo jwenn nan §99.31 règlemantasyon FERPA yo. Eksepte pou divilgasyon bay ofisyèl lekòl yo, divilgasyon ki gen pou wè ak sèten òdonans jidisyèl oswa manda sezi yo prezante legalman, divilgasyon enfòmasyon pou anyè ak divilgasyon bay paran/gadyen/moun k ap okipe timoun oswa elèv kalifye an, §99.32 nan règlemantasyon FERPA yo egzije pou lekòl la anrejistre divilgasyon an. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo ak elèv kalifye yo gen dwa enspekte epi revise fich kote tout divilgasyon yo make. Yon lekòl gendwa revele PII ki nan dosye edikasyon yon elèv san li pa jwenn konsantman alekri alavans nan men paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa nan men elèv kalifye a:

- Bay lòt ofisyèl lekòl yo, ki gen ladann pwofesè, andedan ajans oswa enstitisyon edikasyon an lekòl la detèmine ki gen enterè edikasyon lejitim. Sa gen ladann kontraktiyèl, konsiltan, volontè, founisè ki ofri aplikasyon enstriksyon anliy ak nan cloud elèv yo oubyen lòt pati lekòl la te delocalize sèvis oswa fonksyon enstitisyonèl, si kondisyon ki liste nan §99.31(a)(1)(i)(B)(1) – (a)(1)(i)(B)(2) reyalize. (§99.31(a)(1))
- Bay ofisyèl yon lòt lekòl, sistèm lekòl oswa enstitisyon edikasyon post-segondè kote elèv la ap

eseye oswa gen lentansyon enskri oubyen kote elèv la deja enskri, si divilgasyon an se pou objektif ki gen pou wè ak enskripsyon oswa transfè elèv la, dapre egzijans ki nan §99.34. (§99.31(a)(2))

- Ba reprezantan otorize Kontrolè Jeneral Etazini a (Comptroller General), Minis Lajistis Etazini, Sekretè Edikasyon Ameriken oswa otorite edikasyon Eta a oswa lokal, tankou ajans edikasyon Eta a nan Eta paran/gadyen/moun k ap okipe timoun oswa elèv kalifye a (SEA). Divilgasyon dapre pwovizyon sa a gen dwa fèt, dapre egzijans §99.35, an koneksyon ak yon odit oswa evalyasyon pwogram edikasyon federal oswa Eta a sipòte, oubyen pou mizanplas oswa pou respekte egzijans federal ki gen pou wè ak pwogram sa yo. Antite sa yo gendwa fè plis divilgasyon PII toujou bay antite andeyò yo deziyen kòm reprezantan otorize yo pou òganize yon odit, evalyasyon oswa mizanplas oubyen aktivite konfòmite pou kont yo. (§§99.31(a)(3) ak 99.35)
- An koneksyon ak èd finansyèl elèv la te aplike pou li an oswa elèv la te resevwa, si enfòmasyon yo nesèsè pou detèmine kalifikasyon pou jwenn èd la, pou detèmine montan èd la, pou detèmine kondisyon èd la oubyen mizanplas egzijans ak kondisyon èd la. (§99.31(a)(4))
- Bay ofisyèl Eta ak lokal yo oswa otorite yo ki gen otorizasyon espesifik pou jwenn enfòmasyon yo pou yo ka rapòte oswa revele yo selon yon estate Eta a ki gen pou wè ak sistèm jistis jivenil ak kapasite sistèm la pou, anvan adjidikasyon an, bay elèv dosye li te revele a, efektivman sèvis, dapre §99.38. (§99.31(a)(5))
- Bay òganizasyon ki fèt pou pou kont lekòl la, pou li kapab: (a) devlope, valide oubyen administre tès prediktif; (b) administre pwogram èd pou elèv; oswa (c) amelyore enstriksyon. (§99.31(a)(6))
- Bay òganizasyon akreditasyon pou yo egzekte fonksyon akreditasyon yo. (§99.31(a)(7))
- Bay paran/gadyen/moun k ap okipe yon elèv kalifye si elèv yond epandan dapre direktiv taks IRS yo. (§99.31(a)(8))
- Pou respekte yon òdonans jidisyèl oswa yon lòd sezi dokiman ki legal. (§99.31(a)(9))

- Bay ofisyèl ki apwopriye yo an rapò ak yon ijans sante oswa sekirite, dapre §99.36. (§99.31(a)(10))
 - Se enfòmasyon lekòl la deziyen kòm “enfòmasyon pou anyè” dapre §99.37. (§99.31(a)(11))
- Bay yon travayè sosyal yon ajans oswa lòt reprezantan yon Eta oswa yon ajans byennèt timoun yon Eta oswa lokal oswa yon òganizasyon tribinal ki otorize pou jwenn aksè nan plan entèvansyon yon elèv lè ajans oswa òganizasyon sa a responsab legalman, konfòmman ak Lwa Eta a oswa tribinal la, pou swen ak pwoteksyon elèv la nan plasman nan yon fanmi dakèy. (20 U.S.C. §1232g(b)(1)(L))
- Bay Sekretè Agrikilti a oswa reprezantan otorize Sèvis Manje ak Nitrisyon an pou òganize siveyans pwogram, evalyasyon ak meziraj pèfòmans pwogram ki otorize dapre Lwa ki rele Lwa Nasyonal sou Lench Lekòl Richard B. Russell la oswa Lwa sou Nitrisyon Timoun nan lane 1966, dapre sèten kondisyon. (20 U.S.C. § 1232g(b)(1)(K))

5. Done Elèv ak Aplikasyon Enstriksyon Anliy yo

CPS gendwa pataje done elèv yo ak founisè ki ofri aplikasyon pou enstriksyon anliy elèvs yo itilize, sa ki reprezante yon fonksyon oswa yon sèvis enstitisyonèl, men sèlman lè founisè a siyen yon akòpwoteksyon done prive elèv ak distri lekòl la oswa si paran/gadyen/moun ki okipe elèv la te siyen yon fòm konsantman eksprès. W ap jwenn yon lis tout resous anliy ki apwouve yo nan: bit.ly/CPSDigRes

6. Absans ak Reta yo

Timoun yo aprann pibyen epi yo atenn pi wo nivo siksè lè yo ale lekòl regilyèman. Frekantasyon ki regilye ak san reta kontribye nan byennèt jeneral tout gwoup elèv yo; li bese pètibasyon nan anviwònman aprantisaj la. Li enpò pou pitit la kapab jwenn siksè lekòl ak nan travay pidevan pou li vini toulejou epi pou li pa gen reta. Nou atann nou pou tout elèv yo gen, ominimòm, omwens katre-ven kenz pousan (95%) prezans lekòl epi nan chak klas pandan jounen lekòl la. Jan ou deja konnen, dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo: TOUT TIMOUN KI GEN ANT 6ZAN AK 16 ZAN OBLIJE ALE LEKÒL.

Li enpòtan pou tout moun konprann ke bon egzanp po jwenn siksè nan prezans lekòl ak siksèakademik kòmmanse depi nan jadendanfan ak nan premye klas. Konpòtman bone kote gen anpil absans gen tandans kontinye pandan tout tan elèv la frekante lekòl la epi sa please yon timoun arisk pou li pa reyisi lekòl epi pou li abandone lekòl. Nou mande kowoperasyon w ak asistans ou pou asire w pitit ou an vini lekòl toulejou epi alè. Lè nenpòt timoun absan, the paran/gadyen/moun k ap okipe timoun land we rele lekòl pou notifiye absans lan nan maten absans li an menm. Si li pa rele, lè timoun la tounen lekòl, se pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan voye yon korespondans ki esplike rezon kifè timoun lan te absan. Pwofesè salklas prensipal la pral kenbe mesaj say o nan dosye pou ane lekòl la.

Si yon timoun pral gen yon absans ki jistifye pandan senk (5) oswa plis jou, paran/gadyen an dwe notifiye lekòl la pou yo fè aranjman pou devwadmezon yo, epi si elèv la pral gen yon absans pwolonje ki dire de (2) oswa plis akòz yon maladi oswa yon chòk, se pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan notifiye lekòl la pou yo fè aranjman ki nesèsè yo pou òganize enstriksyon lakay.

Lè absans jistifye yo vin sispèk epi yon regilarite kòmmanse devlope, lekòl la pral pran mezi pou evalye rezon an, tankou mande nòt medikal epi fè visit lakay.

Biwo rektè/direktè lise a pral kenbe estatistik yo epi verifye absans ak reta ki rive souvan pou wè si defwa yo rapòte absans kwonik oubyen iregilye akòz maladi, rektè/direktè lise lekòl la oswa nès lekòl la gen dwa mande yon deklarasyon nan men yon doktè ki konfime absans sa yo kòm absans ki jistifye. Si yon timoun pa ale lekòl oswa yon timoun 6zan jiska 18tan manke ale lekòl souvan oswa pa respekte règ lekòl yo souvan, distri lekòl la gendwa prezante yon patisyon Timoun ki Bezwen Asiatsn (Child Requiring Assistance, CRA) devan yon tribinal.

Cambridge Rindge and Latin School ansanm ak Pwogram Ekstansyon Lise (High School Extension Program) pral konsidere kat (4) absanse nan nenpòt klas tankou yon Vyolasyon Prezans (Attendance Violation, AV). Absans jistifye yo, ki gen ladann maladi pèsònèl ki verifye, p ap konte kont yon elèv epi li p ap fè ke yo ba li yon Vyolasyon Prezans (AV) si absans yo tonbe nan kategori sila yo: (a) absans ki akòz yon

twomatism pèsònèl; dèy, yon moun mouri nan fanmi a; (b) obsève yon fèt relijyèz; (c) randevou medikal oswa visit terapi yo pa kapab pwograme ditou andeyò lè lekòl yo; (d) zafè jiridik ki amden pou yon parèt fas-a-fas; (e) sispansyon yo andedan ak andeyòlekòl la; (f) depasman ki gen pou wè ak lekòl la, regwoupman oswa reyinyon; (g) visit nan kolèj (2 jou pandan ane jinyò a epi 3 jou pandan dènye ane a); epi (h) yon depasman oswa yon eksperyans edikasyon ki pa dire plis pase 5 jou pandan ane yo elèv la fè nan lise a.

Kat (4) absans ki pa jistifye nan nenpòt ki klas, sepandan, pral lakò yon Vyolasyon Prezans. Nan ka sa a, Direktè Elèv (Dean of Students) pral bay yon nòt AV kòm nòt pou trimès la. Anplisdesa, twa (3) reta ki pa jistifye pral konte kòm yon (1) absans ki pa jistifye. Absans ki pa istifye gen ladann: (a) lekòl bwisyonè (pa ale lekòl oswa make klas ekspresè); (b) depasman rektè (principal) a pa apwouve alavans; (c) chèche yon travay san otorizasyon rektè a; (d) rete lakay pou evite yon tès nan yon matyè an patikilye oswa pou etidye pou yon tès; (e) kite batiman lekòl la pandan jounen lekòl la san ou pa siyen yon papye nan biwo direktè elèv la anvan ou ale (manke ale nan yon kas ekspresè); (f) dòmi twò lontan oswa sinon rive an reta lekòl la; (g) rete sou oswa ozalantou pwopriyete lekòl la, men pa ale nan klas ki prevwa pou w yo (rate klas); epi (h) nenpòt lòt absans ki pa jistifye oswa kèlkeswa absans ki jistifyab yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa rele pou deklare ni pa rapòte alekri nan yon mesaj yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun oswa founisè medikal elèv la voye bay kou elèv la tounen lekòl la. Anplisdesa, yon elèv ki resevwa douz (12) reta ki pa jistifye nan yon klas, pral resevwa yon nòt AV pou tout klas la.

Konfòmeman ak politik distri lekòl la, lekòl la pral notifiye parant/gadyen an aprè chak absans epi/oswa reta epi li pral notifiye tou paran/gadyen an aprè kat (4) absans ki pa jistifye. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa chèche jwenn yon otorizasyon medikal pou nenpòt pwoblèm sante kwonik, maladi ki reyaparèt oubyen pou nenpòt maladi ki dire plis pase kat (4) jou. Paran/gadyen yo pral gen dwa pou konteste nenpòt AV devan Komite Revizyon Kontestasyon (Appeals Review Committee) nan Cambridge Rindge and Latin School oswa Pwogram Ekstansyon Lise (High School Extension Program) a nan dis (10) jou aprè yo te bay AV an epi, si yo refize

bay kontestasyon an, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo gen dwa, nan dis (10) jou aprè yo jwenn refi a, prezante yon kontestasyon alekri devan Sipèrentandan Lekòl yo pou yo revwa li. Desizyon Sipèrentandan Lekòl yo final (pa gen lòt rekou ankò).

Ekip Learning Community yo pral travay ak elèv say o ki satisfè kritè AV yo epi mete anplis youn nan twa (3) sipò sila yo:

- Ranpli yon kontra/pwopozisyon Rach (Buy Back) (yo ofri tout elèv yo)
- Enskri elèv yo nan Atelye pou Elèv (Studentship Workshops) (pou elèv ki bezwen plis jesyon tan ak sipò elèv)
- Plan Sipò Endividyèl kreye ansanm ak ekip LC an (yo itilize pou elèv say o ki gen sikonstans atenyant ki bezwen sipò ki adapte pou sityasyon endividyèl yo)

Si yon elèv pa reyisi ranpli plan sipò a, yo gen dwa resevwa yon dediksyon 10 pwen.

7. Timoun ki Bezwen Asistans (Child Requiring Assistance, CRA)

Tribinal y oak departman lekòl la konsantre sou entèvansyon bonè pou jenn delenkan sa yo, kèlkeswa laj yo. Manman-Lwa Jeneral Massachusetts yo defini yon absanteyis abityèl ak yon delenkan residivis lekòl la se yon timoun ki manke ale lekòl ak pèsistans epi volontèman, se yon absanteyis, oswa si li vyole san rete règ legal ak rezonab lekòl yo. Daprè M.G.L. c.76, §2, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo dwe fòse yon timoun frekante lekòl, epi, si timoun lan pa ale pandan sesyon sou 7 jou oswa 14 sesyon demi-jounen nan yon peryòd sis (6) mwa, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral jwenn sanksyon yon amann, aprè sipèvzè a pote plent pou li.

Epitou, lekòl yo gendwa chèche yon aplikasyon CRA pou nenpòt timoun ki gen ant 6zan jiska 18tan ki abstaneyis regilyèman paske yo gen 8 oswa plis absans ki pa jistifye pandan yon trimès lekòl, oubyen paske timoun lan pa t obeyi regilyèman règ lekòl lan.

Lè demach entèn lekòl la fè pou entèveni pa reyisi rezoud yon pwoblèm absans oswa reta kwonik, absanteyism regilye oswa vyolasyon repete règ lekòl la,

depatman lekòl la gendwa demare yon pwosedi CRA devan yon tribinal. Daprè lalwa, Tribinal Jivenil la gen aksè nan tout enfòmasyon lekòl la konsènan dosye sa yo.

8. Avi Konsènan Elèv Yo Ki Kite Lekòl la

Lekòl Piblik Cambridge yo angaje li pou elèv yo fin fè edikasyon prime ak segondè yo. Sizoka yon elèv ki gen 16zan oswa plis vle kite lekòl la, CPS respekte egzijans M.G.L.c. 76, §18 epi swiv pwosedi yo ki endike anba la a:

1. Rektè (principal) a oswa moun li deziyen an pral voye yon korespondans bay paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la ke elèv la swa (a) gen entansyon ekspres pou sispann ale lekòl san li pa gen entansyon tounen, oswa (b) gen kenz (15) absans youn dèyè lòt lekòl la ak ki endike dat elèv la te vini lekòl la pou dènye fwa.

Pou lekòl la kapab detèmine si elèv la ap kite lekòl la san li pa gen entansyon pou l tounen, lekòl la pral pwograme ak elèv epi paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la yon reyinyon pou diskite rezon kifè elèv la vle kote lekòl la epi pou eksplòre plasman edikasyon altènatif ak lòt tip plasman toujou pou elèv la anvan pou elèv la kite lekòl la ofisyèlman. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa mande pou yon chanje dat ak lè reyinyon sa a, akondisyon pwolongasyon delè a pa pipilis pase katòz (14) jou apatide dat rektè a oswa moun li deziyen an te voye korespondans lan.

2. Aprè reyinyon an ak paran/gadyen an epi elèv la, rektè a oswa moun li deziyen an pral voye yon korespondans bay paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou rezime so yo te diskite a ak nenpòt desizyon yo te pran nan reyinyon an, ki gen ladan men se pa sa sèlman, ki elèv la ap tounen lekòl la, si li vle yon lòt plasman edikasyon, si li vle lòt tip sèvis sipò oswa si l ap kite lekòl la pou tout tan.
3. Konfòmman ak pwovizyon ki nan M.G.L.c. 76, §18, kèlkeswa detèminasyon ki endike yon elèv pral kite lekòl pou tout tan, yo pa kapab entèprete li kòm eksklizyon elèv la pou tout tan si elèv la vle kontinye edikasyon li.

9. Abi Sou Timoun

Seksyon 51A nan Chapit 119 Manman-Lwa Massachusetts yo mande pou sèten moun ki nan kad pwofesyon yo gen yon motif rezonab pou kwè yon timoun ki gen mwens pase dis-uit (18) lane viktim chòk fizik oswa emosyonèl grav akòz abi, sa ki gen ladann abi seksyèl oswa neglijan, ki gen ladann malnitrisyon, sou timoun lan dwe touswit, nan telefòn, rapòte abi oswa neglijan sa a bay Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, "DCF"). Pwofesyonèl yo kid we rapòte ka abi oswa neglijan sou timoun bay DCF la gen ladann: doktè, entènès medikal yo, nès, pwofesè, administratè edikasyon, konseye oryantasyon, konseye fanmi, ofisye lapolis pwobasyon, ofisye ki siveye timoun frekante lekòl, travayè sosyo, sikològ ak polisye. Se pou yo fè rapò nan telefòn la swa nan biwo ki nan zòn apwopriye a oswa nan nimewo gratis pou rapò 24 sou 24 lan: 1-800-792-5200. Nan karanti-uit (48) èdtan, pwofesyonèl sa yo oblije, dapre lejislasyon Massachusetts la, notifiye DCF alekri grasa yon fòm rapò DCF estanda. Yo dwe ranpli yon fòm rapò pou chak nouvo chòk oswa renouvèlman menm chòk la.

Estaf la ki gen yon motif rezonab pou kwè yon timoun ki gen mwens pase 18tan viktim chòk fizik oswa emosyonèl grav akòz abi, ki gen ladann abi seksyèl oswa neglijan, tankou malnitrisyon tou, ta dwe notifiye san pèdi tan rektè lekòl/direktè lise a pou yo kapab prezante yon rapò 51A.

Abi sou timoun ak neglijan siyifi nenpòt ensidan kote gen yon motif rezonab pou kwè sante fizik oswa mantal oubyen beynnèt yon timoun domaje oswa menase akòz abi oubyen neglijan akòz yon moun (oswa plizyè moun) ki responsab sante oswa byennèt timoun lan, ki gen ladann tou pèsònèl la nan sistèm lekòl piblik la, epi yo dwe rapòte l. Absanteyism, pou kont pa li, pa yon bagay yo bezwen rapòte.

Abi siyifi:

- domaj fizik, mantla oswa emosyonèl akòz mwayen ki pa aksidantèl, pa egzanp., bay baton, koupe, brile, kase zo, chè mètri;
- depandans fizik ak yon medikaman ki kreye adiksyon depi nan nesans;
- nenpòt zak seksyèl kont yon lòt moun swa anba kontrent oubyen anba menas pou itilize kontrent

fizik oswa chòk fizik oubyen kont volonte moun lan. Sa gen ladann yon zak seksyèl kont yon lòt moun ki pa kapab bay konsantman li swa akòz yon enkapasite tanporè oubyen pèmanan oswa enkapasite fizik oswa paske moun lan poko gen 18tan. Gwo zak kriminel sa yo tankou agresyon endesan ak kou epi blesi, kadejak ak fòs, kadejak ak abi, agresyon ak entansyon pou fè kadejak epi zak ki pa natirèl ak obsèn reprezante yon agresyon seksyèl (vyòl).

- Agresyon endesan ak kou epi blesi (indecent assault and battery) gen ladann men se pa sa sèlman, manyen yon fason ki pa apwopriye ak endezirab tipati yo. Yon moun ki gen mwens ke 14zan legalman pa kapab bay konsantman li pou tip aktivite seksyèl sa a.
- Yo sipoze gen neglijan lè yon oswa plizyè moun ki responsab pou okipe yon timoun, menmsi yo gen ase mwayen finansyè pou okipe li, pa bay timoun lan:
 - ase manje, rad, lojman oswa swen medikal epi/oswa
 - sipèvizyon epi/oswa titèl ki apwopriye.

10. Aksyon pou Swen ak Pwoteksyon

Si yo pa voye timoun yo lekòl anmenmtan gen pwoblèm abi ak neglijan pi grav yo detekte, yo gen dwa prezante yon aksyon pou swen ak pwoteksyon timoun sou labaz pwovizyon M.G.L. c.119, §24. Nan yon aksyon pou swen ak pwoteksyon, si tribinal la “satisfè gen yon motif rezonab pou kwè pitit la ap soufri akòz abi oswa neglijan grav oubyen si li an danje imedyat”, tribinal la gen dwa bay lòd pou yo transfere imedyatman gad pitit la.

11. Timoun Ki Manke A Lapèl oswa Ki Disparèt

Gen anpil senaryo posib ki dekri timoun ki manke a lapèl oswa ki disparèt la. Men kèk egzanzp:

- Yon timoun pa tounen nan salklas la epi yo pa reyisi lokalize li nan batiman an oswa sou pwopriyete lekòl la,

- Pwofesè salklas la pa kapab verifye si timoun lan te ale ak yon paran oswa yon moun paran an te deziyen lè lekòl la lage,
- Pwofesè salklas la pa kapab verifye si timoun lan te monte nan yon bis, epi
- Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan rele lekòl la pou di pitit li poko rive lakay a lè nòmal la.

Kontakte Biwo Transpò pou tout timoun ki pran bis lekòl la.

Notifye Sipèrentandan an ak Biwo Sekirite (Office of Safety and Security) an.

Kontakte paran/ gadyen/moun k ap okipe timoun lan.

Siizoka gen yon ijans, rele lapolis dirèkteman. Sinon, Biwo Sekirite a pral kontakte yo pou bay o detay ki apwopriye aprè li fin pale avèk ou.

Pwosed

Entèvyouve paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan/moun ki te fè premye rapò a.

Verifye timoun lan manke a lapèl oswa disparèt vreman.

Identifye sikonstans disparisyon an.

Detèmine kilè, kikote ak kimoun ki te wè pitit ki manke a pou dènye fwa.

Gade nan dosye pitit la, kenbe adispozisyon tout enfòmasyon ki pètinan yo, niemwo ijans epi verifye sitiwayon gad timoun lan. (Si posib, yon foto)

Se pou yon deksripsyon konplèt rad, wotè, koulè po, karaktèstisik distenktiv yo dwe disponib.

Kreye yon lis zanmi/moun ki konnen yo.

Daprè tout enfòmasyon ki disponib yo, fè yon premye detèminasyon sou ensidan an: yon moun ki pa nan fanmi a kidnape timoun lan, yon fanmi kidnape timoun lan, timoun lan sove, pèdi, blese oswa li manke a lapèl pswa li disparèt. Rektè/direktè lise a pral swiv pwosesi sa a, li pral kenbe tout enfòmasyon anlè yo ei li pral disponib jiskaske yo reyisi lokalize timoun lan.

12. Transpò

Chak lekòl ta dwe gen yon sistèm andedan kay la pou asire timoun lekòl prime yo monte nan bis transpò ki apwopriye. Kontakte Depatman Transpò a nan 617-

349-6862 pou tout timoun ki manke a lapèl yo te transpòte.

Timoun paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pa vin chèche yo nan arè bis la pandan plis pase twa (3) fwa ap pèdi privilèj bis la (bis la p ap depoze yo ankò).

13. Tès Estandadize

CPS administre, chak ane, MCAS 2.0 ki bon pou nivo klas timoun yo, jan Depatman Edikasyon Massachusetts detèmine l. Anplisdesa, chak ane, CPS administre ACCESS bay elèv Moun k ap Aprann Lang Angle (English Language Learners), jan sa apwopriye, konfòmeman ak egzijans Depatman Edikasyon Massachusetts lan.

14. Edikasyon Seksyèl

Lalwa fòse lekòl yo pou yo notifie paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo konsènan korikolòm la, ki konsène prensipalman edikasyon seksyèl moun oswa kesyon ki gen pou wè ak seksyalite moun. Nan chak sezon lotòn, yo voye yon korespondans osijè korikolòm edikasyon sante an, ki dekri leson seksyalite ki gendwa rive nan chak nivo leson. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pa bezwen bay pèmasyon pou pitit yo pran klas sa yo epi yo gen dwa pou egzante timoun yo pou yo pa pran klas sa yo. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo gendwa voye yon korespondans ba rektè lekòl/direktè lise an pou retire pitit la nan leson yo. Nenpòt paran/gadyen ki ta renmen analize materyo pou ansèyman an kapab pale ak pwofesè pitit li oswa ak Lidè Pwogram pou Edikasyon Timoun (Program Leader for Health Education) lan nan 617-349-6851.

15. Kontrent Fizik

Se politik Komite Lekòl Cambridge lan pou pwomouwa yon lye travay ak yon anviwònman edikasyon ki san danje epi pwodiktif pou anplwaye ak elèv yo, epi pou asire li chak elèv nan Lekòl Piblik Cambridge yo pa gen pou sibi okenn itilizasyon kontrent fizik ki pa konsistan ak règlemantasyon Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts lan, epi ke yo itilize kontrent fizik sèlman avèk anpil prekosyon kòm dènye rekou nan sitiyasyon ijans, aprè

lòt altènativ pi legal epi mwens anwayisan te echwe oubyen te sanble yo pa t apwopriye. Pèsonèl lekòl la pral itilize kontrent fizik sèlman an dènye resò, lè sa nesèsè pou pwoteje yon elèv epi/oswa manm kominote lekòl la kont yon danje sanzatann, grav ak fizik. Lè yo bezwen itilize kontrent fizik, pèsonèl lekòl la dwe eseye anpeche oubyen bese domaj elèv la ka sibi akòz itilizasyon kontrent fizik la. Politik sa a pa ta dwe entèprete yon fason pou limite pwoteksyon yo bay elèv ki resevwa asistans leta sou labaz lòt lwa federal ak Eta a, pa egzante lwa ki garanti dwa elèv yo yo jwenn ki kalifye pou resevwa sèvis edikasyon espesyal. Epitou, politik sa a pa ka entèprete pou anpeche nenpòt pwofesè, anplwaye oubyen ajan yon pwogram edikasyon piblik pou li itilize fòs ki rezonab ak nesèsè pou pwoteje elèv yo, lòt moun oubyen pwòp tèt pa yo si gen yon agresyon oubyen yon danje sanzatan, grav ak fizik.

CPS te ekri pwosedi ak direktiv ki gen pou wèak politik sa a ki afiche sou wèbsayt distri lekòl la epi ou kapab jwenn nan biwo rektè/direktè lise a, ki idantifye: (i) repons ki apwopriye yo fas ak konpòtman elèv la ki gendwa bezwen entèvansyon imedyat, epi (ii) metòd altènativ yo ta dwe itilize anpremye lè n ap eseye anpeche vyolans elèv yo, konpòtman ki kontrè enterè elèv la epi/oswa de-eskald konpòtman ki potansyèlman danjere ki prezan ant gwoup elèv oswa ak yon elèv endividyèlman, ikonpri metòd altènativ nan sitiyasyon ijans ki evite itilize imobilizasyon fizik.

Pwosedi Imobilizasyon Fizik yo

Definisyon yo

“Konsantman” sifiye yon antant ant paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki byen enfòmè ak tout enfòmasyon ki pètinan konsènan aktivite yo vle mande otorizasyon pou li an, nan lang natifnatal yo oubyen ak lòt mòd kominikasyon, kòm kwa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan konprann epi dakò alekri pou egzèkite aktivite a, epi li konprann antant la volontè epi li gen dwa anile li nenpòt lè. Antant la dekri aktivite an epi li etabli lis dosye yo (si genyen) yo pral mete deyò ak bay kiyès.

“Imobilizasyon” siyifi limite mouvman fizik yon elèv ak fòs fizik pou brize rezistans elèv la.

“Imobilizasyon fizik” siyifi kontak fizik dirèk ki anpeche oubyen limite anpil libète mouvman yon elèv. Ekspresyon kontrent fizik pa gen ladann kontrent kote yo immobilize timoun lan epi figi li kole ak atè a), imobilizasyon mekanik oubyen imobilizasyon grasa medikaman. Epitou, imobilizasyon fizik pa gen ladann bagay sa yo non plis: fè kontak fizik rapid, san fòse, pou asire sekirite oubyen limite konpòtman kote elè la kapab fè tè li mal, oryante yon moun fizikman oubyen ankouraje pandan ansèyman yon ladrès, re-oryante atansyon, bay konfò oubyen yon eskòt fizik.

“Eskòt fizik” siyifi touche oswa manyen tanporèman, san itilize lafòs, sou men, ponyèt, bra, zepòl oswa do yon moun pou ankouraje yon elèv ki ajite mache pou ale yon kote ki san danje.

“Imobilizasyon mekanik” siyifi itilizasyon yon aparèy fizik pou limite mouvman yon elèv oubyen mouvman oswa fonksyon nòmal yon pati nan kò elèv la. Yon aparèy pwoteksyon oubye estabilizasyon yon doktè kòmande pa reprezante yon imobilizasyon mekanik. **Li entèdi pou itilize yon aparèy imobilizasyon fizik, eksepte so yon doktè otorize li ekspresman epi paran/gadyen/moun ki okipe timoun lan te apwouve li alekri.**

“Izolman” siyifi detansyon envolontè yon elèv pou kont li nan yon sal oubyen nan yon zòn kote yo anpeche fizikman elèv la ale oubyen kote yo rezonabman panse elèv la p ap kapab soti. Izolman pa gen ladann yon ‘time-out’, jan sa defini nan 603 CMR 46.02. **Li entèdi itilize imobilizasyon nan izolman.**

“Time-out” siyifi yon estrateji sipò konpòtmantal kote yo separe yon elèv tanporèman de aktivite ansèyman oswa salklas la, swa selon chwa elèv la oubyen selon

lòd estaf la, pou kapab kalme. Pandan time-out la, yon elèv p ap izole envolontèman epi yon estaf dwe siveye li anpèmanans. Estaf la dwe rete ak elèv la oubyen disponib touswit pou elèv anpèmanans. Time-out pa pral fini kou elèv la kalme oubyen aprè trant (30) minit fin pase, sa ki rive anvan. Pibon metò la se pou aplike time-out lan andedan salklas la. Biwo Sèvis pou Elèv dwe apwouve nenpòt espas yo itilize pou time-out andeyò yon salklas anvan yo sèvi avè li.

“Medikaman” siyifi administrasyon medikaman pou kapab kontwòle konpòtman tanporèman. **Li entèdi itilize medikaman eksepte si yon doktè te otorize li ekspresman epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan apwouve li alekri.**

“Imobilizasyon fas kont tè” siyifi yon imobilizasyon kote yon elèv please figi li k ap manyen atè a oubyen yon lò sifis, epi yo mete presyon fizik sou kò elèv la pou kenbe elèv la nan pozisyon imobilizasyon sa a. **Li ekspresman entèdi pou itilize tip imobilizasyon sa a.**

“Rektè/Direktè Lekòl Siperyè” siyifi lidè enstriksyon yon pwogram lekòl edikasyon piblik oubyen moun li te deziyen an.

Itilizasyon yon Metòd Imobilizasyon

Si tout lòt altènativ legal ki mwens anvayisan yo echwe oubyen yo jije yo pa apwopriye pou anpeche vyolans elèv la, konpòtman destriktè li epi/oswa pou de-eskalade yon konpòtman ki potansyèlman danjere pami yon gwoup elèvs oswa yon grenn elèv, yo dwe itilize yon dispozitif imobilizasyon fizik an dènye rekou. Si pou nou di l yon lòt fason, **yo gendwa sèvis ak yon dispozitif imobilizasyon fizik kòm dènye rekou nan yon ijans lè konpòtman elèv la poze yon menas danje fizik iminan epi grav pou elèv la oswa pou lòt moun, epi elèv la pa obeyi lòd ak pawòl oubyen lòt entèansyon legal ki mwens anvayisan oubyen yo jije entèvansyon sa yo pa apwopriye pou sikonstans yo.** Nenpòt imobilizasyon fizik pa dwe depase itilizasyon mezi fòs ki rezonab ak nesèsè, pou mwens tan posib, pou pwoteje yon elèv oubyen yon lòt manm kominote

lekòl la kont yon agresyon oubyen yon menas fizik ki iminan ak grav. Pèsonèl lekòl la kapab immobilize fizikman moun si yo te jwenn bonjan fòmasyon sou fason pou fè yon immobilizasyon fizik.

Lòt Restriksyon konsènan Itilizasyon Teknik Immobilizasyon

Pratik annapre yo entèdi: (i) itilizasyon kontrent ki pa konpatib ak pwovizyon ki make anlè yo; (ii) itilizasyon kontrent kòm yon mwayen disiplin ou byen pinisyon, akòz destriksyon pwopriyete oubyen yon dezòd nan lekòl la, oubyen akòz yon elèv refize obeyi yon règ lekòl la oubyen lòd estaf la, oubyen menas nan bouch lè aksyon sa yo pa reprezante yon menas iminan, grav ak fizik ki entèdi ekspresman; (iii) itilizasyon immobilizasyon figi kont atè a, (iv) itilizasyon dispozitif immobilizasyon mekanik; (v) itilizasyon medikaman yon doktè pa apwouve epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa apwouve alekri; (vi) itilizasyon immobilizasyon lè elèv la endike li pa kapab respire oubyen li sanble li nan sitiyasyon gwo difikilte (ki gen ladann men se pa sa sèlman: difikilte pou respire, kriye oubyen touse anpil pandan anpil tan).

Yo pa kapab enkli immobilizasyon antanke yon repons ki planifye nan yon pwogram edikasyon endividalize (IEP). Sepandan, konsènan elèv yo ki abitye gen konpòtman oto-destriktè, rektè/direktè lekòl siperyè yo gen dwa pwopoze ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan yon antant apa alekri pou itilizasyon teknik immobilizasyon lè gen yon ijans pandan yon peryòd ki limite ak presi. Nan sitiyasyon sa yo, se pou plan an enkli prezantasyon rapò detaye ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la osijè frekans itilizasyon ak dire immobilizasyon yo, ansanm ak peryòd tan presi yo bezwen pou redwi epi elimine itilizasyon teknik immobilizasyon fizik yo. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe chèche jwenn otorizasyon alekri paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou plan an anvan yo kapab mete l anplas.

Administrasyon Teknik Immobilizasyon Fizik Kòm sadwa

Se sèlman pèsonèl lekòl la ki pran fòmasyon ki kapab administre teknik immobilizasyon fizik yo. Pèsonèl lekòl ki pran yon fòmasyon se tout moun ki te resevwa swa yon fòmasyon apwofondi oubyen ki te resevwa yon fòmasyon debaz ki detaye anba la a. Chak fwa sa posib, se pou omwen yon adilt ki pa patisipe nan immobilizasyon fizik la temwen administrasyon immobilizasyon fizik la. Lè y ap administre yon immobilizasyon fizik, pèsonèl lekòl la pral itilize sèlman kantite fò ki nesèsè pou pwoteje elèv la oubyen lòt moun kont chòk fizik. Anplisdesa, pèsonèl lekòl la k ap administre yon immobilizasyon fizik dwe itilize metòd ki pi sekirize ki disponib ak apwopriye pou sitiyasyon an konfòmman ak egzijans sekirite ki detaye annapre a, epi li pral kanpe immobilizasyon an, rapid jan sa posib. Yo dwe met fen nan nenpòt immobilizasyon fizik kou elèv la pa reprezante okenn danje ankò pou tèt pa li ak pou lòt moun, oubyen kou elèv endike li pa kapab respire oubyen si yo wè elèv la nan gwo difikilte, tankou si li gen difikilte pou respire oswa l ap kriye oubyen touse anpil oubyen pandan lontan. Sonje sepandan ke egzijans nan fòmasyon sa yo pa anpeche yon pwofesè, yon anplwaye oubyen yon ajan lekòl la itilize fòs ki nesèsè ak rezonab pou pwoteje elèv yo, lòt moun oubyen tèt yo kont yon agresyon oubyen yon menas fizik sanzatann epi grav.

Egzijans nan Zafè Sekirite

Yo pa kapab itilize okenn fòm kontrent yon fason pou anpeche elèv la respire oswa pale. Pandan administrasyon yon teknik immobilizasyon, pèsonèl lekòl la pral kontinye siveye eta fizik elèv la, ikonpri koulè po li, tanperati ak respirasyon li. Yo dwe kanpe nenpòt teknik immobilizasyon yo t ap fè a kou pèsonèl lekòl la k ap administre immobilizasyon an ke elèv la pa reprezante yon menas fizik pou tèt li oswa pou lòt moun. Anplisdesa, se pou yo aplike teknik immobilizasyon yon fason pou anpeche oswa redwi chòk fizik. **Si, nenpòt moman pandan y ap immobilize fizikman elèv la, li montre li gen difikilte pou respire oubyen li an difikilte fizik, sa ki gen ladann men se pa sa sèlman, difikilte pou respire oswa l ap touse ouyen**

kriye anpil pandan anpil tan, yo dwe sispann immobilize elèv la epi lage l touswit, epi estaf lekòl la pral pran mezi pou chèche jwenn asistans medikal.

Pèsonèl lekòl la dwe egzamine epi teni kont de kèlkeswa restriksyon medikal oubyen sikolojik epi/oswa plan entèvansyon konpòtmantal konsènan itilizasyon kontrent fizik sou yon elèv presi ansanm ak istwa twomatis yo konnen deja oswa yo sispèk li te sibi. Nenpòt moman pandan administrasyon teknik imobilizasyon fizik la, pèsonèl lekòl la gendwa eseye kontakte espesyalis konòtman Biwo Sèvis pou Elèv yo oubyen Ekip Entèvansyon pou Kriz oubyen fè etap pou jwenn asistans medikal, si li sanble ke elèv la nan gwo difikilte fizik.

Pwosedi Swivi ak Egzijans pou fè Rapò

Yon lè ki apwopriye apre yo fin lage yon elèv ki te immobilize, rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an pral mete anplas pwosedi swivi ki dekri anba la a:

- a. egzamine imobilizasyon an avèk elèv la pou analize konpòtman an ki deklanche imobilizasyon an;
- b. analize ensidan an ak pèsonèl lekòl la ki te administre teknik imobilizasyon an pou diskite si yo te respekte pwosedi imobilizasyon kòrèk yo; epi
- c. swivi an ta dwe fèt avèk elèv yo ki te temwen ensidan an, ki gen ladann yon sesyon analiz ak pwofesè a, yon sesyon analiz ak konseye a oubyen itilizasyon pratik retablisman; epi
- d. yo dwe voye yon notifikasyon alekri ki esplike imobilizasyon an ba Biwo Sèvis pou Elèv yo ak ba sipèvizè imedya rektè/direktèlekòl siperyè a.

Sa ki annapre yo se egzijans nan zafè prezantasyon rapò lekòl la respekte:

- a. Chak fwa yo aplike yon teknik imobilizasyon fizik, se pou yo rapòte li alekri, ikonpri non elèv yo te immobilize a, ba Biwo Sèvis pou Elèv yo ansanm ak ba sipèvizè dirèk rektè/direktè lekòl siperyè a.
- b. Manm estaf lekòl la ki itilize yon teknik imobilizasyon fizik ki bay elèv la yon chòk dwe enfòmè aloral rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an osijè ensidan imobilizasyon an rapid jan sa posib, epi pa pi ta pase nan fen jounen lekòl la nan jou li te administre teknik imobilizasyon an. Yo dwe ranpli yon rapò alekri epi prezante li ba rektè lekòl la/direktè lekòl siperyè a pou yo egzamine jan yo te itilize teknik imobilizasyon pwochen jou travay la oplita aprè yo te administre teknik imobilizasyon an. Si se rektè/direktè lekòl siperyè a ki te administre teknik imobilizasyon an, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe prepare rapò a epi voye li ba Sipèrentandan pou yon ekip Sipèrentandan deziyen kapab analize li.
- c. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral kenbe yon rejis anpèmanans sou tout enstans imobilizasyon fizik yo te rapòte.
- d. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an dwe enfòmè aloral paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan rapid jan sa posib men anvan venn-kat (24) èdtan pase apre administrasyon teknik imobilizasyon an, epi li dwe prezante yon rapò alekri ki gen so lapòs sou li ki pa pi ta pase twa (3) jounen travay lekòl ki vini aprè jou yo te itilize teknik imobilizasyon an. Rektè/direktè

lekòl siperyè a dwe bay elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan posibilite pou kòmman alekri osijè jan yo te itilize teknik imobilizasyon an ak osijèenfòmasyon ki nan rapò alekri a.

- e. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral prezante Biwo Sipèrèntandan an yon kopi rapò alekri konsènan ensidan imobilizasyon fizik lè imobilizasyon fizik sa a te fè elèv la te blese ansanm ak yon kopi dosye anpèmanans lekòl la ki liste tout enstans imobilizasyon fizik yo rapòte pandan trant (30) jou ki vini anvan ensidan imobilizasyon fizik yo te rapòte a. **Se pou yo prezante dokiman sa a nan Biwo Sipèrèntandan an nan yon (1) jou travay lekòl oplita aprè rektè/direktè lekòl siperyè a te resewva rapò alekri a.** Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe konvoke yon ekip sipò pou fè yon evalyasyon de yon elèv presi si yo te immobilize fizikman yon elèv nan de (2) ensidan separe nan yon peryòd sèt (7) jou oubyen twa (3) fwa nan yon peryòd trant (30) jou. Manm ekip ki pou nivo klas la ansanm ak lòt estaf pwogram la ke rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa chwazi, pral patisipe nan evalyasyon an. Chak manm ekip sipò elèv la pral li rapò alekri yo osijèensidan imobilizasyon yo ansanm ak kèlkeswa kòmantè elèv ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan bay konsènan rapòyo ak itilizasyon teknik imobilizasyon yo. Anplis de ekip sipò elè la ki pral egzamine epi diskite rapò sa yo, evalyasyon an pral gen ladann yon analiz sikonstans ki debouche sou chak imobilizasyon, ikonpri faktè tankou lè nan lajounen, ki jou lasemèn, evènman antesedan y oak moun ki te enplike yo. Evalyasyon an pral pran fen ak yon plan

pou abòde nenpò faktè ki gendwa te kontribye nan eskalad konpòtman yo, konsiderasyon altènativ pou ranplase imobilizasyon, ki gen ladann teknik de-eskalad epi entèvansyon posib, epi lò estrateji ak desizyon, jan sa apwopriye, ki gen kòm objektif pou redwi oubyen elimine itilizasyon teknik imobilizasyon pi devan. Si rektè/direktè lekòl siperyè a te patisipe dirèkteman nan imobilizasyon an, yon moun ki byen kalifye Sipèrèntandan an te deziyen pral dirije diskisyon ekip sipò elèv la. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe asire li ke yon dosye chak analiz elèv apa ekip sipò a te fè rete disponib anpèmanans pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts, depi li fè demann lan.

- f. Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe òganize yon egzamen chak mwa de tout done pou tout lekòl la ki gen pou wè ak ensidan imobilizasyon fizik. Egzamen sa a pral analize tandans itilizasyon teknik imobilizasyon fizik yo selon similarite yo tankou lè nan lajounen, jou la semen oubyen moun ki enplike yo; kantite ak dire ensidan imobilizasyon fizik yo pou tout lekòl la ak pou chak elèv apa; dire ensidan imobilizasyon yo; ak kantite epi tip blesi yo, si genyen, itilizasyon teknik imobilizasyon te lakòz. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si li nesèsè oubyen apwopriye pou modifiye pratik ak pwosedi prevansyon itilizasyon imobilizasyon lekòl la, òganize plis fòmasyon pou estaf la konsènan estrateji rediksyon/prevansyon, tankou antrènman entèvansyon ak sipò konpòtman pozitif, oubyen nan pran nenpò lòt mezi ki nesèsè oubyen apwopriye pou redwi

oubyen elimine itilizasyon teknik imobilizasyon.

Egzijans nan Fòmasyon Distri a

A. Pou Tout Estaf Pwogram la

Pandan premye mwa chak ane lekòl, rektè/direktè lekòl segondè a nan chak lekòl pral òganize pou tout estaf pwogram la yon fòmasyon konsènan prevansyon imobilizasyon ak sipò konpòtmantal, kondisyon pou kilè yo ka itilize teknik imobilizasyon ak politik sa a. Epi tou, pou tout nouvo anplwaye lekòl la yo anboche apre kòmansman ane lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral òganize pou yo yon fòmasyon ki gen pou wè ak politik sa a pandan premye mwa travay yo. Fòmasyon an santre sou a ki annapre a: (a) politik sa a ansanm ak pwosedi ak direktiv ki asosye yo Sipèrentandan te devlope; (b) entèvansyon ki gendwa anpeche bezwen pou aplike teknik imobilizasyon, ikonpri de-eskalad konpòtman pwoblematik yo ansanm ak lòt altènativ pou immobilize nan sikonstans ijans, ikonpri itilizasyon 'time-out' kòm yon estrateji sipò konpòtmantal ki pa menm bagay ak izòlman; (c) lè konpòtman na prezante tankou yon ijans ki mande pou yo itilize teknik imobilizasyon fizik, tip imobilizasyon fizik ki otorize yo ak konsiderasyon sekirite ki asosye yo, ikonpri enfòmasyon konsènan ogmantasyon risk pou elèv la pran yon chòk lè yo itilize yon teknik imobilizasyon, prezizman yon teknik imobilizasyon ki dire anpil tan; (d) administre teknik imobilizasyon fizik konfòmman ak restriksyon medikal oubyen sikolojik yo okouran deja epi/oswa plan entèvansyon konpòtmantal ki aplikab pou yon elèv presi, ikonpri istwa twomatiks yo konnen deja oubyen yo sispèk; epi (e) wòl elèv, estaf ak fanmi an nan anpeche itilizasyon teknik imobilizasyon; epi (f) idantifikasyon estaf pwogram la ki te resevwa fòmasyon apwofondi konfòmman ak 603 C.M.R. 46.03(3) pou aprann itilize teknik imobilizasyon. *Al gade* 603 C.M.R. 46.03(2).

B. Pou Estaf ki Otorize Sèvi kòm Resous pou Tout Lekòl la sou Administrasyon Kòrèk Teknik Imobilizasyon Fizik

Nan kòmansman chak ane lekòl, rektè/direktè lekòl siperyè a nan chak lekòl dwe idantifye estaf pwogram la ki otorize sèvi antanke resous pou tout lekòl la pou ede yo administre kòrèkteman teknik imobilizasyon fizik. Kontni fòmasyon apwofondi an baze sou konpetans epi li pral dire omwens sèz (16) èdtan. Moun sa yo pral patisipe nan omwens yon klas rapèl pandan ane lekòl ki vini apre yo ki pa ka dire mwens ke uit (8) èdtan. Fòmasyon an pral gen ladann, men se pa sa sèlman: (a) pwosedi ki apwopriye yo pou anpeche itilizasyon teknik imobilizasyon fizik, ikonpri de-eskalad konpòtman ki pwoblematik la, ranfòse relasyon ak itilizasyon metòd altènativ alapas teknik imobilizasyon yo; (b) deskripsyon ak idantifikasyon konpòtman elè presi ki danjre ki gendwa pwovoque itilizasyon teknik imobilizasyon fizik ak metò pou evalye menas nan sitiyasyon presi pou detèmine si yo ta dwe itilize kontrent fizik; (c) eksperyans simile pou administre ak sibi teknik imobilizasyon fizik, enstriksyon konsènan efè(yo) sou moun ki immobilize a, ikonpri enstriksyon pou siveye siy detrès fizik epi jwenn sistans medikal; (d) enstriksyon konsènan dokimantasyon ak egzijans pou prezante rapò epi ankèt konsènan chòk ak plent yo; (e) enstriksyon konsènan enpak teknik imobilizasyon an sou elèv ak fanmi a, konprann ke teknik imobilizasyon an gen yon enpak, ikonpri men se pa sa sèlman, efè sikolojik, fizyolojik ak sosyo-emosyonèl; epi (f) demonstrasyon patisipan yo pou montre ladrès yo nan administrasyon teknik imobilizasyon fizik. *Al gade nan* 603 C.M.R. 46.03(3) ak 46.03(4).

Pwosedi yo pou Pote Plent

A. Rezolisyon Enfòmèl Preyokipasyon Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik

Anvan pou ou kòmanse yon pwosedi plent fòmèl, yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan

ki gen preyokipasyon konsènan yon itilizasyon presi kontrent fizik, gendwa eseye rezoud preyokipasyon sa yo epi prezante kesyon an devan rektè/direktè lekòl siperyè a. Elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ta dwe prezante preyokipasyon yo konsènan yon itilizasyon espesifik kontrent fizik ba rektè/direktè lekòl siperyè a nan dis (10) jou aprè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan resevwa rapò alekri lekòl la ki detaye anlè. Rektè/direktè lekòl siperyè a pral eseye travay ak moun lan pou rezoud plent lan yon fason ki ekitab ak rapid, selon sa manda yo pèmèt yo fè. Si elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa satisfè ak rezolisyon an oubyen si elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pa chwazi yon rezolisyon enfòmèl, alòs elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa pouswiv epi sèvi ak pwosesis plent fòmèl la ki detaye anba a.

B. Rezolisyon Fòmèl Preyokipasyon Konsènan Itilizasyon Kontrent Fizik

Yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, ki gen preyokipasyon konsènan yon itilizasyon presi kontrent fizik, gendwa chèche rezoud preyokipasyon sa yo osijè itilizasyon kontrent fizik epi soumèt yon plent alekri ba Biwo Sipèrentandan an. Elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ta dwe soumèt korespondans lan ba Biwo Sipèrentandan an nan ven (20) jou aprè paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan resevwa rapò alekri a nan men lekòl la ki detaye anlè a. Plent alekri a dwe gen ladann (a) non elèv la; (b) non lekòl la kote yo te itilize kontrent fizik la; (c) non moun yo ki te patisipe nan aplikasyon swa-dizan kontrent fizik la; (d) sou ki baz plent oswa

preyokipasyon an chita; epi (e) mezi koreksyon yo swete yo.

Biwo Sipèrentandan an, atravè moun li te deziyen yo, pral Mennen yon ankèt konsènan plent la rapidman

aprè li resevwa plent la. Pandan ankèt la, Biwo Sipèrentandan an epi/oswa moun li te deziyen yo pral kontakte moun yo te refere yo kòm de moun ki gen enfòmasyon pètinan ki gen pou wè ak plent la. Yo pa ka mete delè estrik pou mennen ankèt la paske chak seri sikonstans diferan. Biwo Sipèrentandan an epi/oswa moun li te deziyen yo pral asire yo ke yo travay sou plent lan rapidman, jan sa posib. Aprè ankèt la fini, Biwo Sipèrentandan an pral kontakte moun ki te pote plent la konsènan rezilta ankèt li a epi desizyon final li si yon mezi korektiv nesèsè oswa pa.

Lòt Pwosesis Plent ki Disponib Tou

Se pou yo remake ke pwovizyon ki nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv itilize pwosesis plent la ki dekri nan “Politik Kont Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl” Cambridge Public Schools la pou eseye jwenn yon rezolisyon pou nenpòt plent pou diskriminasyon oswa pèsekisyon ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou ras, koulè, peyi kote yo soti, etnisite, ansèt, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, sitiyasyon ansyen veteran, estati sivil, fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès, oubyen eta ki gen pou wè ak gwosès. Se pou yon sonje tou ke pwovizyon ki nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv itilize pwosesis plent la ki endike nan Seksyon 23.0 *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a pou chèche jwenn yon rezolisyon nenpòt plent ki gen pou wè ak privasyon dwa yon elèv ki liste nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a.

KÒD KONPÒTMAN (Politik yo)

16. Entwodiksyon

Chak lekòl gen pwòp seri règ li yo – yo konn rele yo tou règ ki baze lekòl – yo egzije pou elèv yo respekte. Si yon elèv pa respekte yo règ ki baze lekòl la, yo gen dwa discipline yo. Se yon komite administratè, pwofesè, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ansanm ak elèv nan lekòl entèmedyè ki ekri règ ki baze lekòl la nan chak lekòl epi yo revise yo pandan chak

sezon prentan. Règ ki baze nan lekòl la afiche nan chak salklas epi yo bay yo elèv yo pou pote lakay yo chak septanm. Anplisde swiv pwòp règ ki baze nan lekòl la, chak lekòl dwe respekte tou kòd konpòtman ki nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite*. *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* an liste règ tout elèv yo dwe swiv. Yon elèv ki pa respekte règ sa yo gendwa jwenn yon sispansyon oswa yo ekspilse li de lekòl la. Ni règ ki baze nan lekòl la ak ni *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a aplikab pou konpòtman elèv yo pandan yo lekòl la, nan yon aktivite lekòl la esponsorize epi sou chemen pou ale oswa pou tounen de lekòl la.

W ap jwenn yon rezime *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* yo anba la a. Ou gendwa jwenn yon kopi règ ki baze nan lekòl la ki bon ou lekòl pitit ou an ap frekante nan men rektè/direktè lise a. Epitou ou gendwa jwenn yon kopi *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* an nan men rektè lekòl la/direktè lise a. Li afiche tou sou wèbsayt distri lekòl la.

Anplisdesa, w ap jwenn yon ti deskripsyon kout de dives politik CPS la genyen, ki gen ladann politik kont diskriminasyon. Estaf la oubyen elèv yo kipa respekte politik sa yo gendwa jwenn sanksyon disiplinè. Pou jwenn yon kopi konplè politik sa yo, kontakte rektè lekòl la/direktè lise a.

17. Filozofi

Politik disiplin Komite Lekòl Cambridge la mande pou tout pèsonè lekòl ede elèv yo rezoud pwoblèm konpòtman san li pa bezwen itilize mezi disiplinè ekstrèm. Move konpòtman yon elèv gendwa endike pwoblèm soujasan ki pi konplèks yon elèv gendwa gen ak lekòl la epi ak lasosyete, epi lekòl prime yo ta dwe fè tout sa ki posib pou ede elèv ak paran yo oswa, ou k ap okipe yo jere efikasman pwoblèm sa yo. Yo rekòmande bay sispansyon oswa ekspilasyon sèlman kòm dènye rekou. Nou ankouraje pèsonèl lekòl la pou li pouswiv epi epwize tout lòt konsekans ki disponib epi ki apwopriye oubyen aksyon disiplinè pou pwomouvwa edikasyon ak bon konpòtman yon elèv anvan li deside bay yon sispansyon oswa ekspilasyon.

Lekòl yo pral eseye travay ak elèv ki arisk fas-a-fas pou kont li, pou eseye jwenn kòz pwoblèm la epi rekòmande yon altènativ. Pafwa li nesèsè pou òganize konferans ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la oubyen pou fè yon visit lakay. Kominikasyon ant lakay

ak lekòl trè enpòta pou reyisi nenpòt demach. Konseye lekòl oswa sikològ yo se yon resous pou fè rekòmandasyon epi pou jwenn solisyon. Medyasyon ant kanmarad menm nivo (peer mediation), mantò ki pwofesè, Big Brothers and Sisters se atou ki gen anpil valè tou. Cambridge gen anpil chans pou gen Ekip devlopman sosyal anplas ki reyaji epi ki kritik pou bezwen elèv ki pètibe. Men kèk egzanp Ekip sa yo: Ekip Sipò Elèv (Student Support Teams, SST); Ekip Asistans Pwofesè (Teacher Assistance Teams, TAT); ak Ekip Entèvanon Administrativ yo (Administrative Response Teams, ART). Ajans kominotè se paten enpòtan pou bay sèvis sipò ki gen anpil valè. Ajans sa yo bay Ekip lekòl yo bonjan konsèy epi yo travay ak elèv yo endividyèlman oswa angwoup. Sèvis prevantif sa yo gen yon efè disyazif pou konpòtman ki pa apwopriye, sispansyon posib epi petèt tou, pou anpeche elèv yo abandone lekòl.

Politik konsènan Konpòtman ak Disiplin yo

18. Fimen: Politik Entèdiksyon Taba

Lwa Jeneral Massachusetts yo, Chapit 71, Seksyon 37H entèdi tout moun ki gen ladann tou tou pèsonèl lekòl la itilize nenpòt pwodui ki abaz taba andedan enstalasyon lekòl la, sou teren lekòl la oswa nan bis lekòl la. Politik la aplikab pou tout evènman lekòl la esponsorize, ki gen pou wè ak lekòl la ak je atletik. Estaf la ak elèv yo ki pa respekte lwa sa yo ap sibi sanksyon disiplinè. Kèlkeswa manm estaf la ki wè yon elèv ap fimen sou pwopriyete lekòl la ta dwe mande kijan elèv la rele epi enfòmè li ke li entèdi pou moun fimen sou pwopriyete lekòl la. Yo pral bay rektè/direktè lise a non elèv la oswa bay asistan rektè a ki pral enfòmè ni nès lekòl la ak no paran oswa gadyen an. Gen Pwogram Asistans ak Taba (Tobacco Assistance Program, TAP) ki disponib nan lekòl piblik nou yo epi li la pou ede moun ki chwazi kwape adisyon ak taba.

19. Entèdiksyon Estatitè Kont Dwòg, Zam ak Agresyon sou Estaf Lekòl la

Manman-Lwa Jeneral Massachusetts chapit 71, seksyon 37H endike, nan pati pètinant li yo, ke:

(a) Nenpòt elèv yo bare sou pwopriyete lekòl la oswa nan evènman lekòl la esponsorize oswa aki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann je atletik, ki an posesyon yon zam danjere, tankou men se pa sa sèlman, yon zamafe oubyen yon kouto; oswa yon sibstans kontwole, jan sa defini nan chapit katre-ven katòz C, ki gen ladann men se pa sa sèlman, marigwana, kokayon ak ewoyin, gendwa resevwa yon sanksyon ekspilasyon de lekòl oswa de distri lekòl la nan men rektè/direktè lise a.

(b) Nenpòt elèv ki agrese yon rektè/direktè lise, yon asistan rektè, yon pwofesè, yon asistan pwofesè a oubyen lòt estaf pou edikasyon sou pwopriyete lekòl la oswa nan evènman lekòl la esponsorize oswa ki gen pou wè ak lekòl la, ikonpri nan je atletik, gendwa anba sanksyon ekspilasyon de lekòl oswa de distri lekòl la rektè/direktè lise a dekrete.

(c) Nenpòt elèv yo enkilpe ak yon vyolasyon nenpòt nan paragraf (a) oswa (b) pral notifiye alekri ke li gen yon posibilite pou jwenn yon odyans; akondisyon, sepandan, elèv la gendwa gen yon moun ki reprezante li, ansanm ak posibilite pou prezante prèv ak temwen pandan odyans la devan rektè/direktè lekòl la.

Aprè odyans la, yon rekta rektè/direktè lekòl gendwa, selon pouvwa diskresyonè li, deside sispann olye pou li ekspilse yon elèv rektè/direktè lekòl la detèmine ki te vyole swa paragraf (a) oubyen (b).

(d) Nenpòt elèv yo te ekspilse de yon distri lekòl sou labaz pwovizyon sa yo pral gen dwa pou fè yon kontestasyon devan sipèrentandan an. Elèv ki ekspilse a pral gen dis (10) jou apatide dat ekspilasyon an pou li notifiye sipèrentandan an konsènan kontestasyon an. Elèv la gen dwa pou jwenn yon avoka nan odyans lan devan sipèrentandan an. Sijè kontestasyon an p ap limite sèlman pou detèmine fè yo si elèv la te vyole nenpòt pwovizyon nan seksyon sa a oubyen pa.

(e) Lè yo ekspilse yon elèv dapre pwovizyon seksyon sa a, okenn lekòl oubyen distri lekòl andedan Commonwealth la ap oblije aksepte elèv sa a ni bay elèv sa a sèvis edikasyon nonplis. Si elèv sa a pa aplike pou admisyon nan yon lòt lekòl oswa distri lekòl, sipèrentandan distri lekòl la kote li te aplike a gendwa mande epi li pral resevwa nan men sipèrentandan

lekòl ki te ekspilse elèv la yon deklarasyon alekri ki endike rezon pou ekspilasyon sa a.

20. Politik konsènan Dwòg

Yon elèv pa respekte politik konsènan dwòg la si yo bare li sou teren lekòl la, nan bis la oubyen nan yon evènman lekòl esponsorize oswa ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann je atletik, pandan li an posesyon yon sibstans ki kontwole jan sa deini nan Chapita 94C, ki gen ladann, men ki pa limite ak marigwana, kokayon oswa ewoyin. Nan sitiyasyon sa yo, yrektè/direktè lise a gendwa ekspilse elèv la.

21. Politik konsènan Zam

Yon elèv an vyolasyon politik zam la si: elèv la pote yon zam lekòl la; si li itilize yon zam sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan yon aktivite lekòl la; oubyen li gen yon zam swa nan kazye li oswa nan pòch li oubyen pandan li lekòl la, nan bis la oswa pandan yon aktivite aprè-lekòl.

Zam ki legalman danjre gen ladann nenpòt bagay yo pote yon fason pou entimide oubyen ak lentansyon pou koze yon lòt moun domaj. Pami zam sa yo genyen:

- zamafe nenpòt kalite, ki gen ladann BB guns ak fizi ak lè;
- nenpòt kouto ki gen yon lam file nan toude bò yo, yon pwaya oubyen kouto ki gen yon dispozitif resò otomatik kote lam la deplwaye apatide manch la; nenpòt estilè oswa dag,
- kou-de-pwen metalik, nunchaku, shuriken oswa nenpòt objè pweni sanblab ki gen fòm zetwal pou blese yon moun lè yo jete moun la;
- black jacks, pistolè ak lè;
- nenpòt brasa ki an kwi ki gen pwent oswa bout metalik; nenpòt dispozitif sanblab ki fèt ak nenpòt lòt materyo,
- gaz lakrimojèn, grenad lakrimojèn oubyen nenpòt lòt sibstans yo itilize pou enkapasite yon lòt moun;
- nenpòt fe datifis oswa eksplozif,

- tout lòt zam ki dekri nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, Chapit 269, Seksyon 10.

Gen lòt bagay, ki pa defini kòm zam dapre Lwa Jeneral Massachusetts 269, Seksyon 10, men ki pa otorize sou teren lekòl la, nan evènman lekòl la esponsorize epi/oswa nan evènman ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann je atletik. Izaj atik ki entèdi sa yo pral debouche sou yon sispansyon epi yo ka antrene ekspilsyon elèv la de lekòl la. Men egzanp:

- nenpòt kalite kouto, kèlkeswa fòm oswa longè yo, ki gen ladann chèn kle ki gen kouto ladann, kouto pou fè eskis,
- lam nenpòt ki dimansyon,
- razwa, cutter,
- chèn, fwèt oubyen nenpòt lòt objè an metal ki pa gen okenn objektif akademik oswa okenn objè ki pa gen itilizasyon rezonab nan anviwònman lekòl la, sou teren lekòl la epi/oswa pandan evènman lekòl la esponsorize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la, ikonpri je atletik.

Epitou gen lòt atik òdinè oswa objè si yo itilize yon fason ki danjre oswa menasan, gendwa antrene yon sispansyon ak ekspilsyon de lekòl la. Pami atik sa yo, genyen:

- kreyon, sizo, zegwi ak zepeng, zong, zouti menwizri, elatriye;
- patisipe oswa eseye patisie nan teknik atletik ki derezonabman danjere ki mete an danje sante ak sekirite yon moun, tankou pa egzanp itilize yon kask oubyen nenpòt lòt ekipman espò.

Okenn jwèt oubyen kopi nenpòt ki kalite, ki gen ladann pistolè ak kouto, otorize nan batiman lekòl la, sou teren lekòl la, nan otobis oubyen nan evènman lekòl la esponsorize epi/oswa ki gen pou wè ak lekòl la, tankou pa egzanp pandan match atletik. Yo pral konfiske atik tankou sa yo epi sa gendwa antrene sispansyon oswa ekspilsyon, si rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-Adjwen an detèmine yo pa respekte politik sa a.

22. Agresyon sou Estaf la

Nenpòt elèv ki agrese yon Rektè/Direktè Lekòl Siperyè, Rektè-Adjwen, Dwayen, pwofesyonè, asistan pwofesè oubyen lòt estaf sou pwopriete lekòl la oubyen nan evènman lekòl la esponsorize oswa ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann match atletik, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa jwenn yon sanksyon ekspilsyon de lekòl la oswa distri lekòl la. Yo konsidere yon zak se yon agresyon si elèv la:

- entansyonèlman, an konesans de koz oubyen pa neglijan yon fason ki koze yon lòt moun yon chòk kòporèl;
- entansyonèlman oswa an konesans de koz menase yon lòt moun pou li resevwa yon chòk sanzatan;
- entansyonèlman oswa an konesans de koz pwovoke yon kontak fizik ak yon lòt moun lè elèv konnen oubyen ta dwe konnen rezonman ke lòt la pral entèprete kontak la kòm yon konpòtman ki ofansif, pwovokatè oubyen fè l pè ou li kwè gen yon danje ki menase li sanzatan.

23. Elèv yo ki Enkilpe oswa Kondane pou yon Zak (Feloni)

Si yo enkilpe yon elèv pou yon zak feloni epi prezans yo lekòl la ta gen yon efè negative sou byennèt jeneral lekòl la, yo gen dwa sispann elèv la jiskaske tribinal la pran yon desizyon sou zafè sa a. Si tribinal la kondane li, rektè/direktè lekòl gen dwa ekspilse elèv la, si prezans yo lekòl la ta gen yon efè negatif sou byennèt jeneral lekòl la.

Nan toulede sitiyasyon yo, elèv la ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral notifiye alekri osijèakizasyon yo ak rezon pou sanksyon disiplinè a anvna yo enpoze li epi li pral gen opòtinite parèt nan yon odyans. Si yo enpoze sanksyon an, elèv la pral resevwa tou yon notifikasyon alekri konsènan dwa li genyen pou jwenn yon kontestasyon ak pwosesis pou konteste sanksyon an; sepandan, sanksyon an pral rete anplas anvan Sipèrèntandan an oswa moun lid eziyen an òganize kèlkeswa odyans pou kontestasyon.

24. Bizitaj

Bizitaj siyifi nenpòt konpòtman oswa metòd inisasyon nan yon klas oswa yon gwoup elèv, kèlkeswa si se sou

pwopriyete piblik oubyen prive, ki mete andanje akòz neglijan sante fizik oswa mantal yon lòt elèv. Tout elèv lise yo ap dwe siyen yon deklarasyon ki soti nan Depatman Massachusetts Edikasyon Primè ak Segondè konsènan bizitaj.

Bizitaj se yon vyolasyon politik lekòl la. Elèv yo k ap patisipe nan bizitaj gendwa jwenn yon sispansyon. Yo pral depoze yon plent penal. Y ap disitribye enfòmasyon konsènan sijè sa a ba tout elèv yo nan premye jou lekòl la. *Manman-Lwa Massachusetts Chapit 269, Seksyon 17*

Zak Bizitaj; Definisyon; Penalite

Nenpòt moun ki yon òganizatè prensipal oswa yon patisipan nan zak bizitaj la, jan sa defini nan dokiman sa a, pral sibi yon sanksyon amann ki pa ka plis pase twa (3) mil dola oswa prizon nan yon mezon koreksyon ki pa kapab plis pase yon (1) lane oubyen toulede amann ak prizon.

Ekspresyon bizitaj yo itilize nan seksyon sa a ak nan seksyon dis-uit ak dis-nèf siyifi nenpòt konpòtman oswa metòd inisyasyon nan nenpòt ki òganizasyon elèv, kèlkeswa si sou pwopriyete ki piblik oswa prive, ki mete an danje entansyonèlman oswa pa neglijan sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oubyen nenpòt lòt moun. Konpòtman sa a pral enkli fwete, bat, markaj, jimnastik fòse, ekspozisyon fwa/cho/lapli/lanèj, konsomasyon fòse nenpòt manje, likè, bweson, dwòg oubyen lòt sibstans oubyen nenpòt lòt tretman brital oswa aktivite fizik fòse ki pral pwobableman afekte negativman sante fizik oswa sekirite elèv oswa moun sa a, ki please elèv oswa lòt moun lan nan yon estrès mantal ekstrèm, ki gen ladann privasyon somèy oswa repo ekstrèm oubyen izòlman pwolonje.

Malgre nenpòt pwovizyon ki nan seksyon sa a ki endike lekotrè, konsantman p ap disponib kòm defans fas ak nenpòt pouswit ki baze sou aksyon sa a.

St. 1985, c. 536 te ajoute l; St. 1987, c. 665. Manman-Lwa Massachusetts Chapit 269, Seksyon 18 te amande l

Obligasyon pou Rapòte Bizitaj

Kèlkeswa moun ki konnen yon lòt moun ki viktim bizitaj, jan sa defini nan seksyon dis-sèt (17) epi ki souplas lè zak sa a ap fèt, moun sa a pral, mezi moun sa a kapab fè l san danje oswa risk pou tèt pa l oswa

lòt moun, li dwe rapòte zak la bay yon ofisye polis rapid jan sa posib. Nenpòt moun ki pa rapòte zak sa a pral pran pinisyon yon amann ki pa plis pase mil dola.

St. 1985, c. 536 te ajoute l; St. 1987, c. 665. Manman-Lwa Massachusetts Chapit 269, Seksyon 19 te amande l

Règleman yo dwe bay Gwoup Elèv yo; Deklarasyon Konfòmite ak Egzijans nan Politik konsènan Disiplin

Chak enstitisyon edikasyon segondè epi chak enstitisyon piblik ak prive edikasyon pòs-segondè pral bay chak gwoup elèv, Ekip elèv oswa òganizasyon elèv ki fèpati enstitisyon sa a oswa enstitisyon an rekonèt oubyen enstitisyon an otorize itilize enstalasyon li yo oubyen enstitisyon an konnen ki egziste antanke yon gwoup elèv, yon Ekip elèv oswa yon òganizasyon elèv ki pa afilye, yon kopi seksyon sa a ak seksyon dis-sèt ak dis-uit yo, akondisyon sepandan, ke yon konfòmite yon enstitisyon ak egzijans seksyon sa a pou yon enstitisyon distribye kopi seksyon sa a ak seksyon dis-sèt ak dis-uit bay gwoup, Ekip oswa òganizasyon ki pa afilye, pa reprezante yon prèv ke enstitisyon an rekonèt oubyen apwouve gwoup elèv yo, Ekip yo oswa òganizasyon ki pa afilye yo.

Chak gwoup, Ekip oswa òganizasyon konsa pral distribye yon kopi seksyon sa a ak seksyon dis-sèt (17) ak dis-uit (18) bay chak nan manm, plebes, pledges oswa aplikan li yo ki vle vin manm. Se pral responsabilite chak gwoup, Ekip oubyen òganizasyon, k ap aji atravè ofisye li deziyen an, pou remèt chak ane yon deklarasyon rekonesans ki di ke gwoup, Ekip oswa òganizasyon sa a te resevwa yon kopi seksyon sa a ak seksyon dis-sèt ak dis-uit, ke chak nan manm, plebes, pledges oswa aplikasyon li yo te resevwa yo kopi seksyon dis-sèt (17) ak dis-uit (18), epi ke gwoup, Ekip oswa òganizasyon sa a konprann epi dakò pou respekte pwovizyon seksyon sa a ak seksyon dis-sèt (17) ak dis-uit (18) yo.

Chak enstitisyon edikasyon segondè epi chak enstitisyon edikasyon pòs-segondè piblik oswa prive dwe, omwen yon fwa chak ane, anvan oswa nan kòmansman enskripsyon yo, remèt chak moun ki enskri kòm elèv atanplèn nan enstitisyon sa a yon kopi seksyon sa a ak seksyon dis-sèt (17) ak dis-uit (18).

Chak enstitisyon edikasyon segondè epi chak enstitisyon edikasyon pòs-segondè piblik oswa prive

dwe anrejistre, omwens yon fwa chak ane, yon rapò opre konsèy edikasyon siperyè a epi konsènan enstitisyon segondè yo, konsèy edikasyon an dwe sètifye enstitisyon sa a te respekte responsabli li pou enfòmasyon gwoup elèv, Ekip oswa òganizasyon epi notifiye chak elèv atanplè li enskri osijè pwovizyon seksyon sa a ak seksyon dis-sèt (17) ak dis-uit (18) epi sètifye tou ke enstitisyon sa a te adopte yon politik disiplinè konsènan òganizatè ak patisipan nan bizitaj yo, epi ke politik sa a te aplike kòrèkteman epi yo te bay tiliv elèv la ase pou oswa mwayen komunikasyon sanblab pou kominike politik enstitisyon an bay elèv li yo. Konsèy edikasyon siperyè a epi, konsènan enstitisyon segondè yo, konsèy edikasyon an pral pwomouvwa règleman ki jere kontni ak frekans rapò sa yo epi li pral rapòte apatide kounye a bay pwokirè jeneral la nenpòt enstitisyon ki manke fè rapò sa yo.

St. 1985, c. 536 te ajoute l; St. 1987, c. 665; St. 1998, c. 161, ss. 557, 558 te amande l

25. Vandalism

Pèsòn pa gen dwa degrade, detui, defigire oswa penetre san otorizasyon sou pwopriyete lekòl la. Tout elèv ak estaf yo ta dwe trete bilding lekòl la ak swen epi respè. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun pral responsab pou peye pou nenpòt domaj bilding la sibi akòz pitit yo. Depatman lekòl la pral pouswiv paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo nan tribinal. Moun ki gen nenpòt enfòmasyon konsènan domaj bilding oswa sa ki gen ladann te sibi dwe rapòte sa bay Biwo Sekirite ak Sirte a. Ekri oswa espere yon fason ki pa apwopriye sou oswa ozalantou lekòl la - graffiti, grave tab biwo, maltrete yon liv, kase yon fenèt, detwi ekipman oswa domaje materyo, tout sa se vyolasyon dwa kominote lekòl la pou gen yon anviwònman ki pwòp. Elèv yo kit e vandalize yo ansanm ak paran/gadyen/moun k ap bay swen yo pral responsab.

26. Goumen/Agresyon Fizik

Yo pral mete anplas mezi disiplinè sevè ak imedyat kont moun ki patisipe nan goumen oubyen ki ankouraje l nan nenpòt fason. Nou p ap tolere okenn konpòtman pètibatè konsa ditou. Sanksyon pou konpòtman inakseptab sa a se yon sispans pou dis (10) jou, selon gravite patisipasyon, kategori, kantite enfraksyon epi/oswa gravite ensidan an. Sonje ke yon

agresyon oswa kou ak blesi sou yon moun se yon zak kriminel epi polis la notifiye konsènan tout agresyon fizik yo, epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pral enfòmasyon sou dwa yo pou prezante yon plent kriminel opre Tribinal Konte Middlesex lan. Selon sikonstans yo, Cambridge Public Schools gendwa, si li vle, depoze yon plent penal devan Tribinal Konte Middlesex lan pou agresyon epi/oswa kou ak blesi. Elèv yo konnen lè yo gen yon kont ak yon moun epi se pou yo chèche jwenn asistans, si sa nesèsè, pou fezoud dispit la pasifikman. Yon elèv gen responsabli pou evite goumen epi pote sitiasyon an alatasyon de nenpòt ofisyèl lekòl. Medyatè ant elèv ak pèsònèl anseyan an disponib nan Biwo Sekirite ak Sirt anpèmanans pou ede rezoud dispit yo.

Se administratè ki responsab la ki pral fè detèminasyon kategori presi ak nivo disiplin pou chak nan senk (5) kategori ki detaye anba la a, sou labaz sikonstans yo nan chak ka presi, epi yon administratè gendwa janbe nan yon kategori disiplin ki pi wo pou yon premye oswa dezyèm enfraksyon, si evènman oswa sikonstans yo egzijè pou yo pran mezi ki pi serye, ki gendwa ale jiska desizyon pou ekspilse moun lan de lekòl la.

KATEGORI 1:

Moun ki ensite zak la/ Pwomotè/ Enstigatè:

Yon elèv yo te mande kite zòn yon dispit ki kreye pètibasyon oswa yon goumen epi ki refize fè l, tonbe nan kategori sa a.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon anndan lekòl la. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan notifiye.

Dezyèm Enfraksyon: 3 jou sispansyon andeyò lekòl la.

Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon

andeyò lekòl la. Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Odyans pou ekspilasyon nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a.

KATEGORI 2:

Kou ak Blesi sou yon Moun:

Yon agresyon sou yon moun ak kou ak blesi sou yon moun se yon gwo zak kriminel. Cambridge Public Schools oblije rapòte tout zak yo ki rive sou pwopriyete lekòl la, nan bis lekòl oubyen nan evènman ki gen pou wè ak lekòl oswa lekòl la esponsorize epi yo pral notifiye lapolis. Yo pral enfòm viktим yok e yon gen dwa depoze yon plent penal epi Cambridge Public Schools gen dwa pouswiv otè zak sa a devan yon tribinal penal.

Premye Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan.

Dezyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilsyon nan biwo rektè/direktè lekòl siperyè a.

KATEGORI 3:

Goumen/Kou ak Blesi Youn Bay Lòt:

Yon agresyon sou yon moun ak kou ak blesi sou yon moun se yon gwo zak kriminel. Cambridge Public Schools oblije rapòte tout zak yo ki rive sou pwopriyete lekòl la, nan bis lekòl oubyen nan evènman ki gen pou wè ak lekòl oswa lekòl la esponsorize epi yo pral notifiye lapolis. Yo pral enfòm viktим yo ke yon gen dwa depoze yon plent penal epi Cambridge Public Schools gen dwa pouswiv otè zak sa a devan yon tribinal penal.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Medyasyon kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Dezyèm Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Medyasyon kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilsyon nan biwo Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a.

KATEGORI 4:

Goumen/ Kou ak blesi youn bay lòt nan salklas, kafeterya, nan regwoupman, nan koridò a, pandan passing time, oubyen nan yon dans lekòl la òganize, elatriye. Dispit (ki fizik oswa pa) kreye yon sityasyon ki espesyalman volatil andedan anviwònman lekòl nou an lè yo pete lè gen anpil moun ki prezan. Konpòtman ki kreye anpil dezòd epi ki nefas merite mezi disiplinè trè estrik. Egzanp: nan lè lench la nan kafeterya a, pandan lè pou egzeyate lekòl la epi nan moman pou antre nan batiman an, pandan dans, evènman spòtif lekòl la òganize, oubyen nan nenpòt asanble oubyen evènman ki sanblab.

Premye Enfraksyon: Jiska 3 jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan. Medyasyon kou li tounen lekòl disponib epi ankouraje.

Dezyèm Enfraksyon: 3 a 5 jou sispansyon andeyò lekòl

la. Konferans ak Paran/Gadyen/Moun k ap okipe

timoun lan. Medyasyon kou li tounen lekòl disponib

epi ankouraje.

Twazyèm Enfraksyon: 5 a 10 jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilsyon nan biwo Rektè/Direktè Lekòl Siperyè a.

27. Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèkansyon

The Cambridge Public Schools angaje li pou kreye yon anviwònman ansèyman ki san danje epi ki montre respè pou tou elèv yo epi ki aplike estrikteman entèdiksyon kont pèsekisyon, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, sibè-pèsekisyon, kèlkeswa elèv yo nen men nenpòt elèv epi li aplike estrikteman tou entèdiksyon kont reprezay kont nenpòt moun ki denonse pèsekisyon, ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon ouyen ki temwen oubyen ki gen enfòmasyon fyab osijè pèsekisyon. Inisyatif ki baze souplis, yo devlope an kolaborasyon ant administrasyon lekòl la ak pèsonèl la, elèv, fanmi yo ak manm kominote a pral eseye: (1) ede elèv tout laj ak

konpetans rete an sekirite, aji yon fason ki responsab, epi gen konfyans nan tèt yo: epi (2) ede adilt yo reponn efikasan rapò elèv yo ak pwòp obsèvasyon pa yo.

Yo defini pèsekisyon kòm itilizasyon repete nan men youn oswa plizyè elèv oubyen yon manm estaf lekòl la, ki gen ladann men se pa sa sèlman, yon edikatè, yon administratè, yon nès lekòl la, yon anplwaye kafeterya, yon gadyen, chofè bis, antrenè atletik, konseye pou yon aktivite aprè-lekòl oubyen yon parapwofesyonèl, ki itilize yon kepresyon alekri, nan bouch oswa elektwonik oubyen yon akt oswa ajisman fizik oubyen nenpòt konbinezon ladan yo, ki dirije pou yon viktim epi ki: (i) koze viktim la ditò fizik oubyen emosyonèl oubyen ki domaje pwopriyete viktim la; (ii) please viktim la nan yon sitiyasyon kote li pè rezonabman pou tèt li oswa pou pwopriyete li pa sibi yon domaj; (iii) kreye yon anviwònman ostil lekòl la pou viktim la; (iv) vyole dwa viktim la lekòl la; oubyen (v) pètibe anpil ak pwofondeman pwosesis edikasyon an oubyen kapasite pou lekòl la fonksyone nan lòd. Konfòmman ak lwa Eta a, Cambridge Public Schools konprann gen sèten elèv ki gendwa pi vilnerab pase lòt pou tounen yon sib pèsekisyon oswa tizonnay selon karakteristik diferansyasyon ki egziste vreman oswa ke yo pèsevwa, ikonpri: ras, koulè, peyi kote ou soti, etnisite, ansèt yon moun, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite oubyen ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sitiyasyon ki gen pou wè ak gwosès, sitiyasyon sosyo-ekonomik, sitiyasyon sanzabri, aparans fizik oubyen sitiyasyon paran k ap leve timoun oubyen asosyasyon ak yon moun ki genyen oubyen yo panse ki genyen youn (1) oswa plizyè nan karakteristik sa yo. Nan kad politik sa a, pèsekisyon enkli sibè-pèsekisyon tou.

Sibè-pèsekisyon defini tou tankou pèsekisyon grasa itilizasyon teknoloji oubyen nenpòt lòt kominikasyon elektwonik, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, nenpòt transfè oubyen siy, siyal, ekri, imaj, son, done oubyen

ransèyman kèlkeswa tip yo transmèt totalman oubyen yon pati ladann nan yon sistèm telegrafik, radyo, elektwomayetik, fof elewtonik oubyen foto optik, ki gen ladann, men se pa sa sèlman, kourye elektwonik, kominikasyon entènèt, mesaj enstantane oswa kominikasyon faks. Sibè-pèsekisyon gen ladann tou (i) kreyasyon yon paj Wèb oubyen yon blòg kote kreyatè a asime idantite yon lòt moun oswa (ii) izirpasyon idantite yon lòt antanke otè kontni oswa mesaj ki afiche, si kreyasyon oswa izirpasyon idantite a kreye nenpòt kondisyon ki enimerere nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an. Sibè-pèsekisyon gen ladann tou distribisyon pa mwayen elektwonik de yon kominikasyon ba plis pase yon moun oswa afichaj matero sou yon sipò elektwonik youn oswa plizyè moun kapab aksede, si distribisyon oswa afichaj la kreye nenpòt nan kondisyon yo ki enimerere nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an.

Agresè oubyen otè zak la defini kòm elèv oswa manm estaf la ki gen ladann, men se pa sa sèlman, yon edikatè, yon administratè, nès lekòl la, yon anplwaye kafeterya a, yon gadyen, chofè bis, antrenè atletik, konseye pou yon aktivite andeyò lekòl oubyen yon parapwofesyonèl, yon volontè lekòl la oubyen yon founisè, yon kontraktiyèl oubyen nenpòt lòt moun k ap travay anba yon kontra ak distri lekòl la ki patisipe nan zak pèsekisyon, sibè-pèsekisyon oswa vanjans.

Anviwòmman ostil, jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 37O, se yon sitiyasyon kote pèsekisyon koze anviwòmman lekòl ranpli ak entimidasyon, ridikil oubyen ensilt ki grav oswa jeneralize ase pou modifiye kondisyon edikasyon yon elèv.

Reprezay defini kòm nenpòt fòm entimidasyon, vanjans oswa pèsekisyon kont yon elèv ki rapòte li viktim pèsekisyon, ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen ki temwen oubyen ki gen enfòmasyon fyab konsènan pèsekisyon.

Estaf gen ladann, men se pa sa sèlman, edikatè, administratè, konseye, nès lekòl, anplwaye kafeterya,

gadyen, chofè bis, antrenèateltik, konseye pou aktivite andeyò lekòl la, estaf sipò oswa parapwofesyonèl yo.

Sib oswa Viktim la defini kòm yon elèv oswa yon adilt ki te sibi pèsekisyon, sibè-pèsekisyon oubyen reprezay.

Pèsekisyon gendwa pran anpil fòm diferan epi li gendwa rive nan nenpòt ki anviwònman. Pèsekisyon gen ladann, men se pa sa sèlman, entimidasyon tankou ensilte oswa menase moun; alienasyon sosyal tankou mete aleka oswa simaye rimè; oubyen agresyon fizik tankou bay yon elèv kou oswa atake pwopriyete yon elèv. Pèsekisyon gendwa kreye yon atmosfè lakrentiv pou tout manm kominote lekòl la. Epitou sa kapab kreye anksyete ki pa nesesè epi ki pa nòmal ki afekte kapasite yon elèv pou frekante lekòl, aprann lekòl, mache nan koridò lekòl la, manje nan kafeterya a, jwe nan lakou lekòl la oubyen nan zòn rekreyasyon yo, patisipe oswa ale nan aktivite andeyò-lekòl oubyen deplase pou ale oswa pou kite lekòl la. Plis preziman, yon “anviwònman ostil” defini tankou yon sitiyasyon kote pèsekisyon koze anviwònman lekòl la pou vin ranpli ak entimidasyon, imilyasyon oswa ensilt ki grav oswa jeneralise ase pou modifiye kondisyon nan edikasyon elèv la. Konpòtman ki pèsekite yo pa abode gendwa pwovoke konsekans terib pou jennjan, ikonpri depresyon, move pèfòmans ak absans lekòl. Si yo pa rezoud pwoblèm konpòtman ki pèsekite yo, sa kapab bay lòt elèv yo mesaj la kòmkiwa li akseptab pou gen tip konpòtman negatif sa yo.

Lalwa entèdi pèsekisyon elèv yo lekòl epi Cambridge Public Schools p ap tolere sa nonplis. Nan kad politik sa a, “lekòl” siyifi tout lekòl, tren lekòl, deplasman sou chemen ale oswa retou lekòl la epi/oswa evènman ak aktivite lekòl la òganize, pwopriyete ki touche teren lekòl yo, aktivite lekòl òganize oswa ki gen pou wè ak lekòl, seremoni, pwogram kèlkeswa si se sou teren lekòl la oubyen andeyò teren lekòl (tankou evènman sosyal, deplasman/vwayaj, evènman espòtif oubyen evènman ak aktivite sanblab lekòl la òganize), nan yon arè otobis, andedan yon bis lekòl oswa nenpòt lòt veyikil distri lekòl la oswa yon lekòl posede, lwe

oubyen itilize, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la, oubyen grasa itilizasyon teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik distri lekòl la posede, lwe oswa itilize nenpòt kote, pou nenpòt aktivite, fonksyon oswa pwogram ki pa gen pou wè ak lekòl la oswa grasa itilizasyon teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik distri lekòl la pa posede, lwe oswa itilize, si zak la kreye yon anviwònman ki ostil lekòl la pou viktim la oswa pou temwen yo oubyen ki deranje anpil ak pwofondeman pwosesis edikasyon an oswa kapasite pou lekòl la fonksyone nan lòd.

The Cambridge Public Schools pran tout akizyon pèsikasyon seryèzman epi li pral reponn plent ak akizasyon pèsekisyon yo rapidman. Epitou, li entèdi fè revanch kont yon moun ki rapòte yon ensidan pèsekisyon, ki ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen ki gen enfòmasyon fyab konsènan yon ensidan pèsekisyon.

Si yon elèv, yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, yon manm estaf la oubyen yon lòt manm kominote a panse ke elèv la te viktim pèsekisyon, oubyen reprezay poutèt li te rapòte yon ensidan pèsekisyon, li te bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen li te temwen ou li gen enfòmasyon ki fyab sou ensidan pèsekisyon, li ta dwe prezante pwoblèm la devan rektè (principal) lekòl/direktè lekòl siperyè a kote timoun lan enskri. Yo kapab fè sa aloral oswa alekri. Rapò konsènan ensidan pèsekisyon epi/oswa rapò osijè reprezay poutèt moun lan te rapòte pèsekisyon an, bay enfòmasyon pandan yon ankèt konsènan pèsekisyon oswa si yon moun temwen oubyen bay enfòmasyon fyab konsènan pèsekisyon, gendwa fèt yon fason pou idantite moun lan rete sekrè ba rektè lekòl/direktè lekòl siperyè a kote elèv la enskri. Tanpri pa bliye, sepandan, pa gen okenn aksyon disiplinè yo pral pran kont yon elèv sèlman paske yo resevwa yon rapò anonim sou li.

Tout estaf lekòl la (ikonpri men se pa sa sèlman, edikatè yo, administratè yo, konseye yo, nès lekòl yo, anplwaye kafeterya yo, gadyen yo, chofè bis yo,

antrenè atletik yo, konseye pou aktivite andeyò-lekòl, estaf sipò oubyen parapwofesyonèl yo) fòmè sou yon baz anyèl konsènan Politik Anti-Pèsekisyon Cambridge Public Schools la ak Plan pou Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon an. Obligasyon ak responsabiltè estaf la esplike tou nan Plan pou Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Cambridge Public Schools lan.

Kolaborasyon ak Fanmi yo

Kowòdonatè Welcoming Schools/Kowòdonatè Klima Lekòl la ansanm ak Lyezon Fanmi, an konjonksyon ak biwo santral epi rektè/direktè lise yo, pral founi opòtinite pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pou yo aprann kijan pou rekonèt pèsekisyon epi konprann ki efè sa genyen sou sib yo, temwen yo ak sou moun k ap fè pèsekisyon yo. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pral enfòmè tou osijè korikòlòm sou pèsekisyon timoun yo lekòl la; dinamik pèsekisyon ak sekirite sou Entènèt epi sibè-pèsekisyon; enpak lalwa sou pèsekisyon ak konsekans potansyèl ki gendwa rive si yon timoun oubyen yon manm estaf la fè pèsekisyon ak pwosesis pou rapòte plent pou pèsekisyon ak egzijans konfidansyalite règleman dosye elèv Massachusetts, 603 C.M.R. 23.00, ak règlemantasyon Lwa Federal sou Dwa Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi yo (Family Educational Rights and Privacy Act regulations), 34 C.F.R. Pati 99, jan yo endike nan 603 C.M.R. 49.07 konsènan notifikasyon rektè/direktè lekòl la bay yon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun osijè yon ensidan oswa rapò pèsekisyon oubyen reprezay.

Egzijans nan Zafè Intèvansyon ak Rapò

Sepandan, li enpòtan pou tout estaf lekòl la oblije pou rapòte imedyatman kèlkeswa ensidan pèsekisyon oswa reprezay yo temwen oubyen yo vin konnen bay rektè/direktè lekòl oswa moun lekòl la deziyen. Egzijans pou rapòte bay rektè/direktè lise a oubyen moun li deziyen an pa limite otorite manm estaf la pou li reponn ak ensidan konpòtmantal oswa disiplinè ki konsistan ak politik epi pwosedi distri lekòl la pou jesyon konpòtman ak disiplin.

Lè yo resevwa plent la, rektè/direktè lekòl siperyè a pral notifiye san pèdi tan:

- Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan osijè swa-dizan sib la

- Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan konsènan swa-dizan agresè oswa swa-dizan agresè a limenm si se yon manm estaf lekòl la
- Biwo Sekirite ak Sirte a

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral mennen rapidman yon ankèt sou plent li te resevwa a.

Rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa konsilte Ofisye Resous Lekòl la men pa gen dwa pataje enfòmasyon ki idantifye ni swa-dizan sib la ni swa-dizan agresè a.

Lè l ap notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te sib la ak paran agresè a tou, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe respekte kondisyon konfidansyalite règlemantasyon Dosye Elèv nan Massachusetts (Massachusetts Student Record) yo, 603 C.M.R. 23.00, ak règlemantasyon Lwa sou Dwa Fanmi yo nan Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive yo (Federal Family Educational Rights and Privacy Act), 34 C.F.R. Part 99, jan sa endike nan 603 C.M.R. 49.07. Plis prezizeman, yon rektè/direktè lekòl siperyè pa gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv ki te yon sib oubyen yon agresè ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, eksepte si enfòmasyon an konsène pwòp timoun paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan. Yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa mete deyò yon detèminasyon pèsekisyon oswa reprezay ba yon ajans lapolis lokal konfòmman ak 603 C.M.R. 49.06 san konsantman yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, men nan yon fason ki pwoteje lavi prive sib yo, elèv ki te temwen yo ak agresè yo, mezi sa posib selon sikonstans yo. Anplisdesa, si agresè a se yon manm nan estaf lekòl la, rektè/direktè lekòl siperyè a gendwa pran mezi disiplinè ki apwopriye a, ki kapab rive jiska revokasyon li. Epitou, si rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine gen yon menas imedya ak grav pou sante oswa sekirite elèv la oubyen lòt moun, yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv konsènan yon sib oubyen yon agresè bay pati (moun) ki apwopriye yo anplis de lapolis an rapò ak ijans sante oswa sekirite, si enfòmasyon an nesèsè pou pwoteje sante oswa

sekirite elèv la oubyen lòt moun, jan sa make nan 603 C.M.R. 23.07(4)(e) ak 34 C.F.R. 99.13(a)(10) ak 99.36. Nan dènye sitiyasyon sa a, enfòmasyon yo gen dwa revele limite pou peryòd ijans lan epi rektè/direktè lekòl siperyè a dwe dokimante enfòmasyon ki te devwale a ansanm ak rezon kifè rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine ke te gen yon ijans pou sante oswa pou sekirite.

Rektè/direktè lekòl siperyè a pral bay yon kopi *Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl Cambridge* ak *Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge* yo ba tout pati yo, ikonpri moun k ap pote plent lan, swa-dizan elèv ki sib la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te swa-dizan sib la, swa-dizan agresè a ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki agrees a, si swa-dizan agresè a se yon elèv.

Li posib pou fè rapò sou pèsekisyon epi/oswa reprezay poutèt yo denonse pèsekisyon yon fason ki anonym bay rektè/direktè lekòl la elèv ap frekante an. Tanpri sonje, sepandan, yo pa kapab pran okenn aksyon disiplinè kont yon elèv sèlman sou labaz yon rapòanonim yo resevwa sou li.

Ankèt konsènan yon Plent

Lè Cambridge Public Schools resevwa yon plent akòz pèsekisyon oswa reprezay poutèt yon moun te rapòte pèsekisyon, te ofri enfòmasyon pandan yon ankèt sou pèsekisyon oubyen te temwen oubyen te gen enfòmasyon fyab konsènan yon ensidan pèsekisyon, Cambridge Public Schools pral ankete rapidman sou akizasyon an yon fason ki jis ak rapid. Yo pral mennen ankèt la yon fason pou kenbe sekre tmezi sa posib selon sikonstans yo epi pou pwoteje kont pèsekisyon oswa reprezay yon moun ki rapòte ensidan pèsekisyon, ofri enfòmasyon pandan yon ankèt pou pèsekisyon oubyen te temwen oubyen gen enfòmasyon ki fyab sou yon ajisman ki yon pèsekisyon.

Ankèt la gendwa gen ladann yon entèvyou ak elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, manm

estaf oswa manm kominote a ki prezante plent la, elèv ki swa-dizan viktim pèsekisyon oubyen reprezay, elèv(yo) oubyen manm estaf(yo) yo di ki te komèt zak pèsekisyon oubyen revanch la, temwen swa-dizan ensidan yo oubyen lòt moun toujou, selon sa depatman lekòl la deside. Kou yo detèmine yon zak pèsekisyon oubyen reprezay te fèt vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen yon moun yo deziyen pral notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan san pèdi tan epi agresè an ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki agresè a, si agresè a se yon elèv, konsènan ensidan an ak pwosedi ki genyen pou reponn ak sitiyasyon an. Gendwa gen sikonstans kote rektè/direktè lekòl siperyè a oswa moun li te deziyen an kontakte paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan anvan yon ankèt kòmanse. Avi a pral konsistan ak règlemantasyon Eta a nan 603 C.M.R. 49.00. Pandan l ap notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe ni timoun ki sib la ak ni timoun ki agresè a, rektè/direktè lekòl siperyè a dwe respekte kondisyon konfidansyalite règlemantasyon sou Dosye Elèv Massachusetts la, 603 C.M.R. 23.00, ansanm ak règlemantasyon Lwa Federal sou Dwa Fanmi nan Edikasyon ak Pwoteksyon Lavi Prive (Federal Family Educational Rights and Privacy Act regulations) a, 34 C.F.R. Part 99, jan sa endike nan 603 C.M.R. 49.07. Pi preziman, yon rektè/direktè lekòl siperyè pa gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv ki sib oswa agresè a ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, eksepte si enfòmasyon yo konsène pwòp pitit paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan. Yon rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale yon detèminasyon pèsekisyon oswa reprezay ba yon ajans lapolis lokal sou labaz atik 603 C.M.R. 49.06 san konsantman yon elèv oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan men rektè/direktè lekòl siperyè a dwe kominike ak ofisyèl lapolis yo yon fason ki pwoteje lavi prive sib yo, elèv ki te temwen yo ak agresè yo, mezi sa posib nan sikonstans yo. Anplisdesa, si rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine gen yon menas imedyat ak grav pou sante oswa sekirite elèv la oubyen lòt moun toujou, yon

rektè/direktè lekòl siperyè gendwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv konsènan yon sib oubyen agresè a ba pati ki apwopriye yo anplis de lapolis an rapò ak yon ijans konsènan sante oubyen sekirite elèv la oubyen lòt moun, jan sa endike nan 603 C.M.R. 23.07(4)(e) ak 34 C.F.R. 99.13(a)(10) ak 99.36. Nan dènye sityasyon sa a, se pou enfòmasyon yo mete deyò yo limite ak peryòd ijans la epi rektè/direktè lekòl siperyè a dwe dokimante pataj enfòmasyon an ansanm ak rezon kifè rektè/direktè lekòl siperyè a te detèmine ke gen yoni jans sante oswa sekirite ki egziste. Abplisdesa, konfòmman al lwa Eta a, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki sib(yo) dwe notifiye de rezilta ankèt la ak nenpòt aksyon yo pral mete anplas pou anpeche lòt zak pèsekisyon oswa reprezay, si yo detèmine yon tèt konpòtman te rive vreman.

Epitou, konfòmman ak lwa Eta a ak kondisyon Pwotokòl Antant ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge, si yo detèmine ke zak pèsekisyon oubyen revanch te fèt vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm ak Dirketè Sekirite ak Sirte a, pral:

- Notifiye Ofisyè Resous Lekòl la si rektè/direktè lekòl siperyè a gen yon rezon rezonab pou panse ke yo gendwa pouswiv devan lajistis penal agresè a oubyen li detèmine gen yon menas imedyat ak enpòtan kont sante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun
- Pran mezi disiplinè ki apwopriye ki konfòm ak *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a
- Notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki agresè(yo) si agresè a se yon elèv oubyen notifiye agresè a si se yon manm estaf la
- Notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki sib(yo), epi mezi sa konfòm ak lwa Eta a ak federal epi règlemantasyon an, notifiye yo osijè aksyon yo te pran pou anpeche nenpòt lòt zak pèsekisyon oubyen revanch.

Anplisdesa, si yon ensidan pèsikasyon oubyen reprezay enplike elèv ki soti nan plis ke yon sèl

distri, lekòl semi-prive (charter), lekòl ki pa piblik, lekòl prive lajounen ki apwouve oswa lekòl rezidansyèl oubyen lekòl kolaborativ, distri lekòl la oubyen lekòl ki te enfòm anpremye osijè zak pèsekisyon oubyen reprezay la, konfòmman ak lwa Eta a oswa lwa federal, pral notifiye san pèdi tan administrè ki apwopriye nan lòt distri lekòl la oswa lòt lekòl la, pou toulede kapab pran aksyon ki apwopriye.

Nenpòt ki moman aprè li te resevwa yon rapò osijè zak pèsekisyon oubyen reprezay, ikonpri aprè yon ankèt, si rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gen yon rezon rezonab pou panse ke yo gendwa pouswiv devan lajistis penal agresè a, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm

Dirketè Sekirite ak Sirte pral notifiye lapolis lokal. Notifikasyon an pral konfòm ak egzijans ki nan 603 C.M.R. 49.00 epi kondisyon Pwotokòl Antant la ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge. Anplisdesa, si yon ensidan pèsekisyon oubyen reprezay rive sou teren lekòl la epi ki enplike yon ansyen elèv ki gen mwens pase 21nan ki pa enskri ankò nan yon distri lekòl lokal, yon lekòl semi-prive (charter school), lekòl ki pa piblik, lekòl prive lajounen ki apwouve oswa lekòl rezidansyèl oubyen lekòl kolaborativ, distri lekòl la oubyen lekòl la pral kontakte lapolis yon fason ki konfòm ak lwa ak règlemantasyon Eta a ak federal. Pou fè detèminasyon sa a, rektè/direktè lekòl siperyè a, konfòmman ake Plan an, politik ak pwosedi distri lekòl la ki aplikab yo ansanm ak kondisyon Pwotokòl Antant ant Cambridge Public Schools ak Depatman Lapolis Cambridge, pral konsilte ofisyè resous lekòl la ansanm ak lòt moun rektè/direktè lekòl siperyè a te deziyen ki apwopriye.

Mezi Disiplinè/Repons pou Ensidan Pèsekisyon

Objektif Cambridge Public Schools konsènan disiplin se pou kreye yon atmosfè kote elèv yo aprann kijan pou

repare domaj tout kominote a sibi lè gen moun presi ki fè yon lòt ditò. Si yo detèmine te gen zak pèsekisyon oubyen lòt konpòtman inapwopriye ki fèt, Cambridge Public Schools pral pran mezi ki apwopriye selon sikonstans yo. Aksyon disiplinè an pral konpanse bezwen pou responsabilize agresè a ak bezwen pou repare domaj kominote lekòl la sibi, anmenmtan pou yo anseye konpòtman ki apwopriye. Grasa yon kad restorativ jan sa apwopriye, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral mete anplas estrateji ki apwopriye pou pwoteje kont pèsekisyon oubyen reprezay yon elèv ki te rapòte ensidan pèsekisyon oswa reprezay, yon elèv ki te temwen zak pèsekisyon oubyen reprezay, yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt oubyen yon elèv ki gen enfòmasyon fyab osijè yon zak pèsekisyon oswa reprezay yo te rapòte deja.

Anvan pou yo kòmanse ankèt la konsènan akizasyon pèsekisyon oswa reprezay yo, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral fè etap pou evalye bezwen ki genyen pou restore yon santiman sekirite ba swa-dizan sib la epi/oswa pou pwoteje swa-dizan sib la kont plis ensidan toujou. Entèvansyon yo pou pwomouvea sekirite gendwa gen ladann, men se pa sa sèlman, kreye yon plan sekirite pèsònèl; pre-detèmine òganizasyon kote moun pral chita pou sib la epi/oswa agresè a nan salklas la, pandan lanch la oubyen nan bis; idantifye yon manm estaf la ki pral aji kòm yon “moun li ka fè konfyans” pou sib la; epi modifiye orè agresè a ak aksè li genyen pou kontre ak sib la. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral fè etap anplis pou pwomouvwa sekirite pandan ak aprè ankèt la, si sa nesesè.

Gen anpil opsyon pou anseye konpòtman ki apwopriye ki gen ladann: ofri sesyon ranfòseman konpetans endividyalize; imite epi itilize pratik restorativ; òganize aktivite edikasyon pètinant pou elèv apa oubyen pou gwoup elèv, aprè konsiltasyon konseye ak lòt pèsònèl lekòl ki apwopriye; mete anplas

yon seri sipò konpòtmantal akademik ak non-akademik ki pozitif pou ede elèv yo konprann fason pro-sosyal pou reyalize objektif yo; kontre ak paran/gadyen/moun ki okipe timoun yo pou angaje sipò yo epi ranfòse prevansyon pèsekisyon ak aktivite ranfòsman konpetans sosyal lakay; adopte plan konpòtmantal ki gen ladann yon konsantrasyon nan devlopman konpetans sosyal presi.

Mezi yo gendwa pran toujou pou elèv yo te jwenn ki te komèt zak pèsekisyon gendwa gen ladann tou mande agresè a travay avèk pèsònèl lekòl la pou amelyore konpòtman li; yon rekòmandasyon pou terapi ak pawòl, sèvis sipò oswa lòt entèvansyon terapeetik pou elèv la ak manm fanmi elèv ki apwopriye; konsekans disiplinè pou elèv la ki gendwa ale jiska entèvansyon yon tribinal; oswa mezi disiplinè ki gen pou wè ak lekòl konfòmeman ak *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a epi ki gendwa rive jiska sispansyon, ekspilsyon epi/oswa entèvansyon yon tribinal.

Yo pral enfòme tout elèv yo jwenn ki te komèt zak pèsekisyon konsènan entèdiksyon reprezay epi kèlkeswa zak reprezay la pral pwovoke aplikasyon mezi disiplinè.

Chak fwa yo detèmine yon òun te gen yon konpòtman ki inapwopriye, Cambridge Public Schools pral aji san pèdi tan pou elimine konpòtman an epi li pral enpoze yon mezi koreksyon, jan sa nesesè, pa egzanp egzije pou otè zak la travay ak pèsònèl lekòl la pou amelyore konpòtman li, yon rekòmandasyon pou terapi ak pawòl, sèvis sipò oswa lòt entèvansyon terapeetik pou elèv la ak manm fanmi elèv ki apwopriye; konsekans disiplinè pou elèv la ki gendwa ale jiska entèvansyon yon tribinal. Anplisdesa, konfòmeman ak lwa Eta a, si yo detèmine te gen yon zak pèsekisyon oswa reprezay ki rive vreman, rektè/direktè lekòl siperyè a, ansanm ak Direktè Sekirite ak Sirte a pral (i) notifiye lapolis lokal si rektè/direktè lekòl siperyè a panse yo gendwa pouswiv akizasyon devan lajisitis penal kont otè zak la; (ii) pran mezi disiplinè ki apwopriye; (iii) notifiye

paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki otè zak la; epi (iv) notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki viktim, epi mezi sa konfòm ak lwa Eta a ak lwa federal, notifiye yo osijè aksyon ki anplas pou anpeche lòt zak pèsekisyon ak reprezay pidevan. Epiou, si yo detèmine yon elèv te fè entansyonèlman yon fo akizasyon pou pèsekisyon oswa reprezay, elèv la ap sibi mezi disiplinè ki konfòm ak pwovizyon tiliv sou Dwa ak Responsabilite a.

Pwomosyon Sekirite pou Sib la ak pou Lòt Moun

Pou retabli yon sansasyon sekirite pou elèv ki sib zak pèsekisyon yo epi pou evalye bezwen pwoteksyon sib la, yo pral òganize yon reyinyon ak elèv la, paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan epi ak pèsònèl lekòl ki apwopriye a (pa egzanp rektè lekòl la, direktè lekòl siperyè a, rektè-adjwen an, dwayen elèv yo, espesyalis sekirite a epi/oswa ofisye resous lekòl la). Objektif reyinyon an se pou diskite devlopman ak mizanplas yon plan sekirite pou elèv la, ki gen ladann estaf la elèv la gendwa fè rapò ba yo, si gen nenpòt pwoblèm ki rive. Cambridge Public Schools gendwa tou, jan sa apwopriye, rekòmande terapi ak pawòl, sèvis sipò oubyen lòt entèvansyon terapetik pou elèv la ak manm fanmi elèv la ki apwopriye.

Nan yon peryòd tan ki rezonab aprè yo te detèmine ak bay lòd pou mete anplas mezi retablisman sitiyasyon an epi/oswa disiplinè, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an pral kontakte sib la pou detèmine si li te viktim konpòtman entèdi an yon lòt fwa epi ki gen mezi sipò adisyonèl ki nesèsè. Si repons la se Wi, rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun yo te deziyen an pral travay al estaf lekòl ki apwopriye a pou mete anplas aksyon sa yo san pèdi tan.

Si yo mete anplas yon lòd rete a distans, yon objektif reyinyon an se pou egzamine enplikasyon lòd pa apwoche a ak pwosedi yo pou fè rapò, sizoka ta gen nenpòt vyolasyon lòd pou pa pwoche a ki fèt. Si lòd pou rete lwen an kont yon lòt elèv oswa yon

anplwaye, yo ta dwe òganize yon lòt reyinyon apa ak moun sa a pou egzamine lòd pou pa pwoche ansanm ak enplikasyon li genyen, atant ak konsekans ki genyen sizoka yo pa respekte lòd la.

Fo Akizasyon/Reprezay

Si yo detèmine yon elèv te entansyonèlman fè fo akizasyon pou pèsekisyon oswa reprezay, elèv la ap sibi mezi disiplin ki konfòm ak pwovizyon ki nan *Tiliv* sa a.

Tout elèv yo ap jwenn menm kalite pwoteksyon, kèlkeswa sitiyasyon yo selon lalwa.

Egzamen Aksyon ki baze nan Lekòl la

Si moun lan k ap pote plen pou pèsekisyon, swa-dizan sib pèsekisyon an epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki te swa-dizan viktim yon zak pèsekisyon pa kapab rezoud preyokipasyon yo aprè yon tantaiv de bònfw pou itilize yon metòd enfòmèl ki detaye anlè a an kowoperasyon ak rektè/direktè lekòl siperyè a, yo dwe depoze yon plent alekri opre Sipèrantandan an oubyen Direktè Eksplwatasyon an (Chief Operating Officer). Plent alekri an dwe endike preyokipasyon yo epi enkli yon deklarasyon kout ki bay fè yo ak remèd (solisyon) presi yo mande pou mete anplas la.

Nan sèt (7) jou aprè li resewva plent alekri a, Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an pral voye nan kourye lapòs yon avi ki etabli dat ak lè yon reyinyon pou diskite preyokipasyon yo. Aprè reyinyon an, Sipèrantandan an oubyen moun li te deziyen an pral detèmine si pèsekisyon oubyen lòt konpòtman ki pa apwopriye te rive vreman, ki remèd (solisyon) yo te adopte, jiska jou jodi a, pou asire pèsekisyon oubyen lòt kalite konpòtman ki pa apwopriye pa rive ankò epi si gen mezi sipò adisyonèl ki nesèsè. Yo pral voye nan senk (5) jou aprè reyinyon an oplita yon korespondans ki diskite kesyon sa yo ansanm ak nenpòt mezi adisyonèl distri lekòl la pral mete anplas pou abòde preyokipasyon yo te prezante yo.

Si moun k ap pote plent lan pou pèsekisyon, swa dizan sib la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ki te swa-dizan viktim pèsekisyon kontiye pa kapab rezoud pwoblèm ak preyokipasyon yo aprè reyinyon an ak Sipèrentandan an oswa moun li te deziyen an, yo gen dwa depoze yon demann pou egzamen devan Komite Lekòl la. Komite Lekòl la, nan pouvwa jiridiksyonèl li, gendwa tande temwen, resevwa prèv adisyonèl epi egzamine konklizyon ak rekòmandasyon yo onivo lekòl la \ ansanm ak konklizyon ak rekòmandasyon reyinyon egzamen Sipèrentandan oubyen moun li te deziyen an. Nan senk (5) jou apre li fin òganize yon egzamen, se pou Komite Lekòl la voye yon desizyon alekri ki pral afime, kontedi oubyen modifiye konklizyon yo ak rekòmandasyon Sipèrentandan yo, ikonpri abòde ki mezi adisyonèl, si genyen, distri lekòl la pral mete anplas pou rezoud preyokipasyon yo te prezante yo.

Gen Lòt Pwosesis Plent ki Disponib Tou

Se pou nou sonje tou ke pwovizyon pwosedi ki detaye nan seksyon sa a ak nan Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon an pa anpeche yon elèv pou li itilize pwosesis plent ki endike nan “Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Pèsekisyon” Lekòl Piblik Cambridge yo pou chèche yon rezolisyon nenpòt plent pou diskriminasyon oubyen pèsekisyon ki baze sou yon karakteristik lalwa pwoteje tankou ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès. Se pou nou sonje tou ke pwovizyon nan seksyon sa a pa anpeche yon elèv pou li itilize pwosesis plent la ki endike nan Seksyon 23.0 *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a pou chèche jwenn yon solisyon pou nenpòt plent li ta genyen konsènan privasyon dwa yon elèv ki dekri nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* a.

Relasyon Pa Rapò ak Lòt Lwa

Konfòmeman ka lwa federal ak lwa Eta a epi règlemantasyon ak politik distri lekòl la, pèsòn pral viktim diskriminasyon pandan admisyon nan yon lekòl leta nan nenpòt vil oswa minisipalite oubyen pou jwenn avantaj, privilèj ak parkou akademik lekòl leta sa a akòz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen veteran, estati sivil, si se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès ouyen sityasyon ki gen pou wè ak gwosès. Pa gen anyen nan seksyon sa a ni nan Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo ki anpeche yon lekòl oswa distri lekòl la pou mete anplas mezi pou korije diskriminasyon oswa pèsekisyon an sou labaz apatenans yon moun nan yon kategori moun ki legalman pwoteje anba lwa lokal la, lwa federal la oswa politik distri lekòl la. Anplisdesa, pa gen anyen nan seksyon sa a ni nan Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo ki fèt oubyen ki gen lentansyon limite otorite yon lekòl oswa distri lekòl la pou pran mezi disiplinè ki plwaye devan M.G.L.c. 71, seksyon 37H ak 37H 1/2, lòt lwa ki plikab oswa politik lokal lekòl ak distri lekòl an repons ak yon konpòtman ki vyolan, danjre oswa ki kreye dezòd, kèlkeswa si seksyon sa a oubyen Politik Anti-Pèsekisyon ak Plan Prevansyon Pèsekisyon ak Entèvansyon Lekòl Piblik Cambridge yo entèdi konpòtman sa a.

28. Politik Kont Vyolans Ant Menaj ki Tinedjè

Cambridge Public Schools angaje li pou ofri yon anviwònman akademik kote vyolans ant menaj pa akseptab. Konfòmeman ak filozofi sa a, Cambridge Public Schools angaje li pou pwomouvwa yon anviwònman kote pa gen vyolans ant menaj. Konfòmeman ak sa, Cambridge Public Schools chèche ogmante konsyantizasyon sou vyolans ant menaj

tinedjè epi ede nan ofri yon solisyon pou bezwen viktim ak timoun ki temwen vyolans sa a.

Vyolans ant menaj tinedjè ki rive nan nenpòt anvivònman pa legal epi vyolans ant menaj tinedjè ki rive nan yon anvivònman lekòl pa tolerab. Anplisdesa, reprezay kont yon moun ki te pote plent osijè vyolans ant menaj tinedjè oswa ki te kowopere nan yon ankèt sou vyolans ant menaj tinedjè pa tolerab. Cambridge Public Schools pral reponn rapidman pou plent ak rapò sou vyolans ant menaj tinedjè oswa reprezay epi yo pral mete anplas mezi koreksyon lè sa nesèsè, ikonpri mezi disiplinè, si sa apwopriye.

Definisyon yo itilize nan politik sa a endike annapre a:

Vyolans nan Kay/ Vyolans Entè-pèsonèl: Vyolans nan Kay se yon seri konpòtman kontrenyan kote yon patnè esey kontwole lòt grasa menas oubyen itilizasyon reyèl de taktik, ki gendwa gen ladann nenpòt oswa tout nan sa ki annapre a: abi fizik, seksyèl, nan bouch, finansye, sikolojik epi/oswa grasa itilizasyon teknoloji (pa egzanp, sibè-pèsekisyon).

Vyolans nan Kay afekte chak kominote nan tout peyi a, kèlkeswa gwoup etnik la, kilti a oswa bakgrawn lan. Moun tout laj, tout nivo revni, relijyon, oryantasyon seksyèl ak nivo edikasyon gendwa sibi vyolans nan kay.

Vyolans ant Menaj Tinedjè: Vyolans ant menaj (oswa abi nan relasyon) se yon seri konpòtman ki anvayisan yon moun itilize kont ti menaj fi oswa gason yo. Vyolans ant menaj gendwa pran anpil fòm, ki gen ladann abi mantal/emosyonèl, abi fizik ak abi seksyèl epi/oswa grasa itilizasyon teknoloji (pa egzanp, sibè-pèsekisyon). Yon moun gendwa sibi vyolans ant menaj menmsi pa gen okenn abi fizik. Li ka rive ni pandan sitiyasyon kote 2 moun soti ansanm detanzantan ni ant 2 moun ki nan relasyon seryèz ki dire anpil tan.

Temwen Timoun/Ekspozisyon nan Vyolans nan Kay: Lè yon timoun temwen vyolans nan kasy, sa ka afekte tout aspè lavi, kwasans ak devlopman li. Ekspozisyon se ka siyifi wè oswa tande abi a, dekouvri efè abi yo (chòk

paran/gadyen/moun k ap okipe yo te sibi oswa mèb ki kraze, elatriye) epi/oswa timoun lan pran chòk/blese pandan li t ap eseye defann paran/gadyen/moun k ap okipe l lan kont konpòtman ki abizif la.

Vyolans nan Fanmi a: Vyolans nan fanmi a se yon definisyon ki pi laj, ki gen ladann abi sou timoun, abi sou granmoun ajè ansanm ak lòt zak vyolans ant manm fanmi a youn ak lòt.

Viktim/Sivvan/Moun yo Bat: Ekspresyon ki siyifi menm bagay la pou fè referans ak moun ki te pran chòk, ki te abize oswa menase yo fè l mal, kèlkeswa si li te sibi yon chòk fizikman oswa pa.

Abizè/Òtè Zak la/Moun k ap Bat la: Ekspresyon ki siyifi menm bagay la pou fè referans ak moun lan k ap fè abi a oswa k ap fè ditò, kèlkeswa si te gen vyolans fizik vreman oswa pa.

Anplisdesa, konpòtman sa a gendwa reprezante pèsekisyon, yon fòm diskriminasyon lalwa federal ak lwa Eta a entèdi; epi/oswa konpòtman sa a gendwa reprezante pèsekisyon, ikonpri men se pa sa sèlman, sibè-pèsekisyon, lwa Eta a entèdi. Konpòtman sa a entèdi tou nan Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo, Politik Entèdiksyon Vyolans Lekòl Piblik Cambridge yo ak Politik Entèdiksyon Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo.

Kijan pou Rekonèt Siy Avètisman yo

Siy konpòtman abizif yo gen ladann: Vin trè jalou si menaj elèv la pale ak lòt moun, eseye fè lòt moun lan fè tout sa li vle, pete kont anraje san rezon valab, menase anpèmanans pou kase ak menaj li, fè kòlè epi rele, blame lòt moun lan pou pwòp pwoblèm li, epi bay menaj li chòk fizikman ak emosyonèlman oswa zak sibè-pèsekisyon.

Siy viktimizasyon gen ladann: anile plan san rete pou rezon ki pa sanble fè sans, toujou pè pou pa fè menaj la fè kòlè, renonse ak bagay ki enpòtan pou viktim la,

montre siy abi fizik tankou kote ki fwape oubyen ki koupe, resevwa presyon pou fè bagay oswa viktim santi tankou li se yon objè seksyèl, viktim la gen yon menaj ki vle pou li disponib tout tan epi vin izole de fanmi oswa zanmi li oubyen viktim sibè-pèsekisyon.

Pwosedi pou Rapòte Vyolans ant Menaj Tinedjè

Yon elèv ki panse li te viktim vyolans ant menaj tinedjè, panse li an danje pou vin viktim vyolans menaj tinedjè li oubyen ki gen yon lòd pa pwoche kont yon moun, gendwa rapòte ensidan an ba nenpòt nan moun ki anapre yo: (1) rektè/direktè lekòl siperyè a, (2) rektè-adjwen, (3) dwayen, (4) pwofesè oswa (5) nès lekòl la.

Moun ki resevwa rapò a dwe notifiye touswit rektè/direktè lekòl siperyè a.

Anplisdesa, yon anplwaye ki temwen yon ensidan vyolans ant menaj tinedjè sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon envènman ki gen pou wè ak lekòl la, dwe notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a touswit.

Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe fè san pèdi tan sa ki dekri anapre a: (1) notifiye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ki viktim la epi (2) notifiye Biwo Sekirite ak Sirete an.

Rektè/direktè lekòl siperyè a dwe refere elèv la epi/oswa paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la al konsilte Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ki endike pwosedi yo pou yon rezolisyon enfòmèl epi pou depoze plent fòmèl ansanm ak Politik Anti-Pèsekisyon Lekòl Piblik Cambridge yo epi bay kopi dokiman sa a, si yo fè demann la.

Lè yo resevwa yon rapò osijè vyolans ant menaj tinedjè, kèlkeswa si ensidan an te rive andeyò pwopriyete lekòl la oubyen sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale lekòl oswa pou kite lekòl la oubyen nan yon evènman ki gen pou wè ak lekòl la oubyen osijè vyolasyon yon lòd pa pwoche sou

pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen nan yon evènman ki gen pou wè ak lekòl la, Cambridge Public Schools pral ajè rapidman pou notifiye otorite ki apwopriye yo konsènan swadizan ensidan an. Pou rapòte ensidan sa a, yo dwe pwoteje konfidansyalite mezi sa posib nan sikonstans yo.

Li enpòtan pou pran enfòmasyon ki soti nan yon tyès pati seryèzman chak fwa gen yon pwoblèm konsènan vyolans ant menaj tinedjè. Nou rekòmande pou yon manm estaf lekòl la ki byen fòme pwoche elèv la pou diskite sa li te tande ak preyokipasyon li ta ka genyen. Si li konfime abi a, yo ta dwe travay sou yon "plan sekirite", anplisde rekòmande ak pataje referans pou terapi ak pawòl, gwoup sipò ak asistans lapolis/yon tribinal.

Epitou, estaf lekòl la dwe sonje pou li respekte obligasyon rapò obligatwa pou abi ak neglijan yo sispèk (fè rapò 51A). Se pou yo prezante plent 51A yo konfòmman ak Direktiv sou Rapò Abi ak Neglijan sou Timoun Lekòl Piblik Cambridge yo, ikonpri notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a osijè abi ak neglijan li sispèk la. Anplisdesa, estaf lekòl la dwe sonje pou rapòte tout zak yo ba polis la. Estaf la ta dwe notifiye rektè/direktè lekòl siperyè a, ki pral notifiye Direktè Sekirite ak Sirete an ki pral kowòdone notifikasyon lapolis la. Se pou yo rapòte yon ensidan konsa yon fason pou pwoteje konfidansyalite mezi sa posib selon sikonstans yo.

Pwosedi yo Lè Lekòl la Resevwa yon Kopi yon Lòd Pa Pwoche

Lè yon elèv gen yon lòd pa pwoche li mete anplas kont yon moun epi li bay lekòl la yon kopi lòd la, rektè/direktè lekòl siperyè a ta dwe konvoke yon reyinyon avèk anplwaye a oubyen elèv la epi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou egzamine lòd pa pwoche a ak enplikasyon li yo.

Yo ta dwe kreye yon "plan pou sekirite" pou jere bezwen ak preyokipasyon viktim la, ikonpri estaf la

bòkote elèv la gendwa rapòte ensidan si gen preyoqipasyon oubyen yon vyolasyon lòd rete lwen an pandan elèv la oubyen anplwaye a sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon envènman ki gen pou wè k lekòl la. Si lòd pou rete lwen an se kont yon lòt manm kominote lekòl la, yo ta dwe konvoke yon reyinyon apa avèk moun sa a pou egzamine lòd pou rete lwen an ansanm ak enplikasyon li yo, atant ak konsekans sizoka ta gen yon vyolasyon lòd la. Devlopman “plan sekirite a” pral fèt yon fason ou kenbe konfidansyalite mezi sa posib nan sikonstans yo.

Mezi Disiplinè

Si yo detèmine ke konpòtman inapwopriye sa a te fèt vreman, Cambridge Public Schools pral pran mezi li jije ki apwopriye nan sikonstans yo. Mezi sa yo gendwa gen ladann terapi ak pawòl epi/oswa mezi disiplin jiska sispansyon oubyen ekspilsyon lekòl la.

Lòt Rekou (Solisyon)

Anplis pou yo rapòte yon ensidan vyolans ant menaj tinedjè ki rive sou pwopriyete lekòl, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen pandan yon evènman lekòl la òganize konfòmman ak pwosedi ki anlè yo, elèv yo ki panse yo te viktim vyolans ant menaj tinedjè sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la oubyen pandan yon evènman lekòl la òganize gendwa depoze yon plen pou pèsekisyon epi/oswa tizonnay konfòmman ak pwosedi ki dekri swa nan Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl epi/oswa nan Politik Anti-Tizonnay (Pèsekisyon) Lekòl Leta Cambridge yo. Anplisdesa, elèv yo ki kwè yo te viktim vyolans ant menaj tinedjè ki rive sou pwopriyete lekòl la epi/oswa pandan lè andeyò lekòl yo gendwa rapòte lapolis ensidan an.

Elèv yo ki panse yo an danje gendwa chèche mete anplas yon lòd pou pwoteje yon moun pou li pa sibi doulè fizik oswa pran yon chòk oubyen yo menase li; pou fè sa yo kapab depoze yon aplikasyon pou yon lòd rete lwen nan tribinal lokal la.

Pwosedi Disiplinè yo (Pwosedi Ofisyèl yo)

Pwosedi disiplinè yo endike nan *Tiliv isou Dwa ak Responsabilite a*. Men yon rezime kout pwosedi sa yo:

29. Sispansyon

Se politik Komite Lekòl la ak pèsonek lekòl la pou ede elèv yo rezoud pwoblèm konpòtman yo san pou yo bezwen itilize mezi disiplinè ki ekstrèm. Sispansyon rekòmande sèlman an dènye rekou. Se pou sa pèsonek lekòl la ankouraje itilize epi epwize tout lòt mezi disiplinè ki disponib ak apwopriye pou pwomouvwa edikasyon ak bon konpòtman yon elèv anvan pou yo itilize sispansyon. Sepandan, nan sityasyon kote konpòtman yon elèv pètibe lekòl la, nwi elèv la oswa lòt moun oubyen li fè aktivite lwa Commonwealth Massachusetts entèdi, lè sa a yon sispansyon gendwa jistifye.

Se rektè/direkè lekòl oswa moun li deziyen an ki dwe bay sispansyon an. Yo pral analize tout sikonstans egzonere elès la oswa ki atenyant anvan pou yo pran yon desizyon konsènan sispansyon. Al gade *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite an* pou jwenn plis enfòmasyon.

Rektè/direkè lekòl gendwa sispann yon elèv de lekòl la pou yon peryòd 1 jou jiska 10 jou poutèt li pa t respekte règ lekòl la ki rive pandan li nan bilding lekòl la, sou pwopriyete lekòl la, sou chemen pou ale oswa pou kite lekòl la, kèswa si li sou pwopriyete lekòl la oubyen pa. Selon gravite ensidan an, yo gen dwa sispann yon elèv si yo jwenn elèv la pa t respekte kòd konpòtman ki make nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite an* oubyen ki vyole règ ki baze nan lekòl la. Men egzanp ki gendwa debouche sou yon sispansyon, ki gen ladann men se pa sa sèlman, sa ki annapre a:

- li te itilize oswa eseye itilize vyolans, fòs, kowèsyon, menas, entimidasyon oubyen lòt konpòtman sanblab;
- li te mete dife oswa li te eseye mete dife oswa domaje oubyen eseye domaje nenpòt batiman oswa pwopriyete lekòl la;
- li te aksyone yon alam tip alam ki gen nan lekòl la, menmsi li te konnen pa t gen okenn dife;
- li te gen oswa li gen nan posesyon li nenpòt zamafe oubyen zam;

- li te gen oswa li gen nan posesyon li oubyen li anba enfliyans yon sibstans kontwole oswa alkòl;
- yo te enkilpe (akizasyon nan yon tribinal) pi de yon zak (feloni) epi yo detèmine prezans san rete nan lekòl la ta gen yon efè negative sou bon fonksyonman lekòl la;
- li te anpeche oubyen eseye anpeche fizikman konvokasyon oswa fonksyonman kontini nenpòt evènman lekòl la oswa nenpòt reyinyon legal sou pwopriyete lekòl la;
- li te domaje oubyen vòlè pwopriyete pèsònèl yon lòt moun oswa yo te bare li pandan li te gen posesyon pwopriyete pèsònèl ki vòlè pandan li lekòl la;
- li te koze domaj oubyen li te eseye koze domaj oubyen li te vòlè oswa eseye vòlè bagay ki pou lekòl la;
- koze oswa eseye koze entansyonèlman yon elèv yon chòk fizik;
- li pa respekte lòd pèsònèl lekòl la te ba li pandan yo t ap aji nan kapasite ofisyèl yo, epi li te kreye yon efè pètibatè sou edikasyon lòt elèv yo;
- li te entèfere oswa eseye entèfere ak nenpòt pèsònèl lekòl la oswa elèv kote li te itilize menas, pèsèkasyon oswa kowèsyon oubyen pètibe oubyen anpeche nenpòt aktivite lekòl la avèk oswa san itilizasyon fòs oubyen vyolans;
- li te fè nenpòt aktivite lwa Commonwealth of Massachusetts entèdi ki reprezante yon pètibasyon nan aktivite lekòl la;
- li koze oswa fè plizyè fwa nenpòt zak ki reprezante yon vyolasyon entansyonèl li te konnen trè byen li t ap fè li ki gen pou wè ak nenpòt règ ak responsabilite ki endike nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*;
- li t ap patisipe nan kèlkeswa aktivite ki pa respekte lwa Massachusetts ki entèdi pratik bizitaj (G.L. c.269, Seksyon 17-19);

- li te menase, pèsèkite oswa entimide yon moun pandan li te sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon aktivite ki sou oswa andeyò pwopriyete lekòl la;

- li gen konpòtman ki vyole M.G.L.c. 71, §§37H ak 37H½;

- li te komèt plizyè fwa youn oswa plizyè vyolasyon nenpòt nan règ ak responsabilite ki endike nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite sa a*.

Pandan li anba sanksyon sispannyon, yon elèv pa gen dwa rete ozalantou lekòl la epi li pa kalifye pou patisipe ni pou ale nan okenn evènman oswa aktivite lekòl la òganize.

30. Ekspilsyon

Se politik CPS pou ofri yon anviwònman ki san danje kote elèv yo kapab aprann ak patisipe nan tout pwogram yo.

Malerezman, poutèt gen sitiyaasyon kote konpòtman yon elèv se yon menas pou sante ak sekirite lòt elèv oswa pèsònèl depatman lekòl la, li gendwa nesèsè pou ekspilse elèv la.

Daprè Manman-Lwa Massachusetts lan, Chapit 71, Seksyon 37H, rektè/direkè lekòl gendwa ekspilse oswa sispann yon elèv poutèt li an posesyon yon zam ki danjre, an posesyon yon sibstans ki kontwole epi/oswa li fè agresyon sou yon manm estaf la.

Daprè Manman-Lwa Massachusetts, Chapit 71, Seksyon 37H ½, rektè/direkè lekòl lan gendwa sispann yon fason ki ilimite yon elèv yo enkilpe de yon zak (feloni) epi li gendwa ekspilse yon elèv yo te enkilpe pou yon zak (feloni) si prezans san rete elèv la lekòl la pral gen yon efè negative sou byennèt jeneral lekòl la.

Pwosis Kontestasyon Ekspilsyon an: Si, aprè odyans lan, rektè/direkè lekòl la decide ekspilse elèv la akòz yon vyolasyon daprè M.G.L. c. 37H, elèv pral gen dis (10) jou apatide dat odyans lan pou notifiye Sipèrentandan an konsènan kontestasyon an. Sijè kontestasyon an p ap limite sèlman ak detèminasyonfaktyèl pou konnen si elèv la te vyole ou pa nenpòt pwovizyon seksyon sa a. Si, aprè odyans lan, rektè/direkè lekòl la decide ekspilse oswa sispann anpèmanans elèv la akòz yon vyolasyon M.G.L. c. 71, Seksyon 37H ½, elèv la pral gen senk (5) jou apatide

dat odyans lan pou notifie Sipèrentandan an konsènan kontestasyon an. Elèv la pral rete andeyò lekòl la jiskaske yo bay yond esizyon pou kontestasyon an. Elèv la gen dwa jwenn yon avoka nan odyans la devan Sipèrentandan an oswa moun li deziyen an. Sipèrentandan an oswa moun li deziyen an pral notifie paran/gadyen/moun k ap okipe timoun osijè desizyon pou fè kontestasyon alekri. Al gade *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* an pou jwenn plis enfòmasyon.

31. Fouy ak Entewogasyon Elèv yo

Politik Komite Lekòl Cambridge la konsènan fouy ak entewogasyon elèv yo sekirite lekòl la fè endike anba la a:

NAN NIVO JADENDANFAN JISKA 8YÈM KLAS:

Rektè/Direktè lekòl siperyè a, Rektè-Adjwen an oubyen moun Rektè/Direktè Lekò Siperyè a te nonmen dwe otorize pou sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze lekòl la fouye epi poze elèv yo kesyon.

NAN NIVO 9YÈM KLAS JISKA 12YÈM KLAS: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an dwe otorize sekirite lekòl la fouye elèv yo.

TOUT NIVO KLAS YO (JADENDANFAN JISKA 12YÈM KLAS): Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, chak fwa sa rezonabman posib, gendwa mande ki anpwlaye estaf sekirite yo dwe voye lekòl la epi/oswa nan ti kominote ansèyman elèv la..

NAN NIVO JADENDANFAN JISKA 8YÈM KLAS:

Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, dwe prezan lè sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze nan lekòl la ap fouye ak kesyon elèv yo.

NAN NIVO 9YÈM KLAS JISKA 12YÈM KLAS: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, dwe prezan lè sekirite lekòl la oubyen lòt pèsònèl ki pa baze nan lekòl la ap fouye ak kesyon elèv yo.

NAN NIVO JADENDANFAN JISKA 8YÈM KLAS: yon moun ki gen menm sèks ak elèv la, chak fwa sa posib, dwe prezan lè sekirite lekòl la ap fouye ak kesyon elèv yo. Se yon moun ki gen menm sèks ak elèv la ki dwe òganize tout fouy elèv yo sekirite lekòl ap fè.

NAN NIVO 9YÈM KLAS JISKA 12YÈM KLAS: Se yon moun ki gen menm sèks ak elèv la ki dwe òganize tout fouy elèv yo sekirite lekòl ap fè.

NAN NIVO JADENDANFAN JISKA 8YÈM KLAS:

Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an dwe notifie Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan anvan pou sekirite lekòl la fouye yon elèv. Si preyavi a pa reyisi, Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral notifie rapid jan sa posib apre sa, epi yo pral voye yon korespondans menm jou an.

NAN NIVO 9YÈM KLAS JISKA 12YÈM KLAS: Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an dwe notifie touswit paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan aprè sekirite lekòl la te fè yon fouy. Anplisdesa, yo pral voye yon korespondans menm jou a.

NAN NIVO JADENDANFAN JISKA 8YÈM KLAS:

Rektè a, Rektè-Adjwen an, Dwayen an oubyen moun Rektè a te deziyen an, dwe notifie Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan oswa kontak pou ijans lan anvan sekirite lekòl la kòmanse poze yon elèv kesyon. Si preyavi a pa reyisi, Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan pral notifie rapid jan sa posib apre sa, epi yo pral voye yon korespondans menm jou an.

OBSÈVASYON: "Kontak pou Ijans" se yon moun

Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan deziyen pou reponn nan sityasyon ki gen pou wè ak pwoblèm disiplin, ki gen ladann kesyonman ak fouy. Chak ane akademik, yo pral mande

paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la pou li deziyen yon kontak pou ijans pou kesyon disiplinè, ki gen ladann kesyonman oubyen fouy, epi kontak sa a pral ajè nan non Paran/Gadyen/Moun k ap okipe timoun lan konsènan pwoblèm disiplinè, ki gen ladann kesyonman

oubyen fouy, nan mezi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan otorize li.

TOUT NIVO KLAS YO (JADENDANFAN JISKA 12YÈM KLAS): Rektè/direkè lekòl, asistan rektè a, administratè kay la oubyen moun li deziyen an dwe enfòmè elèv yo konsènan dwa yo anvan sekirite lekòl la fouye oswa yon kesyone yo.

NAN NIVO 9YÈM KLAS JISKA 12YÈM KLAS: notifikasyon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun pa nesèsè lè sekirite lekòl la ap kesyone yon elèv.

Sekirite Lekòl la p ap kòmanse okenn investigasyon endepandan si Sipèrentandan an pa bay apwobasyon li alavans.

OBSÈVASYON: Yon "ankèt endepandan" siyifi yon investigasyon ki santre sou yon menas grav pou sekirite elèv yo, manm pèsònèl anseyan epi/oubyen estaf la epi menas sa a kontinye, san se pa rezilta yon ensidan izole. Ankèt la dwe konsènen tou youn oubyen plizyè lekòl oswa lekòl CRLS nan Distri a.

32. Pwosesis Doleyan Elèv yo

Lè elèv oswa paran/ gadyen an kwè elèv yo gen dwa ki endike nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabillite* sa a yon anplwaye depatman lekòl la pat respekte epi tout tantativ debònfwa te echwe pou rezoud sitiasyon an, elèv la oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan gendwa prezante yon plent devan Sipèrentandan an. Plent alekri a ta dwe gen ladann doleyans la, dwa espesifik yo refize ba li a, yon deklarasyon kout sou fè yo epi yon demann espesifik pou jwenn yon solisyon. Si Sipèrentandan an pa kapab rezoud doleyans lan yon fason ki satisfè pati ki domaje a nan sèt (7) jou apre li resevwa plent alekri a, Sipèrentandan an pral voye nan kourye lapòs yon avi bay toude pati yo.

Avi sa a dwe gen ladann:

- akilè ak kikote yo pral òganize yon konferans nan dis (10) jou lekòl oplita aprè resepsyon plent la, eksepte ke nenpòt pati gendwa mande yon repò dat odyans lan pou nan jiska senk (5) jou lekòl pou prepare pou odyans la;

- yon deklarasyon doleyans, jan sa endike nan plent alekri a;

- yon deklarasyon konplè osijè fè yo, ki gen ladann non temwen yo, ki debouche sou akizasyon(yo);

- yon deklarasyon remèd (solisyon) yo mande a;

- yon deklarasyon sou dwa tout pati yo ki pral gen ladann dwa pou gen yon avoka oswa lòt moun reprezante yo nan konferans la, pou prezante temwen ak prèv epi pou kesyone temwen yo.

Konferans lan dwe konfòmè ak direktiv ki annapre yo:

- akilè ak kikote yo pral òganize yon konferans nan dis (10) jou lekòl oplita aprè resepsyon plent la, eksepte ke nenpòt pati gendwa mande yon repò dat odyans lan pou nan jiska senk (5) jou lekòl pou prepare pou odyans la;

- yon deklarasyon doleyans, jan sa endike nan plent alekri a;

- yon deklarasyon konplè osijè fè yo, ki gen ladann non temwen yo, ki debouche sou akizasyon(yo);

- yon deklarasyon remèd (solisyon) yo mande a;

- yon deklarasyon sou dwa tout pati yo ki pral gen ladann dwa pou gen yon avoka oswa lòt moun reprezante yo nan konferans la, pou prezante temwen ak prèv epi pou kesyone temwen yo. Si Sipèrentandan an oswa moun li deziyen an detèmine yo te vyole dwa elèv yo, li kapab deside ki solisyon ki apwopriye a.

33. Patisipasyon nan Aktivite Andeyò Lekòl la

Administrasyon CPS la ak Depatman Sekirite ak Sirte a rezève dwa yo pou refize antre nenpòt moun ki poze

yon menas nan sekirite ak sirte espektatè ak patisipan yo refi admisyon nan aktivite aprè-lekòl.

Elèv yo ki tonbe anba kondisyon ki liste anba la yo pral ekskli nan aktivite atletik, teyat, mizik, dans, fèt gradyasyon, deplasman ak tout klas la epi nan lòt aktivite andeyò-lekòl kote gen espektatè:

- elèv ki anba yon sanksyon sispansyon;
- ansyen elèv yo te ekspilse deja; epi/oswa
- elèv ki enskri nan yon pwogram altènatif akòz pwoblèm disiplin.

Yon elèv ki tonbe nan kategori ki anlè yo ki santi konpòtman yo jistifye pou yo konsidere aksepte yo dwe prezante yon demann opre Rektè/direkè lekòl la, Rektè-Adjwen oswa Dwayen Elèv yo. Direktè Sekirite a ak Rektè/direkè lekòl la, Direktè-Adjwen an oswa Dwayen Elèv yo dwe mete yo dakò pou elèv sa a kapab resevwa pèmasyon pou patisipe nan nenpòt aktivite andeyò-lekòl.

Epitou CPS rezève dwa li pou ekskli nan nenpòt aktivite atletik, teyat, mizik, dans, fèt gradyasyon, deplasman ak tout klas la epi nan lòt aktivite andeyò-lekòl, nenpòt manm kominote a ki:

- te patisipe nan yon ensidan grav nan kominote a;
- te gen yon istwa vyolans; epi/oswa
- te fè gwo dezòd epi/oswa te manke estaf la respè.

DWA AK PRIVILÈJ

34. Entèdiksyon Diskriminasyon Kont Elèv yo

Chapit 76, seksyon 5 Manman-Lwa Massachusetts la deklare, nan pati ki pètinan yo, ke: “yo pa p ekskli pèsòn ni fè diskriminasyon kont yo nan admisyon nan yon lekòl leta nan okenn vil ni pou yo ka jwenn avantaj, privilèj ak kiris fòmasyon nan lekòl leta sa a akòz ras, koulè, sèks li, relijyon, peyi kote li soti, idantite seksyèl oswa oryantasyon seksyèl li.”

CPS angaje li pou kreye yon atmosfè kote tout elèv yo kapab aprann epi patisipe nan tout aktivite ki gen pou wè ak edikasyon yo. Nenpòt fòm pinisyon kòporèl entèdi fòmèlman. Anplisdesa, nenpòt konpòtman ki kontrè ak diyite lòt moun, ki entèfere ak libète yo pou

yo aprann oswa ki kreye yon anviwònman akademik ostil pa akseptab epi yo pral pran aksyon disiplinè pou sa. Anplisdesa, yo p ap tolere nenpòt entimidasyon, menas, pèsikasyon, degradasyon, imilyasyon oswa lòt konpòtman vanjans elèv epi yo pral praan mezi disiplinè pou sa. Estaf lekòl la p ap eseye anpeche no dekouraje elèv yo ni paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pou yo pa rapòte konpòtman sa a bay ofisyèl lekòl yo. Se pou yo rapòte kalite entèferans sa a touswit bay Sipèrentandan an.

Anba la a ou pral jwenn yon deskripsyon kout divès politik anti-diskriminasyon CPS la mete anplas.

35. Politik ak Pwosedi pou Aranjman Rezonab

CPS pa diskrimine nan admisyon, tretman oswa aksè nan pwogram oubyen aktivite li yo oubyen nan anbochaj nan pwogram ak aktivite li yo. Se politik CPS pou fè aranjman rezonab lè elè yo gen andikap fizik ak mantal. Prezante demann pou aranjman Seksyon 504 yo pou elèv yo dirèkteman bay Kowòdonatè 504 la nan lekòl elèv la. Kowòdonatè 504 la pou distri lekòl la se Sipèrentandan-Adjwen pou Sèvis Elèv, Assistant Superintendent for Student Services, Cambridge Public Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6500.

36. Avi sou Dwa Daprè Seksyon Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 lan

Dwa sa yo aplikab pou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ak elèv yo ki vin majè, nan Massachusetts sav le di yo gen omwens 18 (dis-uit) lane, epi yo dekri anba la a:

1. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv la ki atenn laj majorite gen dwa pou resevwa yon kopi dwa pwosediral yo lè distri lekòl la idantifye, evalye, refize evalye, fè nouvo plasman edikasyon, refize yon nouvo plasman edikasyon oubyen fè nenpòt chanjman enpòtan nan plasman elèv la akòz andikap elèv la oswa yon andikap yo sispakete elèv la genyen.
2. Paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj majorite gen dwa pou jwenn evalyasyon elèv la si distri lekòl la gen rezon pou kwè elèv la gen yon andikap mantal oswa fizik ki limite anpil aprantisaj

oswa lòt aktivite lavi ki enpòtan.

Paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj majorite a gen dwa jwenn evalyasyon sa a anvan yo fè nenpòt plan pou aranjman ak anvan nenpòt gwo chanjman nan plasman edikasyon pitit la. Yon egzanjp gwo chanjman nan plasman edikasyon se yon referans pou ekspilsyon.

3. Elèv la gen dwa jwenn edikasyon piblik gratis ki apwopriye. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan responsab pou menm kantite depans yo tankou paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo ki pa andikape.
4. Mezi sa posib, elèv la gen dwa pou yo edike li ansanm ak timoun ki pa andikape.
5. Paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj katòz lane oswa plis oubyen ki antre nan 9yèm klas gen dwa egzamine tout dosye ki pètinan yo lekòl la genyen pou elèv la.
6. Paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj majorite gen dwa pou jwenn yon odyans ofisyèl san patipri si yo vle konteste nenpòt aksyon Lekòl Piblik Cambridge yo te pran konsènan idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman elèv la dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon an.
7. Si paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj majorite a ta renmen konteste yon aksyon Ekip 504 la prang rasa yon odyans ofisyèl san paspouki, yo dwe prezante yon Demann pou yon Odyans nan Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal (Board for Special Education Appeals, BSEA), One Congress Street, 11th Floor, Boston, MA 02114, oswa fakse BSEA a nan 617-626-7270. Oud wè prezante demann alekri sa a pou yon odyans a latansyon Superintendent of Schools, Cambridge Public Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141. Si paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la atenn laj majorite a chanje lide epi pa dakò ak desizyon ofisyèl odyans la, yo gen dwa chèche jwenn yon revizyon desizyon sa a; pou fè sa, yo dwe prezante yon plent opre tribinal distri federal la.
8. Si paran/gadyen/moun k ap okipe elèv ki atenn laj majorite a gen lòt pwoblèm konsènan edikasyon elèv la ki pa gen pou wè espesifikman ak idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman,

paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la ki atenn laj majorite a gen dwa pou prezante yon doleyans oswa yon plent devan Kowòdonatè Seksyon 504 distri lekòl la, ki Sipèrentandan-Adjwen Sèvis pou Elèv yo. Biwo li chita nan premye etaj nan 159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts. Nimewo telefòn Biwo Sèvis pou Elèv yo (Office of Student Services) se 617-349-6500.

9. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa elèv ki atenn laj majorite a gen dwa tou pou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil ki nan Depatman Edikasyon Etazini, Office of Civil Rights of the United States Department of Education, 5 Post Office Square, 8th Floor, Boston, MA 02109-3921 Telefòn: 617-289-0111; Faks: 617-289-0150; TDD: 1-800-877-8339; Imèl: OCR.Boston@ed.gov.

37. Edikasyon Espesyal

Lwa federal ak Eta a garanti chak elèv gen dwa pou jwenn yon edikasyon gratis ak apwopriye, kèlkeswa andikap li genyen an. Si ou kwè pitit ou an bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou gen dwa pou chèche jwenn yon evalyasyon pitit ou an pou detèmine si li kalifye pou sèvis sa yo. Si yon manm estaf la gen yon preyokipasyon espesyal konsènan bezwen akademik epi/oswa sosyal oswa konpòtman yon timoun, yo ta dwe kontakte rektè/direkè lekòl pou li ka demare yon Repons pou Entansyon epi/oswa yon pwosesis Ekip Sipò Enstriksyonèl.

38. Elèv yo ki gen IEP ak Plan 504 yo

Elèv yo k ap resevwa edikasyon espesyal oubyen ki gen Plan 504 dwe respekte pwovizyon ki nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*. Elèv yo ki gen andikap ak elèv ki gen Plan 504, jan sa defini nan lwa ak règleman federal ak Eta a, dwe respekte pwovizyon yo ki nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*, eksepte si gen lòt bagay ki endike nan seksyon 18 *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*. Plis espesifikman, Plan IEP ak 504 yo pral endike si nou atann nou pou elèv yo respekte kòd disiplin nòmal la, jan sa endike nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a* oubyen si andikap elèv la egzije disiplin ki konsevwa espesyalman ki abòde bezwen espesifik yon elèv. Si konpòtman yon elèv enpakte akòz andikap sa a, pwosesis Ekip IEP epi/oswa 504 pral jere

konpòtman sa yo. An konjonksyon ak pran nenpòt desizyon administrativ sou labaz *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*, rektè/direktè lekòl siperyè a (oubyen moun li te deziyen an) pral notifiye Biwo Sèvis pou Elèv yo (oswa moun li deziyen an) konsènan enfraksyon yon elèv kapab pran yon sispansyon pou li si IEP epi/oswa Plan 504 elèv la pa reflekte bezwen pou modifiye kòd disiplin la ki entegre nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a* oubyen nan okenn règ ki baze lekòl la, epi yo pral voye yon kopi avi sispansyon an ba Biwo Sèvis pou Elèv.

Estaf Biwo Sèvis pou Elèv yo pral patisipe nan tout administrativ yo selon *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a* ki gen pou wè ak elèv ki gen andikap. Si yon desizyon administrativ selon *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a* p ap enpakte plasman elèv la epi/oswa p ap pwovoke yon sispansyon kimilativ ki depase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl, yon reyinyon EKIP pa nesèsè. Si yon desizyon administrativ selon *Tiliv sa a* pral enpakte plasman elèv la epi/oswa pral pwovoke yon sispansyon kimilativ pou piplis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane, yon ekip EKIP nesèsè anvan yo kapab pran nenpòt desizyon osijè disiplin la. Anvan pou li pran yon desizyon administrativ selon *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a*, rektè/direktè lekòl siperyè a pral detèmine si wi ou non yo te deziyen elèv la kòm yon elèv ki gen andikap oubyen si yo te refere li pou evalyasyon pou edikasyon espesyal men yo poko detèmine si li kalifye.

Yon elèv yo pa detèmine ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo epi ki te gen yon konpòtman ki te vyole nenpòt règ oswa kòd konpòtman gendwa evoke nenpòt nan pwoteksyon lwa federal oswa Eta a konsènan edikasyon espesyal, si lekòl la te gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap anvan konpòtman an ki te pwovoke aksyon disiplinè a rive.

Yon elèv yo pa detèmine ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo epi ki te gen yon konpòtman ki te vyole nenpòt règ oswa kòd konpòtman gendwa evoke nenpòt nan pwoteksyon lwa federal oswa Eta a konsènan edikasyon espesyal, si lekòl la te gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap anvan konpòtman an ki te pwovoke aksyon disiplinè a rive.

Depatman lekòl la prezime gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, si anvan konpòtman ki antrene aksyon disiplinè a, sa ki annapre a te rive:

- paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te ekprime preyoqipasyon alekri ba pèsònèl siveyans oswa administrative la oubyen yon pwofesè piti la ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye; oubyen

- paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan te mande yon evalyasyon elèv la; oswa
- pwofesè elèv la oubyen lòt pèsònèl lekòl te ekprime preyoqipasyon espesifik osijè yon tandans nan konpòtman elèv la dirèkteman ba direktè Biwo Sèvis pou Elèv yo oubyen nenpòt lòt pèsònèl sipèvizyon nan Biwo Sèvis pou Elèv yo.

Si departman lekòl la pa sipoze te gen konesans ke elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, yo gen dwa sanksyone elèv la anba kòd disiplin la ki entegre nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite sa a*, eksepte ke restriksyon sila yo aplikab:

- Si Paran/Gadyen/Moun k ap okipe elèv la mande yon evalyasyon pandan peryòd tan ke elèv la anba sanksyon, alòs se pou yo fèevalyasyon an yon fason ki akselere; epi
- Jistan evalyasyon an poko fini, se pou elèv la rete nan plasman edikatif otorite lekòl yo te detèmine.

Si yon desizyon administrativ ki baze sou *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite sa a* pral enpakte plasman elèv la epi/oswa pral debouche sou yon sispansyon kimilativ pou piplis pase dis (10) jou lekòl pandan yon ane lekòl epi/oswa gen kòm rezilta ekspilsyon elèv la, pwovizyon ki annapre yo aplikab:

Lekòl la pral òganize yon egzamen manifestasyon (manifestation review) ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe elè la ak lòt manm konsène nan EKIP elèv la pou detèmine si move konpòtman elèv la te yon manifestasyon andikal elèv la. Pou efekte detèminasyon sa a, EKIP la pral konsidere si: (a) konpòtman an kesyon an te pwovoke akòz andikap

elèv la oubyen si li te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak andikap timoun la; oubyen (b) konpòtman an kesyon an se te rezilta dirèk absans mizanplas IEP epi/oswa Plan 504 elèv la. Selon rezilta detèminasyon manifestasyon an, mezi disiplinè ki pwopoze a, yo gendwa mete l anplas ou pa. Si EKIP la rive nan konklizyon ke konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap elèv la, yo pral voye tounen elèv la nan plasman kote yo te retire elèv la, eksepte si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak distri lekò la dakò pou yon chanjman nan plasman an, pou plan entèkansyon konpòtman elèv la. Anplisdesa, EKIP la dwe fè etap touswit pou konpanse nenpòt mank nan IEP epi/oswa Plan 504 elèv la, plasman oswa mizanplas la konfòmman ak lejislasyon Eta a ak federal yo, ikonpri yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl pou elèv la, a kondisyon ke evalyasyon sa a pa t òganize anvan ensidan ak konpòtman an ki te antrene ekip detèminasyon manifestasyon an reyini; epi swa mete anplas yon plan entèkansyon konpòtmantal oubyen egzamine ak modifiye, jan sa nesèsè, plan entèkansyon konpòtmantal ki la deja pou elèv la.

Si EKIP la rive nan konklizyon ke konpòtman elèv la se pa yon manifestasyon andikap elèv la:

- EKIP la pral devlope yon plan altènatif ki ofri edikasyon piblik gratis ak apwopriye ba elèv la pandan peryòd sispansyon an;
- EKIP la pral prezante plan altètif la ba paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan ansanm ak avi alekri a, jan sa nesèsè anba lwa ak lejislasyon Eta a ak federal yo. Refi paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan oswa manke bay konsantman pou yo ofri sèvis konfòmman ak plan altènatif la p ap anpeche yo mete anplas sispansyon an.

Si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan mande yon odyans devan Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal Depatman Massachusetts la, elèv la pral kontinye ann atandan nan plasman edikasyonèl altènatif la lekòl la te idantifye kòm rezilta yon desizyon administrativ ki baze sou *Tiliv* sa a jistan trimès disiplin

la ekspire oubyen yon ofisyè odyans lan bay lòd pou chanje plasman elèv la, sa ki rive anpremye.

Nan tout enstans yo kote yo pral enpoze yon chanjman nan plasman an oubyen yon sispansyon pou dis (10) jou lekòl oswa plis, elèv la dwe resevwa edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye.

Pèsonèl lekòl la gendwa konsidere nenpòt sikonstans san parèy (inik) aprèyon egzamen ka pa ka, lè y ap detèmine si pou yo egzije yon chanjman nan plasman yon elèv ki pa t respekte yon kòd konpòtman.

Nan dis (10) jou lekòl aprè dat desizyon administrativ la pou enpoze yon mezi disiplinè, sa ki annapre a pral rive:

- EKIP la dwe reyini pou fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl de elèv la, si evalyasyon sa a poko egziste;
- EKIP la dwe mete anplas plan entèkansyon konpòtmantal elèv la si plan sa a pa t anplas anvan ensidan konpòtman an ki antrene mezi disiplinè a; oswa
- EKIP la dwe egzamine ak modifiye plan entèkansyon konpòtmantal elèv la, si plan sa a te anplas anvan ensidan konpòtman an ki te debouche sou mezi disiplinè a.
- EKIP la gendwa deside fè yon chanjman nan plasman an, avèk oswa san pèmision paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan, pou mete elèv la nan yon anviwònman edikasyon altènatif pou yon peryòd ki pa ka plis pase karant-senk (45) jou lekòl, a kondisyon yo ofri edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye nan youn oswa nan plizyè nan enstans sa yo:

- yon elèv pote yon zam lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize;

- yon elèv posede, itilize oubyen solisite entansyonèlman vant yon dwòg epi/oswa yon sibstans kontwole pandan li lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize; oswa

- yon elèv enflije yon lòt moun yon domaj kòporèl grav pandan li lekòl la, sou teren lekòl la oubyen nan yon evènman lekòl la òganize. “Domaj kòporèl grav” defini pi espesifikman kòm yon domaj ki kreye yon risk serye pou koze lanmò, doulè fizik ekstrèm, defigirman pwolonje ak evidan oubyen pèt oswa andikap pwolonje nan fonksyon yon pati nan kò yon ògàn oubyen yon fakilte mantal yon moun.

Lekòl la gendwa chèche yon lòd nan men Biwo Kontestasyon Espesyal Massachusetts Depatman Edikasyon an pou yo retire yon elèv pandan jiska karant-senk (45) jou lekòl maksimòm pou mete l nan yon anviwònman edikasyon altènatif enterimè, si lekòl la detèmine ke si elèv la rete nan plasman kote li ye kounye an, gen anpil chans pou sa antrene elèv la oubyen lòt moun pral pran yon chòk.

39. Aksyon Afimatif/ Avi Non-Diskriminasyon

CPS angaje li anfavè prensip menm opòtinite egalego pou tout moun nan chak aspè operasyon li yo, konsènan opòtinite ni akademik ni nan anbochaj. Li entèdi epi li pa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote yon moun soti, zansèt yon moun, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm veteran, estati sivil, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl oubyen eta sante ki gen pou wè ak gwosès nan pwogram ak aktivite li yo oubyen nan admisyon oswa anbochaj nan pwogram oswa aktivite li yo. CPS ofri tou aksè egalego bay Boy Scouts ak lòt gwoup lajenès, jan lalwa federal mande sa. Moun non li make anba la a deziyen pou travay sou demann ki gen pou wèak politik entèdiksyon diskriminasyon yo:

Director of Diversity Development, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6457.

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan entèdiksyon fè diskriminasyon, ou gendwa kontakte tou Office of Civil Rights of the United States Department of Education, 5 Post Office Square, 8th Floor, Boston, MA 02109 Telefòn: 617-289-0111; Faks: 617-289-0150.

40. Lyezon Edikasyon Pou Sanzabri yo

CPS angaje li pou bay timoun ki sanzabri ak jennjan ki pou kont yo yon aksè egalego nan edikasyon leta bay, menmjan ak lòt timoun nan Cambridge. Si ou bezwen asistans pou abò kesyon ki gen pou wè ak edikasyon timoun ki sanzabri ak jennjan ki pou kont yo, voye yo bay Lyezon Edikasyon pou Sanzabri (Homeless Education Liaison) pou Lekòl Piblik Cambridge yo. Biwo Lyezon pou Edikasyon pou Sanzabri an chita nan 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141. Nimewo telefòn la se 617-349-6487.

41. Libète pou Rasanble

Elèv yo gen dwa jwi tou Dwa Konstitisyonèl libète pou rasanble. Elèv yo gen dwa pou fè rasanbleman libman ak an pè sou pwopriyete lekòl la pou ekspriye lide ak opinyon yo. Nenpòt rasanbleman elèv yo planifye dwe dewoule nan yon kote ak yon lè rektè/direktè lekòl siperyè a oswa Rektè-Adjwen an apwouve alavans, epi yo pa ka refize bay otorizasyon san rezon valab.

Elèv yo gendwa envite ak tande entèvenan ki pa fè pati de lekòl la andedan etablisman lekòl la. Ofisyèl lekòl la gendwa rezonabman règlemante akilè ak kikote diskou yo pral dewoule epi yo gendwa mande yon preyavi pou evite konfli epi pou asire bonjan pwoteksyon kominnote lekòl la. Elèv yo oblije prezante non tout entèvenan andeyò yo ba rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-Adjwen an pou yo apwouve li anvan. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen Rektè-Adjwen an pral bay apwobasyon li pou yon entèvenan ki pa fè pati lekòl la eksepte si gen yon baz faktyèl enpòtan pou panse entèvenan an pral pwovoke gwo dezòd nan aktivite lekòl la. Reyinyon gouvènman elèv yo ak reyinyon kominote lekòl la se kot eki apowpriye pou

planifye evènman sa yo.

42. Libète Ekspresyon

Elèv yo pral jwi sèten dwa konstitisyonèl l, jan tribunal yo defini yo pou yon anviwònman lekòl. Elèv yo pral gen dwa pou ekspriye tèt yo epi pou yo pale, ekri, pote oubyen afiche senbòl tankou bouton, badj, anblèm ak brasa, oubyen grasa nenpòt medyòm oubyen fòm ekspresyon. Rektè/direktè lekòl siperyè a oubyen moun li te deziyen an gendwa règleman ekspresyon yo si gen yonbaz faktyèl pou panse ke yon fòm ekspresyon presi pral koze oubyen ap koze dezòd ki sanzatan ak enpòtan nan aktivite lekòl yo (pa egzanzp, ki obsèn, difamatwa oubyen manke respè; sipòte rasism, liv pònografik, li ensite entansyonèlman lòt moun pou yo pa respektke règ lekòl ki valab, elatriye.).

43. Libète Endividyèl

Elèv yo gen dwa an sekirite pandan yo andedna bilding lekòl la, sou teren lekòl la oubyen sou trajè pou rive lekòl oswa pou kite lekòl la, epi anpèmanans pandan y ap patisipe nan nenpòt aktivite lekòl la.

Okenn elèv, pwofesè oubyen ofisyèl lekòl gen dwa itilize fòs fizik nan nenpòt fason pou koze oubyen eseye koze yon blesi fizik entansyonèl kay yon elèv, yon pwofesè oubyen yon ofisyèl lekòl. Sepandan, yon pwofesè oubyen yon ofisyèl lekòl gendwa itilize fòs fizik si fòs fizik sa rezonab ak nesèsè:

- pou antre an posesyon yon zam oubyen nenpòt lòt objè ki danjre; oubyen
- pou lejitim defans; oubyen
- pou pwoteje yon lòt moun oubyen posesyon.

Pa gen okenn pwofesè oubyen ofisyèl lekòl ki gen

dwa itilize fòs fizik nan okenn fason pou disipline yon elèv oswa enpoze yon pinisyon. Li entèdi estrikteman pou bay okenn chatiman kòporèl.

44. Politik Entèdiksyon Diskriminasyon ak Pèsekisyon Seksyèl

CPS gen yon angajman pou kenbe yon anviwònman edikasyon ak yon lye travay kote prejije ak entolerans pa gen plas, ki gen ladann diskriminasyon sou labaz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, etnisite, zansèt yon moun, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm veteran, estati sivil, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen eta sante ki gen pou wè ak gwosès, pa tolere ak nenpòt fòm entimidasyon, menas, kowèsyon epi/oswa pèsekisyon ki kontrè ak diyite lòt moun epi ki entèfere ak libète yo pou yo aprann oswa travay.

CPS aplike estrikteman yon entèdiksyon kont pèsekisyon ak diskriminasyon seksyèl oswa nenpòt lòt kalite, sou nenpòt elèvs oswa anplwaye li yo nenpòt moun ta gendwa fè, ikonpri nenpòt elèv kanmarad, pwofesè, sipèvizè, ko-travayè, founisè oubyen lòt tyès pati, paske tip konpòman sa a kontrè ak misyon CPS la ak angajman li anfavè opòtinite egalego nan edikasyon ak nan anbochaj.

"Diskriminasyon" ak "Pèsekisyon" defini kòm konpòtman endezirab, kèlkeswa si se nan bouch oubyen fizikman, ki baze sou ras, koulè, peyi kote moun lan soti, etnisite, ansèt li, relijyon, laj, andikap, enfòmasyon jenetik, klasifikasyon kòm ansyen militè, estati sivil, si se yon fi oswa yon gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès oubyen sitiasyon ki gen pou wè ak gwosès). "Pèsekisyon seksyèl" define tankou avans seksyèl endezirab, demann pou favè seksyèl ak konpòtman aloral oswa fizik ki gen yon nati seksyèl, lè:

- si akseptasyon oubyen refi avans, demann oubyen konpòtman sa a te reprezante eksplisitman oubyen enplisitman yon egzijans oubyen yon kondisyon pou jwenn yon travay, yon pozisyon akademik, opòtinite ki gen pou wè ak lekòl oubyen kòm baz pou desizyon konsènan anbochaj;

- avans, demann oubyen konpòtman sa a te gen kòm objektif oubyen efè kreye yon entèferans ki pa rezonab nan pèfòmans akademik ouyen nan travay yon moun, kote li te kreye yon anviwònman travay ki entimidan, ostil, imilyan oubyen seksyèman ofansif.

Pèsekisyon seksyèl gen ladann zak vyolans seksyèl, tankou pa egzanp men se pa sa sèlman, zak seksyèl fizik kont volonte yon moun oubyen kote yon moun pa kapab bay konsantman li akòz viktim la te pran dwòg oubyen alkòl, oubyen li pa kapab bay konsantman li poutèt yon andikap entelekyèl oubyen lòt kalite andikap. Yon kantite zak diferan tonbe nan kategori vyolans seksyèl, pa egzanp kadejak, agresyon seksyèl, blesi seksyèl ak koyèsyon seksyèl. Tout zak vyolans seksyèl sa yo se fòm pèsekisyon seksyèl ki entèdi anba Tit IX.

CPS p ap tolere okenn pèsekisyon ni konpòman diskriminatwa ki afekte kondisyon anplwa oswa edikasyon, ki entèfere yon fason ki pa rezonab ak pèfòmans lekòl oswa nan lye travay yon moun oubyen ki kreye yon anviwònman entimidan, ostil oswa ofansif nan travay oswa lekòl la. Diskriminasyon epi/oswa pèkasyon anplwaye yo oswa elèv yo ki rive nan lekòl yooswa nan lye travay la entèdi selon lalwa epi CPS p ap tolere li. Pou politik sa a, “lye travay” oswa “lekòl” gen ladann evènman sosyal lekòl la esponnize, depasman pou travay la oswa evènman simile ki gen pou wè ak lekòl oswa anplwa, ikonpri men se pa sa sèlman, aktivite aprè-lekòl ak aktivite atletik, depasman pou ale ak pou kite lekòl la oubyen pandan yon depasman ak tout klas la lekòl la òganize. Anplisdesa, nenpòt reprezay kont yon moun ki te pote plent akòz diskriminasyon, pèsekisyon oswa reeprezay; oubyen nenpòt zak vanjans kont nenpòt moun ki te kowopere ak yon ankèt akòz diskriminasyon, pèsekisyon oswa reprezay ilegal menm jan epi yo p ap tolere li.

CPS pran alegasyon diskriminasyon ak pèsekisyon seryèzman epi li pral reponn rapidman plent yo. Chak fwa yo detèmine gen konpòtman ki pa apwopriye ki te rive, CPS pral ajì rapid-rapid pou elimine konpòtman an epi li pral enpoze yon aksyon korektiv jan sa nesèsè, ki gen ladann aksyon disiplinè sis a nesèsè, ki ka gen ladann revokasyon oswa sanksyon disiplinè ki baze lekòl la.

Yon elèv gendwa pote plent konsènan swa-dizan pratik diskriminatwa enfòmèlman ak yon pwofesè elèv, rektè/direktè lekòl odwa dwayen an, Direktè Devlopman Divèsite oswa Sipèrntandan-Ajwen Ansèyman ak Aprantisaj. Yon anplwaye gendwa prezante yon plent devan sipèvizè yo, Direktè Devlopman Divèsite oswa Direktè Egzekitif nan Biwo Resous Imèn. Biwo Direktè Devlopman, Resous Imèn ak Sipèrntandan-Adjwen Ansèyman ak Aprantisaj chita nan 159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts. Nimewo telefòn pou Direktè Devlopman Divèste a se 617-349-6457, nimewo telefòn pou Resous Imèn se 617-349-6438 epi nimewo telefòn pou Sipèrntandan-Adjwen an se 617-349-6418. Direktè Devlopman Divèsite a se li ki okipe tou plent fòmèl yo konsènan swa-dizan pratik diskriminatif yo.

Nan sèten ka, konpòtman yo pote plent kont li a gendwa reprezante te pèsekisyon seksyèl anba Tit IX epi aktivite kriminel. Si w panse konpòtman an se yon zak tou, ou gen dwa pou depoze yon plent penal nenpòt lè, pandan oswa aprè ankèt lekòl la òganize sou labaz plent ou an tou.

W ap jwenn yon kopi konplèt politik entèdikasyon diskriminasyon distri lekòl la sou wèbsayt distri lekòl la oswa ou kapab mande rektè/direktè lekòl yon kopi.

45. Maryaj, Gwosès ak Elèv k ap Leve Pitit

N ap ankouraje elèv yo ki ansent, ki gen timoun oswa ki marye pou yo kontinye lekòl. Elèv sa yo otorize rete nan klas akademik nòmal yo epi patisipe nan aktivite andeyò-lekòl avèk lòt elèv yo. Anplisdesa, elèv ki ansent yo, apre yo fin akouche, kapab tounen nan menm klas akademik ak aktivite andeyò-lekòl yo tankou anvan yo te akouche. Yo p ap refize okenn elèv ki ansent, ki gen pitit oubyen ki marye, pou yo jwenn aksè nan enstriksyon salklas oswa aktivite andeyò-lekòl, ni li p ap gen sispansyon, ekspilasyon, eksklizyon oubyen ba li sanksyon disiplinè poutèt li marye, li ansent oubyen li gen pitit.

46. Kowòdonatè Tit IX

CPS pa diskrimine paske yon moun se yon fi oswa yon gason nan pwogram oswa aktivite edikasyon li jere yo epi li pa diskrimine paske yon moun se fi oswa gason nan admisyon ni nan anboch nan pwogram oswa aktivite li yo. Se pou yo voye nenpòt demann konsènan aplikasyon Tit IX bay Kowòdonatè Tit IX la pou distrik lekòl la: Director of Diversity Development, Cambridge Public Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6457 oswa nan United States Department of Education, Office of Civil Rights, 5 Post Office Square, 8th Floor, Boston, MA 02109 Telefòn: 617-289-0111; Faks: 617-289-0150.

47. Libète Relijyon

Manman-Lwa Massachusetts chapit 151C, seksyon 2B, deklare ke:

Nenpòt elèv ki nan yon enstitisyon edikasyon oswa pwofesyonèl, ki pa yon enstitisyon relijyèz oswa denominasyonèl edikasyonèl oswa yon enstitisyon fòmasyon pwofesyonèl, ki pa kapab, poutèt kwayans relijyèz li, ale lekòl pou fè yon tès, yon etid oswa yon egzijans pou travay yon jou anpatikilye, pral gen yon jistifikasyon pou pa fè tès la oswa etid oubyen egzijans travay la, epi yo pral ba li opòtinite pou ratrape egzamen, etid oswa egzijans travaya la li te manke a akòz li te absan yon jou an patikilye; akondisyon, sepandan, egzamen ratrapaj sa a oswa travay sa a p ap kreye yon chay ki twò lou sou lekòl la. Enstitisyon an p ap faktire okenn frè ditou pou òganize opòtinite sa a pou elèv la. Okenn elèv p ap sibi okenn konsekans negativ akòz li itilize pwovizyon seksyon sa a.

Elèv yo ki manke lekòl poutèt y ap respekte yon fèt relijyèz dwe deklare absans yo kòm yon absans ki jistifye. Dezyèmman, yo mande pou pwofesè yo evite pwogram tès enpòtan, pwèn fò aktivite yo, gwo prezantasyon alekri oswa rapò pandan jou sa yo. Finalman, pwofesè yo dwe bay elèv yo yon kantite rezonab tan lè yo tounen nan salklas yo pou ratrape devwadmezon pandan jou sa yo.

48. Direktiv Sèman Alejans

Manman-Lwa Massachusetts: Chapit 71, Seksyon 69 deklare ke:

Chak pwofesè nan kòmansman premye klas chak jou nan tout nivo klas nan tout lekòl piblik yo pral òganize yon resitasyon angwoup de "Sèman Alejans pou Drapo a."

Yo pa gen dwa fòse okenn elèv fè sèman alejans la. Nenpòt elèv ki pa vle patisipe nan sèman alejans lan pral respekte dwa lòt moun ki vle fpatisipe san enteripsyon oswa pètibasyon.

POLITIK JENERAL YO

49. Politik konsènan Izaj Akseptab pou Rezo Enfòmasyon (AUP)

Se politik CPS la pou yo itilize tout teknoloji pou kominikasyon elektwonik, ki gen ladann men se pa sa sèlman, teknoloji yo itilize pou jwenn aksè nan rezo CPS la ak pou jwenn aksè nan Entènèt epi tout aparèy elektwonik CPS bay estaf ak/oswa elèv yo (tankou konpitè, telefòn, elatriye) dwe itilize yon fason ki responsab, legal ak konfòm ak letik.

Rezo enfòmasyon CPS ak aparèy elektwonik yo disponib pou objektif edikasyon limite epi yo pa enstale kòm yon sèvis aksè piblik oswa yon fowòm piblik. CPS gen dwa pou please restriksyon sou izaj sistèm enfòmasyon la ak sou tout aparèy elektwonik li prete, epi pou egzije pou itilizatè yo respekte règ sistèm yo ak politik Komite Lekòl la, ikonpri men se pa sa sèlman, Politik Anti-Diskriminasyon ak Entèdiksyon Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Tizonnay (Bullying) epi pou pwoteje karaktè prive enfòmasyon ki nan dosye elèv la ak enfòmasyon nan dosye pèsonèl la.

Menmsi gen anpil resous ki disponib sou Entènèt la, gen anpil sit tou yo konsidere ki pa apwopriye pou elèv yo epi ki pa gen okenn valè edikatif. Tout moun ki itilize Entènèt la dwe itilize rezo enfòmasyon la yon fason ki responsab pou asire yo itilize li sèlman pou objektif ki gen pou wè ak edikasyon, epi yo dwe konsistan ak aktivite akademik CPS yo epi yo pral anba sipèvizyon estaf CPS la. Pandan itilizasyon resous enfòmasyon sou rezo CPS la, se pou elèv ak yon itilizatè adilt dakò pou aksepte politik sa a. Li entèdi pou itilize nenpòt resous enfòmasyon sou rezo CPS la pou kèlkeswa aktivite ki ilegal oswa komèsyal ki entèdi.

CPS itilize yon sistèm filtrasyon ki kreye pou anpeche aksè nan sit ki pa apwopriye edikasyonèlman, ikonpri sit yo ki gen materyo ki obsèn, pornografik oswa ki domajab pou timoun ki poko gen 18tan. Sepandan, li enpòtan pou konprann pa gen solisyon ki pafè epi CPS pa kapab garanti elèv yo pa kapab jwenn aksè nan yon sit ki apwopriye. Se reponsabilite elèv la pou rapòte nenpòt sit ki pa apwopriye ba yon pwofesèepi tounen nan sijè edikasyon ki chwazi a.

Pwofesè, administratè ak lòt pèsònèl lekòl k ap itilize Entènèt la pou anseye gendwa rele Sistèm Enfòmasyon, Kominikasyon ak Teknoloji (Information, Communication and Technology Systems, ICTS) pou mande ke yo bloke oswa yo debloke yon sit espesifik. Se moun ki responsab siveyans sistèm filtrasyon CPS la an konsiltasyon ak pèsònèl lekòl la ki apwopriye ki pral pran desizyon sa yo.

Itilizasyon konpitè, rezo enfòmatik CPS, ikonpri aksè nan Entènèt ak imèl ansanm ak lòt aparèy elektwonik (tankou selilè epi/oswa PDA yo) se yon PRIVÈL li ye, se pa yon dwa. ***Li enpòtan pou tout anplwaye, elèv CPS yo ak paran/gadyen elèv yo konprann ke si yo refize siyen Récepissé Politique Itilizasyon Akseptab epi/oswa nenpòt vydayon Politik Izaj Akseptab Lekòl Piblik Cambridge yo gendwa debouche sou pèt konpitè, Entènèt, rezo enfòmatik, lòt aparèy elektwonik epi/oswa privilèj imèl epi/oswa aksyon disiplinè epi/oswa pouswit dapre lwa Eta a ak federal.***

CPS pa fè okenn garanti, kèlkeswa si se eksprès oswa tasit, pou sèvis l ap bay yo. CPS p ap responsab pu nenpòt domaj ou sibi ki gen ladann men se pa sa sèlman, pèt done, enteripsyon sèvis, reta, livrezon kip a fèt akòz nenpòt ki rezon. CPS pa responsab pou presizyon oswa kalite enfòmasyon li resevwa grasa oubyen ki estoke sou rezo a, epi ki itilize nenpòt enfòmasyon sa yo pou ak pwòp risk ou. CPS p ap responsab pou obligasyon finansye ki rive akòz itilizasyon rezo a.

Se politik Komite Lekòl Cambridge la ak CPS pou tout transmisyon kominikasyon elektwonik ak estokaj tout enfòmasyon yo dwe respekte Politik Itilizasyon ki Aplikab sa a, si li apwopriye. Tout enfòmasyon elektwonik ki transmèt, resevwa oswa ki estoke konsidere kòm pwopriyete CPS epi/oswa Komite Lekòl Cambridge la, jan sa aplikab, epi li kapab sibi siveyans aleyatwa, san sispisyon, archivaj ak ekstraksyon.

Li enpòtan pou tout anplwaye CPS yo, elèv ak paran/gadyen elèv konprann pa gen okenn atant pwoteksyon lavi prive kinsènan itilizasyon ezo enfòmatik CPS la, ki gen ladann aksè ak imèl epi pa gen okenn atant rezonab pwoteksyon lavi prive konsènan kontni kominikasyon elektwonik ki fèt pou oswa apatide rezo enfòmatik CPS la, ikonpri aksè nan Entènèt ak imèl, kèlkeswa ekipman kominikasyon elektwonik kimoun yo te itilize. CPS ak Komite Lekòl Cambridge la kapab epi pral siveye ak ankete itilizasyon fichye imèl, konpitè disk di ak lòt fichye kominikasyon elektwonik, sistèm, aparèy ak platfòm, kèlkeswa si yo te jwenn aksè ladan yo lekòl la, nan travay la oswa a distans, si li relye dirèkteman ak sèvè distri lekòl la.

Itilizatè rezo ki responsab p ap itilize rezo enfòmatik CPS la, ikonpri men se pa sa sèlman, aksè nan Entènèt ak imèl:

- (a) pou objektif komèsyal nenpòt kalite;
- (b) pou lobbying politik, menmsi itilizatè yo gendwa itilize sistèm la pou kominike ak reprezantan epi pou eksprime opinyon yo osijè pwoblèm politik;
- (c) pou aktivite ilegal;
- (d) pou afiche, revele oswa disemine enfòmasyon kontak pèsònèl sou yo oswa sou lòt moun, ki gen ladann non, adrès, telefòn, adrès lekòl oswa travay la, san pèmision alavans moun enfòmasyon kontak li yo pral afiche a;
- (e) pou afiche, revele oubyen disemine nenpòt lòt fason enfòmasyon nan dosye elèv la san pèmision alavans administratè lekòl la, ak pèmision alekri alavans paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la, eksepte si divilgasyon oswa diseminasyon sa a otorize dapre règleman Massachusetts sou dosye elèv yo;
- (f) pou afiche oswa sinon disemine nenpòt ki fason yon mesaj yo te voye bay an prive san pèmision moun ki te voye mesaj la. Pwovizyon sa a pa anpeche yon itilizatè devwale rapidman bay yon pwofesè oswa yon administratè lekòl nenpòt mesaj yo resevwa ki pa apwopriye oubyen ki fè yo santi yo pa an sekirite;
- (g) pou menase, imilye, pèsekite, tizonnen, entimideoubyen anvoye enfòmasyon bay yon lòt moun oswa osijè yon lòt moun;
- (h) pou afiche chain letters, pou voye spam oswa pou fè nenpòt lòt fòm kominikasyon sou rezo enfòmatik la;

(i) pou afiche, revele oubyen disemine enfòmasyon nan dosye pèsònèl la san pèmision alavans yon administratè lekòl bay, eksepte si lalwa federal oswa Eta a otorize revelasyon oswa diseminasyon sa a;

(j) pou gade, posede, afiche, revele, voye, pataje oubyen disemine nenpòt lòt fason foto nimerik eksplisit seksyèlman, mesaj tèks, imèl oubyen lòt materyèl ki gen yon nati seksyèl sou nenpòt konpitè, selilè oubyen aparèy elektwonik kèlkeswa si lwa sou pònografi timoun vyole oswa pa;

(k) pou aktivite ki pètibe anviwònman edikatif la;

(l) pou aktivite ki pa konfòm ak letik, tankou triche nan devwa oswa tès;

(m) pou aktivite ki anvayi vi prive lòt moun;

(n) pou izaj pèsònèl; otreman di, rezo ak aparèy elektwonik Lekòl Piblik Cambridge yo ta dwe itilize sèlman pou biznis epi/oswa objektif lekòl;

(o) pou adopte nenpòt lòt konpòtman ki vyole politik Lekòl Piblik Cambridge yo epi/oswa pwovizyon *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite* Lekòl Piblik Cambridge yo oubyen règ ki baze nan lekòl la nan nenpòt fason;

(p) pa pou itilize oswa otorize elèv yo entèaji ak nenpòt wèbsayt ki egzijè yo make enfòmasyon idantifyab pèsònèl oswa elèv la (tankou non, adrès, nimewo telefòn, adrès elektwonik, elatriye.) eksepte si ICTS te apwouve itilizasyon wèbsayt la;

(q) pou vyole pwovizyon M.G.L.c. 71, §37O, ki gen ladann pwovizyon li yo konsènan pèsèkasyon, sibè-pèsèkasyon ak reprezay.

Itilizatè rezo ki responsab yo pral:

(a) pa janm revele enfòmasyon pèsònèl konsènan nenpòt itilizatè, tankou adrès, nimewo telefòn, nimewo kat kredi, nimewo sekirite sosyal, ekspete si yo te bay pèmision eksprès alekri; epi itilizatè ki elèv yo p ap janm aksepte kontre ak yon moun yo kontre anliy sans apwobasyon yon paran/gadyen/moun ki okipe timoun;

(b) notifiye yon administratè sistèm konsènan nenpòt pwoblèm sekirite yo idantifye sou rezo enfòmàtik la;

(c) pou li responsab pou itilizasyon aparèy elektwonik yo epi pou kont yo tout tan epi pou yo pa janm revele pèsòn mòd pas yo pou okenn aparèy oswa kont;

(d) rekonèt pa gen okenn pwoteksyon lavi prive nan kontni imèl, done oswa fichye pèsònèl oubyen sou nenpòt aparèy elektwonik epi/oswa rezo a, epi tout aparèy elektwonik ak sistèm la gendwa sibi archivaj, mentnans woutin, aksè ak siveyans mesaj yo epi moun gendwa jwenn aksè nan fichye yo pandan sikonstans ki apwopriye;

(e) revele rapidman ba yon pwofesè oswa yon administratè lekòl nenpòt wèbsayt yo lokalize oubyen yo resevwa ki pa apwopriye oubyen ki fèyo santi pa an sekirite;

(f) pa eseye jwenn aksè ki pa otorize nan rezo enfòmàtik CPS ni nan okenn lòt rezo enfòmàtik ni depase aksè otorize itilizatè a, fè tantativ delibere pou pètibe rezo enfòmàtik la oubyen pou detwi done nan simaye viris enfòmàtik oubyen grasa nenpòt lòt mwayen, oubyen vandalize, trafike, detwi oubyen entèfere ak rezo enfòmàtik la, ak pwogram, done, fichye oubyen nenpòt lòt enfòmasyon oswa aparèy elektwonik;

(g) respekte dwa legal pwodiktyèl lojisyèl, founisè rezo, akò sou dwa dote ak lisans;

(h) pa itilize sistèm la pou jwenn aksè nan materyo ki pwofan oubyen obsèn (pa egzanp, pònografi), ki pwomouvwa zak ilegal, ki pwomouvwa vyolans oswa diskriminasyon kont lòt moun (pa egzanp, dokiman ki pwomouvwa lahèn), oubyen ki ilegal (pa egzanp, je pou lajan)

(i) respekte politik Komite Lekòl Cambridge ak CPS, ki gen ladann men se pa sa sèlman, Politik kont Diskriminasyon ak Entèdiksyon Kont Pèsèkasyon Seksyèl, Politik Entèdiksyon Zak Lahèn ak Politik Anti-Pèsèkasyon (Bullying) an rapò ak itilizasyon rezo enfòmàtik la, sistèm enfòmàtik la ak imèl;

(j) itilize menm nivo swen, jujman ak pwofesyonnalism pou kominike sou rezo enfòmàtik la, sistèm enfòmàtik la ak imèl, jan yo ta fèl pou lòt kominikasyon alekri depatman lekòl la voye, ikonpri men se pa sa sèlman kominikasyon ki gen ante endividyèl oswa lekòl la;

(k) rapòte nenpòt ensidan oswa menas elèv la resevwa, imilyasyon, pèsèkasyon, sibè-pèsèkasyon, reprezay, tizonay, kraponnay oswa kominikasyon ki ofansif (kèlkeswa si se nan imèl, mesaj tèks, rezotaj sosyal oubyen nenpòt fason) konfòmman ak pwovizyon Politik Anti-Diskriminasyon CPS la ak

Entèdiksyon Kont Pèsekisyon Seksyèl ak Politik Anti-Pèsekisyon (Bullying);

(l) lè l ap afiche materyo nan yon klas ansèyman adistans, li dwe asire materyo ki afiche a disponib sèlman pou elèv yo ki enskri ofisyèlman nan klas la yo te fè transmisyon an pou li a, kèlkeswa si transmisyon enfòmasyon nimerik sa a se yon klas edikasyon adistans oubyen yon sipleman pou yon klas an dirèk; asire mezi rezonab anplas pou anpeche retansyon travo ki pi long pase sesyon klas la epi anpeche diseminasyon materyo ki pa otorize (pa egzanp, itilizasyon mòd pas, ottantifikasyon itilizatè ak anplasman grasa verifikasyon pwotokòl Entènèt la, tanporizasyon kontni a, dezaktivasyon enprime ak dezaktive zouti koupe epi kole a), bay elèv yo yon notifikasyon klè ke travay la pwoteje ak dwadotè epi sèlman materyo ki afiche ki fèt legalman, ki aki epi ki fèpati yon aktivite enstriksyonèl sistematik pa medyasyon ou klas ki anba kontwol oswa sipèvizyon enstriktè a, ki itilize yon fason sanblab ak pèfòmans oubyen afichaj nan yon salklas an dirèk epi kantite materyèl itilize an dwe konparab ak montan yo itilize nan anviwònman yon salklas an dirèk epi pa afiche okenn travo edikasyon nimerik;

(m) asire elèv yo edike sou fason pou konpòte yo kòrèkteman anliy, ikonpri entèyaji ak lòt moun sou sot rezotaj sosyo, sal bavardaj anliy (chatrooms) ak konsyantizasyon ak entèvansyon pou sibè-pèsekisyon.

Disiplin

Nenpòt vyolasyon politik sa a gendwa debouche sou anilasyon privilèj rezo a epi/oswa aksyon disiplinè ki apwopriye konfòmeman ak règ CPS epi aksyon jiridik, yo, si sa apwopriye.

Nenpòt itilizatè yo idantifye kòm yon risk sekirite oubyen ki gen istwa pwoblèm ak lòt sistèm enfòmasyon gendwa jwenn refi pou aksede nan rezo a, selon pouvwa diskresyonèl lekòl la.

Depatman lekòl la pral kowopere nèt ak ofisyèl Eta ak federal lokal yo nan nenpòt investigasyon ki gen pou wè ak nenpòt aktivite ilegal y ap fè sou rezo a.

50. Kòd Etik pou Lojisyèl

Li entèdi pou kopye lojisyèl ki anba pwoteksyon dwa dote epi se yon vyolasyon lalwa epi li pa konfòm ak estanda konpòtman CPS yo. CPS pa apwouve

pwoteksyon dwa dote sa a epi li rekonèt prensip annapre yo kòm fondman pou anpeche sitiyan sa a rive:

- CPS p ap janm patisipe ne tolere moun fè oswa itilize kopi lojisyèl ki pa otorize nan okenn sikonstans.
- CPS pral prete lojisyèl li jwenn legalman san pèdi tan pou satisfè bezwen lejitim nan lojisyèl ak nan kantite ki sifizan pou tout konpitè ki bezwen lojisyèl sa yo.
- CPS pral respekte tout kondisyon acha lisans ki jere itilizasyon nenpòt lojisyèl CPS achte oswa itilize.
- CPS pral mete anplas kontwol entèn solid pou anpeche moun fabrike oswa itilize kopi lojisyèl ki pa otorize, ikonpri mezi efikas pou verifye si yo respekte estanda sa yo ansanm ak mezi disiplinè apwopriye pou lè gen vyolasyon estanda sa yo.

51. Vizitè Lekòl yo

Pou kapab kenbe sekirite ak sirte, tout vizitè dwe anonse prezans yo nan biwo prensipal lekòl la anvan pou yo deplase nan lekòl la. Si yon vizitè pètibe oswa entèfere ak travay elèv yo, pwofesè yo oswa lòt anplwaye epi l ap konpòte l yon fason ki pa apwopriye oswa li ensiste pou fè visit nan lè ki pa apwopriye, rektè/direkè lekòl la gendwa please restriksyon sou kapasite moun endividi sa a vizite lekòl la, ikonpri men se pa sa sèlman, egzije pou li fè randevou anvan li vin lekòl la, pou yon estaf lekòl la akonpaye li lè li nan bilding la oubyen pou yo anpeche li antre nan bilding la. Si ou gen kesyon konsènan politik lekòl la konsènan vizitè, pale ak rektè/direkè lekòl la.

52. Entèdiksyon Kite Motè Machin Limen

Manman-Lwa Massachusetts chapit 71, seksyon 37H entèdi pou tout chofè bis lekòl ak chofè veyikil amotè pèsònèl pa kite motè machin yo limen sou pwopriyete lekòl la nan yon distans ki mwens pase san (100) pye de lekòl la.

53. Kazye Elèv yo

Anpil lekòl CPS, espesyalman sa ki pi resan yo, gen kazye pou elèv yo. Kazye se yon privilèj yo ye. Elèv yo bay yon kazye dwe respekte kondisyon ki annapre yo:

Se pou yo eseye fè tout sa ki posib pou kenbe kazye yo sekirize epi pou pèmèt sa ki gen ladan yo rete prive.

Elèv yo pa ka pataje kazye yo, eksepte si moun ki responsab la otorize sa.

Yo p ap tolere moun ki ekri graffiti oswa ki pa kenbe kazye yo pwòp.

Kazye yo se pou mete rad ak materyo ansèyman tankou liv, nòt, pwòjè, founiti, lench, elatriye.

Elèv yo dwe respekte règ kazye lekòl yo, ki gen ladann lè ki pwogram pou jwenn aksè nan kazye yo, elatriye.

Elèv yo ta dwe pran sa yo bezwen nan kazye yo nan fen jounen lekòl la. Si li nesèsè pou pran yon bagay ki enpòtan nan kazye a aprè lè lekòl la, w ap bezwen jwenn pèmisyon yon administratè pou sa.

Poutèt kazye se pwopriye depatman lekòl la, lekòl yo gen dwa pou fouye kazye yo si gen rezon pou kwè gen kontrebann, zam oswa prèv ki pral etabli yon lyen ant kazye a ak trafik kontrebann oubyen si gen yon danje egzistan menas fizik imedyat pou lekòl oswa estaf li oubyen elèv yo. Lekòl la pral òganize enspeksyon anonse ak sipriz kazye yo. Al gade Seksyon 4.0 nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a* pou jwenn plis enfòmasyon konsènan politik sou kazye a.

CPS pa responsab pou byen ki pèdi pandan ane lekòl la. CPS p ap responsab non plis pou byen ki pèdi yo kite nan kazye aprè dènye jou lekòl la. Règ sa yo ansanm ak pwosedi ki baze lekòl la aplikab tou pou biwo elèvs yo.

54. Enfòmasyon ki nan Dosye Kazye Jidisyè Elèv yo

CPS chèche bay yon anviwònman aprantisaj ki san danje pou elèv li ak yon anviwònman travay ki san danje pou anplwaye li yo. Kidonk, se politik CPS, konfòmman ak pwovizyon M.G.L.c. 71, §38R, jan li amande nan Chapit 385 Lwa 2002 ak M.G.L.c. 6, §172I, pou òganize verifikasyon kazye jidisyè (“verifikasyon CORI”) detanzantan epi omwens chak twa (3) lane sou anplwaye aktyèl ak potansyèl (yo),

founisè sèvis anba kontra, volontè (yo) ak founisè transpò lekòl (yo), ki gen ladann anplwaye konpayi taksi, ak sou-kontraktèl oswa travayè manyèl k ap fè travay sou teren lekòl la ansanm ak lòt moun ki gen yon kontak dirèk ki pa siveye ak timoun. Yo pral fè verifikasyon CORI yo sou anplwaye aktyèl ak potansyèl (yo) epi founisè sèvis anvan yo anbpche yo epi/oswa yo siyen kontra avèk yo epi pou nenpòt volontè anvan pou aksepte moun lan kòm volontè.

Anplisdesa, konfòmman ak Lwa Eta a, yo òganize yon verifikasyon kazye jidisyè nasyonal ak pou tout Eta a ki baze sou enprent pou tout anplwaye ki la kounye an ak anplwaye potansyèl yo.

55. Deplasman ak Tout Klas la

Komite Lekòl Cambridge la rekonèt eksperyans dirèk depasman ak tout klas la bay timoun y oak depasman lekòl la òganize se fason ki pi efikas ak pi valab pou aprann, kidonk Komite Lekòl Cambridge la ankouraje pou depasman ak tout klas la ak depasman lekòl la òganize gen yon valè edikativ ki gen pou wè ak pwogram lekòl ak korikolòm total lekòl la. Anplisdesa, akòz valè edikasyonèl entrensèk ki genyen nan depasman ak tout klas la ak depasman lekòl la òganize, tout elèvs yo ta dwe kapab patisipe epi gen yon aksè egalego nan depasman ak tout klas la ak nan depasman lekòl la òganize.

Konfòmman ak objektif sa a, Sipèntandan Lekòl la te kreye direktiv pou depasman ak tout klas la ak depasman lekòl la òganize. Direktiv sa yo abòde pwosesis pou seleksyon, evalye ak apwouve depasman ak tout klas la ak depasman lekòl la òganize pou asire ke yo pran tout etap rezonab pou asire sante, sekirite ak byennèt patisipan yo epi pou asire pa gen okenn pètibasyon enpòtan nan pwosesis edikasyon an ak nan valè entrensèk depasman ak tout klas la epi/oswa depasman lekòl la òganize. Anplisdesa, direktiv yo endike ke yo pa kapab refize okenn elèv patisipe nan yon depasman ak tout klas la oswa nan yon depasman lekòl la òganize kòm konsekans oswa yon fòm pinisyon poutèt ansyen konpòtman elèv la te deja resewva yon sanksyon pou li a. Yo gendwa ekskli yon elèv nan yon depasman ak tout klas la oswa nan yon depasman lekòl la òganize si dat sipansyon oswa ekspilsyon (yo) de lekòl la pou yon vyolasyon règ ki baze nan lekòl la oswa kòd konpòtman ki endike nan

Tiliv sou Dwa ak Responsabilite a koenside ak dat ki pwograme (yo) pou dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize, oubyen si, dapre opinyon rektè/direkè lekòl la, ansyen konpòtman oswa konpòtman aktyèl yon elèv poze yon risk enpòtan pou sante, sekirite ak byennèt elèv la, lòt elèv yo epi/oswa estaf la k ap patisipe nan dep拉斯man ak tout klas la epi/oswa evènman lekòl la ap òganize. Direktiv yo egzije tou pou rektè/direkè lekòl la apwouve alavans tout dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize, ansanm ak otorizasyon alavans. Sipèntandan an epi/oswa moun li deziyen an pou tout dep拉斯man ki dire plis pase 24èdtan oswa aletranje. Anplis, direktiv yo etabli pwosedi pou asire ke: (i) tout elèv yo jwenn pèmasyon paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pou dep拉斯man yo; (ii) tout dep拉斯man yo gen ase sipèvizyon, (iii) tout prekosyon sekirite respekte, (iv) yo revise tout fichye elèv yo pou detèmine si nenpòt aranjman oswa modifikasyon nesèsè pou yon elèv patisipe epi pou li gen yon aksè egalego nan nenpòt dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize, (v) tout dep拉斯man yo kontribye anpil nan pwogram edikasyon an, (vi) distri a ap siveye si elèv yo ekskli anskè yo pa kapab patisipe epi/oswa yo pa gen aksè egalego nan dep拉斯man ak tout kals la epi/oswa nan dep拉斯man lekòl la òganize, epi si se sa, pouki rezon; epi (vii) gen pwosedi anplas pou paran/gadyen yo pou yo konteste yon desizyon pou ekskli yon elèv pou li pa patisipe epi pou li pa jwenn aksè nan yon dep拉斯man ak tout klas la epi/oswa yon dep拉斯man lekòl la òganize.

Yo pa oblije apwouve tout dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize. Yo gen dwa revoke otorizasyon pou kèlkeswa dep拉斯man ak tout kals la oswa dep拉斯man lekòl la òganize si gen yon chanjman nan sikonstans yo, kèlkeswa si se akòz aksyon yon moun oswa natirèl, ta jistifye anilasyon dep拉斯man ak tout klas sa a oswa dep拉斯man lekòl la òganize pou pwoteje sekirite elèv yo ak estaf CPS la.

CPS ansanm ak Komite Lekòl Cambridge la p ap responsab pou nenpòt obligasyon finansyè ki rezilta planifikasyon dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize, oswa pou nenpòt montan ki pa ranbousab oubyen ki pèdi akòz anilasyon dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize oubyen akòz eskliyon yon elèv pou li pa patisipe oswa pa jwenn aksè nan yon dep拉斯man ak

tout klas la oswa nan yon dep拉斯man lekòl la òganize akòz sispansyon oswa ekspilsyon elèv la de lekòl la nan dat ki prevwa pou dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize.

Se pou yo distribye nan moman yo anonse pou premye fwa yon dep拉斯man bay paran/gadyen/moun k ap okipe elèv yo ak elèv yo tou tout règ ak kòd konpòtman ki etabli pou kalifikasyon elèv la pou li patisipe nan dep拉斯man ki pwopoze a. Swa nan moman yo anonse dep拉斯man ak tout klas la pou premye fwa epi pa pi ta pase omwens sis (6) semèn anvan nenpòt dep拉斯man ak tout klas la, estaf lekòl ki apwopriye a ta dwe gade tout fichye elèv yo pou detèmine si nenpòt aranjman oswa modifikasyon nesèsè pou elèv la patisipe nan dep拉斯man ak tout klas la ki pwograme a. Si sa nesèsè, yon reyinyon Ekip la ta dwe òganize swa nan moman oswa touprè moman yo anonse dep拉斯man ak tout klas la pou premye fwa epi pa pi ta pase sis (6) semèn anvan dep拉斯man ak tout klas la pou revize ak diskite nenpòt aranjman oswa modifikasyon ki nesèsè pou elèv la kapab patisipe epi jwenn aksè nan dep拉斯man ak tout klas la.

Yo pa kapab refize pou yon elèv patisipe nan yon dep拉斯man ak tout klas la oswa nan yon dep拉斯man lekòl la òganize ki prevwa pandan jounen lekòl (epi se pa yon dep拉斯man ki dire plis pase 24èdtan) akòz enkapasite pou peye chaj la. Chak club, Ekip oswa gwoup responsab pou leve lajan ki nesèsè pou finansye yon dep拉斯man ak tout klas la oswa yon dep拉斯man lekòl la òganize yon gwoup elèv ap pwopoze. Yo pa ta dwe kòmanse okenn preparasyon pou yon dep拉斯man ak tout klas la oswa yon dep拉斯man lekòl la òganize jiskaske dep拉斯man ak tout klas la oswa dep拉斯man lekòl la òganize fin apwouve. P ap gen okenn sipò finansye ki disponib nan men CPS oswa Komite Lekòl Cambridge la pou okenn vwayaj ki dire plis pase 24èdtan oswa andeyò Eta a oswa aletranje.

CPS ak Komite Lekòl Cambridge la p ap responsab pou okenn depans ki rive akòz desizyon yon siveyan pou voye yon elèv patisipan lakay li pi bonè pase dat retou ki prevwa a akòz konpòtman elèv la kip a akseptab. Elèv yo ansanm ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo pral responsab pou nenpòt domaj otèl, byen oswa pwopriyete ki lwe, byen pèsònèl oswa imobilye sibi. Paran/gadyen/moun ki okipe timoun la dwe akseptè peye pou nenpòt domaj pitit yo te fè

epi/oswa ede ofisyèl lekòl yo kolekte lajan ki nesèsè pou fè l.

Pou tout deplasman ak tout klas la ki bezwen transpò, se pou yon konpayi transpò komen ki akredite pou fè biznis nan Commonwealth Massachusetts la epi Administrasyon Sekirite Transpòtè Motorize Federal la akredite pou transpò pasaje oswa nan yon veyikil akredite CPS apwouve oswa nan transpò piblik, tankou MBTA, bis, tren oubyen lòt fòm transpò, founi transpò a. Yon konpayi sèvis transpò dwe bay tout sèvis chartè pou deplasman ak tout klas la, epi se pou Commonwealth Massachusetts bay sèvis chartè akreditasyon epi Federal Motor Carrier Safety Administration akredite li pou transpò pataje. Tout founisè ki ofri transpò pou deplasman ak tout klas la oswa deplasman lekòl la òganize dwe bay yon prèv ke chofè (yo) gen akreditasyon Commonwealth Massachusetts la pou kondui veyikil y ap itilize pou transpò pou deplasman ak tout klas la epi/oswa sèvis chartè pou deplasman ak tout klas la. Tout founisè sèvis transpò yo dwe gen yon asirans responsablite pou omwens \$500,000 (senk san mil dola) pou chak ensidan pou chòk kòporèl. Yo p ap itilize okenn founisè sèvis transpò pou bay transpò epi/oswa sèvis chartè pou deplasman ak tout klas la oswa deplasman lekòl la òganize si li gen yon notasyon “kondisyonèl” oubyen “pa satisfèzan” Administrasyon Sekirite Federal Transpòtè Motorize a. Pa gen anyen nan politik sou deplasman ak tout klas sa yo ka entèprete pou anpeche deplasman ak tout klas la kote elèv yo mache pou deplase.

Itilizasyon veyikil prive oswa ki tibis ki lwe pou transpòte elèv pou ale epi pou tounen de deplasman ak tout klas la, evènman atletik oswa deplasman lekòl la òganize estrikteman entèdi, eksepte nan sitiwayson yon vre ijans. Se rektè/direkè lekòl la epi/oswa Lidè Deplasman an ki pral fè detèminasyon si gen yon vre ijans, si Rektè/direkè lekòl la pa la. Estaf la ak paran/gadyen/moun k ap okipe elèv yo ki itilize pwòp veyikil yo pran risk pou yo responsab jiridikman pou nenpòt chòk yon elèv sibi pandan li nan veyikil la.

Aranjman pou dòmi lannwit dwe fèt alavans aprè yo pran an konsiderasyon sekirite ak sirte epi, chak fwa sa posib, evite deplase ant minwi ak 6è:00 a.m., itinerè deplasman yo ta dwe kite ase bone pou kite ase tan pou chofè yo repose konfòmman ak egzijans federal kantite lè sèvis ak bon sans epi pran an kont posibilite

reta akòz lameteyo, sikilasyon ak faktè yo pa ka prevwa.

W ap jwenn direktiv espesifik pou deplasman ak tout klas la sou wèbsayt nou an nan: www.cpsd.us

56. Vaksinasyon

Lwa Eta a egzije ke anvan yo enskri elèv yo lekòl, yo dwe vaksine kòrèkteman kont difteri, koklich, tetanòs, woujòl, ribeyòl, malmouton, polyo ak epatit B ak lòt maladi ki simaye, jan depatman sante piblik endike sa detanzantan. Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun responsab pou fè elèv la pran tout vaksen li yo.

57. Patisipasyon Fanmi a

CPS konnen ke fanmi yo se premye pwofesè timoun yo. Paske tout moun swete epi merite respè pou fanmi nou ak pou diferans kiltirèl nou yo, CPS ankouraje chak elèv, manm fanmi ak edikatè pou yo sansib epi pou yo respekte diferans ki gen nan tout kominote lekòl la. N ap ankouraje fanmi yo pou: (a) yo vin konsyan de sa pitit yo ap aprann; (b) poze kesyon konsènan edikasyon pitit yo; epi (c) sipòte elèv yo pandan y ap aprann. Objektif patisipasyon fanmi a nan CPS se devlopman yon patenarya ant lakay ak lekòl pou asire tout timoun yo tounen moun k ap aprann pandan tout lavi yo. Pou jwenn yon kopi Politik sou Patisipasyon Fanmi CPS la, kontakte rektè/direkè lekòl la.

58. Politik sou Pasaj ak Redoubleman

Komite Lekòl Cambridge la konnen chak timoun devlope sosyalman, emosyonèlman ak entelekyèlman selon pwòp ritm pa li epi chak timoun dwe jwenn posibilite pou pwogrese san rete nan anviwònman lekòl ki satisfè bezwen endividyèl yo. Yon elèv ki gen difikilte pou jwenn siksè lekòl la gendwa avanse nan pwochen klas la, lè selon opinyon rektè/direkè lekòl la, baze sou opinyon estaf lekòl la ak paran/gadyen/moun k ap okipe timoun yo, pasaj nan pwochen klas la nan enterè elèv la.

Elèv yo ta dwe pase nan pwochen klas la jiskaske yo fin fè lekòl la. Lè yon elèv ap goumen pou atenn estanda ki bon pou nivo klas li, estaf lekòl la, elèv yo ansanm ak paran/gadyen yo pral kolabore pou adapte sèvis sipò yo pou ede elèv la jwenn siksè.

Redoubleman se yon solisyon yo ta dwe itilize an dèye rekou epi li pral fèt sèlman aprè yo reflechi anpil epi yo mete anplas yon plan entèkansyon pou redoubleman. Eksepte pou elèv jadendanfan ki akòz laj yo pral rete nan menm klas la pou yon dezyèm lane, yo gendwa fè yon elèv double pa plis pase yon fwa anvan li antre nan lise. Desizyon yo pran konsènan elèv yo ki gen yon IEP dwe konsistan ak konklizyon Ekip IEP an. Desizyon pou fè yon elèv double, se rektè/direktè lekòl bilding lan ki pral fè l, an konsiltasyon ak manm estaf ki apwopriye a epi paran/gadyen yo. Nan nivo lekòl prime ak lise, si paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la pa dakò ak desizyon an, rektè/direktè lekòl la pral ekri yon korespondans yo pral mete nan dosye kimilatif elèv la ki ateste rekòmandasyon rektè/direktè lekòl la, anmenmtan li otorize paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan pran desizyon final la. Nan nivo lekòl segondè, akimilasyon kredi apwopriye pral detèmine sityasyon elèv' la konsènan enskripsyon nan yon klas, eksepte si konklizyon Ekip IEP a deside yon lòt bagay.

Yo pa kapab fè double yon elèv ki fin pase yon klas oswa otorize li pou li double yon klas pou li kapab amelyore konpetans li oswa pwolonje kalaifikasyon li pou patisipe nan pwogram atletik andeyò korikolòm la.

59. Administrasyon Medikaman ak Preskripsyon ak Jesyon Alèji ki Gendwa Tiye Elèv la nan Anviwònman Lekòl la

Se politik CPS pou mete pwosedi anplas pou administrasyon medikaman preskripsyon ki san danje ak kòrèk bay elèv k ap frekante CPS epi pou abòde kesyon ki gen pou wè ak jesyon alèji ki kapab menase vi elèv la nan anviwònman lekòl la. W ap jwenn pwosedi yo k ap sipòte politik sa a nan: bit.ly/CSPSPolicies Si pitit ou an bezwen gen medikaman preskripsyon yo administre pandan jounen lekòl la oswa yon plan pou jere yon alèji manje ki kapab menase lavi li, kontakte rektè/direktè lekòl la.

60. Politik Byennèt

Komite Lekòl Cambridge la konnen relasyon ki genyen ant byennèt elèv ak akonplisman elèv yo ansanm ak enpòtans yon politik byennèt distri ki konpreyansif.

Konsèy Byennèt

Komite Lekòl la te deziyen Sipèrèntandan Lekòl y oak moun Sipèrèntandan an deziyen pou etabli yon Konsèy Byennèt ki gendwa sèvi kòm resous an rapòak enplemantasyon ak evalyasyon politik sa a.

Direktiv Nitrisyon yo.

Objektif distri lekòl la se pou tout elèv yo gen opòtinite, sipò ak ankourajman pou fè chwa nitrisyon ki sen pandan tout jounen lekòl la nan repa, tigoute ak bweson yo ofri nan pwogram repa lekòl, pandan lòt lè pandan jounen lekòl la tankou pa egzant grasa edikasyon sou manje ak nitrisyon ki entegre nan korikolòm lasante, jaden lekòl ak nan evènman lekòl ki òganize andeyò lè lekòl la.

Pwogram sèvis manje pou distri lekòl la pral bay elèv yo aksè nan dives manje ak bweson ki bon mache, nitritif ak apètisan ki:

- * satisfè bezwen sante ak nitrisyon elèv yo epi ki respekte règlemantasyon repa lekòl USDA yo;
- * respekte règleman Lekòl Nitrisyon Massachusetts (Massachusetts School Nutrition) la, jan sa aplikab;
- * ki teni kont de divèsite relijyèz, etnik ak kiltirèl gwoup elèv yo nan planifikasyon repa yo;
- * ki ofri yon anviwònman ki pwòp, san danje epi plezan aka se tan pou elèv yo manje; epi yon minimum 20 minit pou lench epi 10 minit minimum pou tidejne, aprè yo fin chita;
- * asire pa gen okenn elèv ki bezwen rete vant li vid pandan li lekòl la ;
- * lekòl yo pral respekte estanda nitritif Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health) la pou manje ak bweson konpetitif, ki gen ladann machin ki vann pwodui, atik a la carte yo ofri nan kafeterya lekòl la, evènman lekòl la òganize oubyen ki gen pou wè ak lekòl la.
- * Anplisdesa, lekòl yopral kenbe menm estanda Massachusetts yo pou stand konsesyon yo, vant booster, aktivite kolèk lajan ak evènman lekòl la òganize oswa evènman ki gen pou wè ak lekòl la.

Edikasyon Fizik ak Aktivite Fizik

Objektif distri lekòl la se pou tout elèv yo gen opòtinite, sipò ak ankourajman pou rete aktif fizikman regilyèman pandan tout jounen lekòl la grasa klas

edikasyon fizik (PE), anvan ak aprè aktivite lekòl la, transpò aktif ak entegrasyon aktivite fizik nan korikolòm akademik, chak fwa sa apwopriye. Anplisdesa, pral gen peryòd rekreyasyon chak jou ak je aktif pou elèv ki nan Jadendanfan jiska nan 8yèm klas.

Depatman Sante, Edikasyon Fizik ak Atletik pral bay tout elèv yo, ki gen ladann elèv yo ki gen andikap, bezwen sante espesyal ak sa yo ki nan anviwònman edikasyon altènatif, aksè nan anpil opsyon aktivite fizik ki:

- respekte oswa depase Kad Travay Korikolòm Sante Konplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Health Curriculum Framework) la ak Asosyasyon Nasyonal Estanda Espò ak Edikasyon Fizik (National Association for Sport and Physical Education Standards);
- asire elèv yo aprann konpetans pou aktivite pandan tout lavi yo;
- ofri elèv yo opòtinite pou patisipe nan aktivite fizik grasa yon seri pwogram ki gen ladann, men se pa sa sèlman, ateltism konpetitif ant diferan lekòl nan yon sal ak aktivite ki disponib pou tout elèv yo, kèlkeswa nivo konpetans ou, tankou club aktivite andedan yon sal ak aktivite fizik;
- yo p ap anpeche elèv yo ale nan rekreyasyon ni exkli yo nan klas edikasyon fizik, eksepte si li nesèsè pou retire yo pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt elèv la, lòt elèv yo ak estaf epi/oswa sa gen pou wè ak elèv yo ki gen yon konpòtman, panda rekreyasyon an oswa klas edikasyon fizik la, ki pa respekte kòd konpòtman ki nan *Tiliv sou Dwa ak Responsabilite Lekòl Piblik Cambridge* yo epi/oswa nan règ ki baze nan lekòl la oswa lòt politik Lekòl Piblik Cambridge yo (pa egzanp., politik entèdiksyon pèsekisyon (anti-bullying), politik entèdiksyon diskriminasyon, elatriye), oubyen paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la bay pèmasyon pou yo retire oswa ekskli elèv la.
- Yo p ap refize ni egzije okenn aktivite fizik oubyen rekreyasyon kòm yon fòm pinisyon.
- Tout elèv yo ki nan klas Jadendanfan jiska 8yèm klas pral gen omwens 20 minit rekreyasyon estaf fòm pral aktivman sipèvize, depreferans andeyò, epi pandan tan sa a, lekòl yo pral ankouraje

aktivite fizik modere jiska enèjetik aloral epi yo ka mete adispozisyon yon kote ak ekipman pou sa.

- Yo p ap refize bay elèv yo aksè nan rekreyasyon pou patisipe nan yon konferans ak pèsoneèl anseyan an, fini pwojè oubyen ratrape travay, eksepte nan sikonstans ki pa abityèl.
- Yo pral ankouraje elèv yo estaf la pou yo angaje nan transpò aktif pou ale epi soti lekòl la epi pou sipòte yon mòdvi sen epi aktif depi lè elèv yo byen jenn; yo pral travay pou fè monte bisiklè ak mache rive lekòl vin yon mòd transpò ki pi enteresan.

Aktivite Edikasyon Sante ak Nitrisyon yo

Objektif distri lekòl la pou aktivite sante ak nitrisyon gen ladann:

- elèv yo pral resevwa ankourajman, sipò ak edikasyon pou adopte konpòtman ki sen grasa edikasyon sante, ki gen ladann edikasyon nitrisyon ak aprantisaj sosyo-emosyonèl;
- elèv yo resevwa yon edikasyon sante ki anseye konpetans yo bezwen pou adopte epi kenbe konpòtman ki sen;
- elèv yo resevwa mesaj sante ki konsistan ki soti nan tout aspè pwogram lekòl la;
- estanda korikolòm edikasyon sante ak direktiv yo abòde ni nitrisyon ak ni edikasyon fizik;
- nitrisyon entegre nan korikolòm edikasyon sante a. Estaf la ki bay edikasyon sou lasante ak nitrisyon an pral pran yon fòmasyon ki apwopriye;
- korikolòm sante ak nitrisyon an pral aliye ak Kad Travay Korikolòm Sante Konplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Health Curriculum Framework) la, Estanda National Edikasyon Sante ak Estanda Nasyonal sou Seksyalite epi li pral etabli yon lyen ant edikasyon sante, pwogram repa lekòl ak sèvis kominotè ki asosye yo. Estaf Jadendanfan jiska 5yèm klas la pral patisipe nan fòmasyon edikasyon sante distri a.
- Pwomosyon nitrisyon an pral sipòte epi amelyore edikasyon sou nitrisyon nan salklas grasa eksperyans ak manje nan kafeterya lekòl la sèvis manje distri lekòl la ofri an patenarya ak Depatman Sante Piblik Cambridge la epi grasa

opòtinite pou plante, kiltive epi goute fwi ak legim òganik nan jaden lekòl la.

- Chak fwa sa posib, yo pral kiltive jaden lekòl kòm sous sante ak nitrisyon epi tout jaden yo pral gen ladann fwi ak legim manjab epi itilize pratik òganik.

61. Chòk ki gen pou wè ak Espò epi Twomatism Kranyen

Tout lekòl yo ki koube devan règ Asosyasyon Atletik Entèskolastik Massachusetts (Massachusetts Interscholastic Athletic Association, MIAA) la oblije, selon lwa Eta a, pou elèv-atlèt yo ak paran/gadyen, antrenè, direktè atletik, nès lekòl, ak doktè yo aprann konsekans chòk nan tèt ak twomatism kranyen grasa pwogram fòmasyon ak dokiman alekri. Lwa a egzije pou atlèt yo ansanm ak paran/gadyen/moun ki okipe timoun yo enfòmasyon antrenè yo konsènan chòk nan tèt yo te sibi deja nan kòmansman sezon a. Si yon elèv-atlèt pèdi konesans pandan yon match oubyen yon antrenman, lalwa egzije kounye a pou yo mennen elèv la andeyò teren an oswa antrenman an, epi yo egzije yon sètifikasyon alekri nan men yon pwofesyonèl medikal akredite pou “tounen jwe”. Plis espesifikman, règlemantasyon ki pwomilge dapre lwa Eta a endike, nan pati pètinan li yo, ke “[n]enpòt elèv, ki pandan yon antrenman oswa yon konpetisyon, sibi yon chòk nan tèt oswa yon twomatism kranyen posib oubyen ki montre siy ak sentòm yon twomatism oubyen ki pèdi konesans, menmsi si se pa pou anpil tan, yo pral retire l nan antrenman oswa konpetisyon an touswit epi li pa kapab tounen nan antrenman oswa konpetisyon an menm jou sa a.” 105 C.M.R. 201.010(B).

Paran/gadyen/moun k ap okipe timoun ansanm ak elèv yo ki planifye pou yo patisipe nan nenpòt pwogram atletik dwe pran tou yon klas gratis anliy. De (2) klas gratis anliy disponib epi yo gen ladann tout enfòmasyon lalwa egzije. Premye an disponib grasa Federasyon Nasyonal Antrenè Lise (National Federation of High School Coaches) yo nan: www.nfhslern.com

Dezyèm klas anliy la disponib grasa Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) a nan: www.cdc.gov/headsup

Yon chòk twomatik se yon alterasyon eta mantal akòz sèvo a sekwe andedan krann la akòz yon chòk nan tèt

oswa nan kò a. Se youn nan chòk ki pi konplike pwofesyonèl medikal yo dwe konfwonte, paske siy ak sentòm yo pa toujou klè epi efè ak gravite chòk la gendwa difisil pou detèmine. Pami sentòm ki asosye ak twomatism nan tèt se: maltèt, vètij, konfizyon, amnezi, kèplen ak dezoryantasyon. Pèt konesans konn rive nan mwens ke dis (10) pousan nan chòk yo epi se pa yon endikatè gravite chòk twomatik la. Aprè yon chòk, atlèt la gendwa gen lòt difikilte tankou sansibilite pou limyè ak son, li bliye enfòmasyon, fatig ak chanjman emosyonèl tankou anksyete oswa depresyon.

Pifò atlèt yo ki gen yon chòk twomatik kapab refè nèt akondisyon sèvo a gen tan refè anvan li pran yon lòt chòk; sepandan, li pa apwopriye pou baze sèlmans sou atlèt ki rapòte yomenm sentòm yo genyen pou detèmine li refè aprè chòk li pran an paske anpil elèv-atlèt pa okouran siy ak sentòm chòk la, gravite chòk twomatik nan tèt reprezante oswa yo gendwa santi presyon nan men antrenè, paran/gadyen yo, manm ekip yo oubyen lòt moun pou retounen nan match la rapid jan sa posib. Youn oswa plizyè nan faktè sa yo pral lakòz yo pa dyagnostike tout ka moun ki pran chòk sa a epi elèv la pral retounen nan match la twò bonè. Larechèch montre ke jenn atlèt ki sibi chòk twomatik ki retounen nan match la anvan sèvo yo geri wotman vilnerab pou sendwòm post-chòk twomatik oubyen, nan ka ki ra, yon chòk newolojik katastwofik yo konn rele Sendwòm Dezyèm Enpak (Second Impact Syndrome) la. Kidonk, CPS ankouraje swen ki dekri annapre a lè atlèt yo sibi yon chòk twomatik pandan yon evènman lekòl la òganize:

1. Lè yon elèv pran yon chòk, atlèt ki blese a ta dwe rapòte san pèdi tan chòk la ba antrenè atletik la, kotch la ak nès lekòl la.
2. Lè yon chòk rive, ki gen ladann yon chòk nan tèt oubyen yon twomatism posib oubyen elèv la gen siy ak sentòm yon twomatism oubyen li pèdi konesans, yo pral notifye paran/gadyen/moun k ap okipe timoun la epi atlèt ki pran chòk la ta dwe ale nan sal dijans opital lokal la oswa analize eta li ak doktè swen prensipal li pou asire yo pa bezwen swen medikal.
3. Li trè enpòtan pou kominike. Apresa, yon Ekip swen ki gen ladann doktè prensipal atlèt ki pran chòk la ak paran/gadyen yo ansanm ak antrenè atletik, nès lekòl, pwofesè,

coach prensipal ak direktè atletik CPS la ta dwe siveye si pa gen sentòm ki parèt apre chòk la.

4. Mete atlèt blese a fè yon seri test ki gen ladann yon konbinezon sentòm li dwe rapòte limenm, ekilib ak tès neuro-koyitif. Evalyasyon konbine a pral bay yon evalyasyon ki pi sansib epi pi objektif sou efè chòk twomatik ki pral pèmèt pibyen detèmine lè pa gen danje pou atlèt la rekòmanse jwe.
5. Yo p ap otorize atlèt ki blese a tounen nan match oswa antrenman an jiskaske yon antrenè atletik akredite epi sètifye nan CPS otorize atlèt la rekòmanse jwe.

62. Politik sou VIH/SIDA

CPS pa fè diskriminasyon akòz VIH/SIDA oswa asosyasyon ak yon lòt moun ki gen VIH/SIDA. Timoun kap viva k VIH/SIDA gen dwa pou benefisye menm dwa ak privilèj ki gen pou wè ak frekansyon ak patisipasyon nan edikasyon andedan CPS tankou lòt timoun k ap frekante lekòl CPS yo. Estaf epi/oswa elèv yo ki gen VIH/SIDA pa oblije revele yo enfekte ak VIH/SIDA. Divilgasyon sa a kapab fèt sèlman ak konsantman alekri eksprè moun lan oswa paran/gadyen/moun k ap okipe timoun lan si yo gen mwens ke dis-uit (18) lane. Risk transmisyon VIH nan yon anviwònman lekòl trè ba lè yo swiv yon fason ki konsistan direktiv kontwol enfeksyon inivèsèl yo epi tout anplwaye yo oblije pran epi respekte prekosyon inivèsèl yo nan tout anviwònman lekòl la epi padnan tout lè gen lekòl. Yon kopi konplè politik VIH/SIDA distri a afiche sou wèbsayt distri lekòl la.

63. Anseye Elèv yo konsènan Dwòg, Alkòl, Taba ak Prevansyon Konsomasyon Abizif Sibstans (Alkòl ak Dwòg)

Lekòl Piblik Cambridge yo bay edikasyon ki apwopriye pou laj elèv yo, ki baze sou devlopman yo, konsènan dwòg, taba ak pwogram prevansyon konsomasyon abizif dwòg nan tout klas yo. Objektif pwogram edikasyon sa a se pou edike elèv yo konsènan konsekans izaj abizif dwòg ak alkòl, ki gen ladann konsekans jiridik, emosyonèl, sikolojik ak sosyal alkòl, taba ak lòt dwòg. Pwogram edikasyon an eseye ede elèv yo devlope kapasite po upran desizyon ki enfòmè,

pou gen estrateji efikas pou fè fas ak detrès emosyonèl epi pou reziste presyon gwoup po upran alkòl, taba ansanm ak lòt dwòg. W ap jwenn yon kopi tout politik distri lekòl la sou wèbsayt distri lekòl la.

64. SBIRT (Tès, Entèkansyon Kout ak Referans nan Tretman)

Pou eseye anpeche elèv yo pran sibstans kontwole yo oubyen pou entèvni bonè lè li fèk kòmanse itilize yo Lekòl Piblik Cambridge yo itilize yon tès ki baze sou entèvyou ki rele SBIRT pou tout elèv 7yèm ak 9yèm klas yo konsènan itilizasyon alkòl, mariwana ak lòt dwòg toujou. Sesyon tès dire anviwon senk (5) minit epi nès lekòl oubyen yon estaf ki fòmè nan depatman oryantasyon lise a òganize yo an sekrè antanke yon kesyonè prive.

Moun k ap òganize tès la pral ofri yon fidbak kout bay nenpòt elèv ki deklare l ap itilize sibstans kontwole oswa ki gen risk pou li konsome abizivman sibstans kontwole pidevan epi tout elèv yo ki patisipe nan tès la pral resevwa sèten materyo edikasyon ak yon lis resous. Si sa nesèsè, yo pral refere elèv la al jwenn yon nès lekòl ouyen yon manm ekip la pou yo kapab evalye li plis toujou.

Rezilta tès yo pa nan dosye lekòl elèv la epi pa gen okenn aksyon disiplinè yo pran akòz konklizyon moun k ap administre tès la, epi yo p ap mete deyò rezilta yo bay nenpòt estaf lekòl la apa ekip SBIRT la.

Paran/gadyen/moun k ap bay elèv yo swen pral resevwa tou yon avi alekri anvan pou yo administre tès la epi yo pral gen dwa pou retire pitit yo nan tès la.

65. Evalyasyon Korikolòm yo

Lekòl Piblik Cambridge yo itilize dives evalyasyon pandan ane lekòl la pou kapab kolekte prèv sou konpreyansyon elèv la epi pou oryante desizyon ki gen pou wè ak ansèyman an. Pandan edikatè yo ap itilize evalyasyon fòmatif ki aliye ak objektif enstriksyon yo, Lekòl Piblik Cambridge yo administre tou MCAS 2.0 ak evalyasyon distri ki komen yo itilize pou detèmine kijan tout elèv yo ap debwouye yo nan matyè kilatif ak kijan sou-gwoup yo ap pwogrese pa rapò ak tout elèv yo ansanm ak pou ofri enfòmasyon konsènan

mankman nan korikolòm la ak bezwen aaprantisaj pwofesyonèl.

Gen plis enfòmasyon detaye ki afiche konsènan kalandriye evalyasyon yo pou klas jadendanfan jiska 5yèm klas, 6yèm klas jiska 8yèm klas ak pou 9yèm klas jiska 12yèm klas sou wèbsayt distri lekòl la nan bit.ly/CPSci epi w ap kapab jwenn yo tou nan men rektè/direkè lekòl pitit ou an.

66. Entèdiksyon Kont Izaj Tab sou Pwopriyete Lekòl la

Li entèdi pou nenpòt moun, ki gen ladann pèsònèl lekòl la itilize nenpòt ak tout fòm pwodui taba andedan bilding lekòl la, enstalasyon lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen nan bis lekòl la. Ekspresyon "pwodui taba" siyifi taba ki gen nenpòt fòm, ki gen ladann men se pa sa sèlman, sigarèt, siga, snuff, taba pou moulen, sigarèt elektwonik, vaporize nikotin, pwodui taba ki pa bayn fimèn ansanm ak lòt pwodui sanblab. Politik sa a aplikab pou tout evènman lekòl la òganize epi/oswa evènman ki gen pou wè ak lekòl la, ki gen ladann match atletik, kèlkeswa si evènman sa yo rive sou pwopriyete distri lekòl la oswa andedan limit distrik la. Pwopriyete epi/oswa teren lekòl la defini

kòm tout teren an jiska nan koub twotwa a ki antoure chak lekòl. Espesifikman, teren Cambridge Rindge and Latin School gen ladann teren Bibliyotèk Piblik Cambridge la yo konsidere teren lekòl la pou tout politik ki aplikab pou elèv yo.

Yo pral bay nenpòt manm estaf la yo detèmine ki an vyolasyon politik sa a yon sanksyon disiplinè. Sou labaz sikonstans espesifik yon vyolasyon egzijans sa yo, yon elèv gendwa sibi mezi disiplinè epi yo gen dwa refere li nan yon pwogram edikasyon Vil la/pwogram edikasyon lasante ki apwopriye osijè asistans ak taba epi/oswa pwogram konsomasyon abiziv sibstans kontwole.

Anplisdesa, konfòmman ak politik Vil Cambridge la osijè kreyasyon yon "zòn entèdiksyon fimèn" toutotou bilding minisipal yo, yo pral mete anplas yon "zòn entèdiksyon fimèn" andeyò tout antre yo, ouvèti vantilasyon lè yo ak fenèt ki kapab louvri nan bilding Lekòl Piblik Cambridge yo sou yon distans ven (20) pye.